

Kushandurwa KweZvinyorwa

Bhuku 1

NaLouis Rushmore

© 2000

Louis Rushmore

Cameron, West Virginia

rushmore@gospelgazette.com

www.gospelgazette.com

www.worldangelismlibrary.org

www.worldangelism.org

Bvumo Kubva:

World Evangelism Publications
Winona, Mississippi

E-Mails: Choate@WorldEvangelism.org
worldevangelism1962@gmail.com

Websites:

www.worldevangelism.org
www.worldevangelismlibrary.org
www.gospelgazette.com

InDesign Layout For Shona Translation:

Shane Fisher

Rakanyorwa mururimi rwechishona naTomson Mlawuzi

Email: tomsonmlawuzi@gmail.com

(+263) 772941890

Hatcliffe church of Christ Harare

Rakatsikiswa na:

Tawanda Godwin Marandure:

(+263) 772625642

Manyame Park church of Christ

Box ZG 4

Zengeza

Chitungwiza

manyamepchurchhofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

Rakatsikiswa Newe:

World Evangelism Publications

Zvirimukati

CHITSAUKO 1: CHIBAYIRO CHEKURURAMISIRA	4
CHITSAUKO 2: NJODZI KUMAROPAFADZO	9
CHITSAUKO 3: VATORWA NEVAPFUURI	13
CHITSAUKO 4: MUNGUVA DZAKAITA SEIDZI: KUGARA MUMBA MUNAMWARI	17
CHITSAUKO 5: KUFURIDZIRWA KWEZVINYORWA	25
CHITSAUKO 6: MWENJE UNOPFUTA NEKUPENYA	29
CHITSAUKO 7: KUPFEKA: TSVAKURUDZO YEZVEBHAIBHERI, KUNYORWA	34
CHITSAUKO 8: KURAMBANA NEKURORANAZVE: CHIRWERE CHEMAZUVANO	39
CHITSAUKO 9: BASA REVAKADZI MUKEREKE	46
CHITSAUKO 10: ZVIDHORI MUAMERICA	50
CHITSAUKO 11: KUSAZVIPINZA MUNATAISIREVA	53
CHITSAUKO 12: RUCHENGETEDZO RWAMWARI	59
CHITSAUKO 13: HUTUNGAMIRI HWEKEREKE YETESTAMENTE ITSVA	63
CHITSAUKO 14: KUTSAUKA PAKUTENDA PAKORINTE	66
CHITSAUKO 15: CHIVI CHESODHOMA, I	70
CHITSAUKO 16: CHIVI CHESODHOMA, II	72
CHITSAUKO 17: MUDUMBU REHOVE	75
CHITSAUKO 18: HAPASINA NDEGERERO	77
CHITSAUKO 19: TAKAPONESWA NEI?	81
CHITSAUKO 20: KURARAMA KWEMUKRISTU: KUZVIDZORA, KURURAMA, NEKUNAMATA	85
CHITSAUKO 21: KUBHABHATIDZWA: KUNOVA KUSASWA, KUDIRWA, KUNYIKWA HERE?	89
CHITSAUKO 22: MICHINJIKWA MITATU	92
CHITSAUKO 23: NDIRI KUFA!	94
CHITSAUKO 24: ZVINHU ZVAKAOMA: PAMUSORO PAAMAI NABABA.....	96
CHITSAUKO 25: KUBATANA KWEVANHU VAMWARI	99
CHITSAUKO 26: MUZUVA RAKAITA SEIRI	103
HURONGWA HWAMWARI HWERUDZIKINURO	105

Chitsauko 1: Chibayiro Chekururamisira

Rimwe redambudziko rwakaomarara chandodutu rakavira guta reWashington D.C. muna 13 Ndira 1982. Zvonova zvakasvika kuti michovha itadze kufamba munzira zvakaita senzira yemu 14 street Bridge Complex. Zvakabatanidzira nekubatanidza nharaunda yeColombia kusvika kuArlington Country, Virginia.

Chandodutu ichi chakasvika kunyangwe pakuvharisa nhandare yendege yeWashington National Airport kwekanguva yainge iri chinhambwe. Pakati pendege dzakasvika pakukanganiswa paive neBoeing 737-222 yakasungwa muFort Lauderdale, Florida. Yaive ndege yemuzinda veAir Florida Flight 90, yaive nevanhu makumi manomwe nemana vaisanganisira vana vacheche vatatu nevashandi vemo vashanu. Munguva dzaisvika kana kudarika awa nemaminetsi makumi mana nemashanhu mushure menguva yekusimuka, kwendege munguva zemasikati zvekuma 3:59 madekwana. Ndege yejetu yakabururuka yakananga kumaodzanyemba ndokuenda kuruboshwe. Nzira yeAir Florida Flight 90 yainge yakakura zvekudarika kureba kudarika zambuko rwemu 14 street.

Munguva dza 4:01 kumadekwana mushure memaminetsi maviri ichangobva kumbiruruka, yakatadza kuramba ichimbururuka kuenda mudenga, yakatanga kudoona ndege iyi 737 yakasvika pakudonhera pamusoro pezambuko re 14 Street. Ndege iyi yakapwanya motikari dzinosvika nomwe dzaive pasi pedenga rayakadonhera nedzimwe motokari dzina dzaive pedyo. Zvakare yakabvarura fenzi yainge yakareba mamita zana nemakumimasere isati yadonera pazambuko nechekumapeto kwakadzika kwewizi. Ndege yakashaika kukukasara besu rayo rainge radambuka iro rakayangarara pamusoro pemvura. Munguva iyoyo vachairi vemichovha wana vakakuvara, vamwe vacho wana vakasvika pakufa, vamwe pane vanhu vaive mundege vatanhatu vakafa, Vainge vakatakurwa nendege vashanu nemushandi vemundege vakakwanisa kubuda mumvura vakakwira kuchikamu chechidimbu chendege.

Vakasvika mukubatsirwa neboka reNational Park Service vakauya nendege. Vakadzikisa tambo yakananga pane mumwe murume airatidzika kuve nemakore anosvika makumi mashanu asi iye akasvika pakugandira tambo iya kwaive neumwe vevainge vararama. Izvi akaramba achizviita mukudzoka kwairamba kuchiiita dege iye kanokwana kana. Apo ndege yakazodzoka kechitanhatu Arland D. Williams, Jr. ainge asisipo. Akanyura mumvura murwizi rePotomac. VaWilliam vakasarudza kusava munhu anozvisarudza kubudikidza nokuraramisa vamwe kutanga vaaisaziva zvekusvika mukurasikirwa nehupenyu hwake! Mumwe murume zvakare mumakore anosvika zviuru zviviri akapfuura mumwe murume akasvikavo mukuzvipira kusarudza kuva nyakurwadziva mukuraramisa vatorwa. Zvirokwazvo murume uyu ndiJesu Kristu.

Inzwi rekuti Kururamisira rinoreva kuti: “1 a : Kuitira vamwe pachinzvimbo chekuzviitira mukuda mbiri kana rukudzo ... 2: Zvinoitwa mukutambudzika mumwe munhu nechido chekuda kwemumwe unenge ichida kubatsira mumwe: SEKUTSIVIRA CHINZVIMBO (Kuzvipira kwekururamisira).” (Merriam Webster’s Collegiate Dictionary. Springfield, Massachusetts: Merriam Webster, Inc., 1993.)

Chinangwa chehukama hwedu naJesu Kristu, uye nekubudikidza Naye kuyanana kwedu muukuru hwaMwari zvinechekuita nekuzvipira Kwake kuitwa chibayiro chekururamisira saIshe vedu. Evangeri pachezvaro rinotsanangura kuzvipira kwechibayiro chekururamisira kwekufa kwaKristu. Vakorinte vekutanga 15:1-1- inoratidza kuve inotsanangura zvinoreva Evangeri, muchidimbu kunova: kufa, kuvigwa nekumuka kwaJesu Kristu. Ndima yechitatu inoverenga: “Nokuti pakutanga ndakakupai izvo zvandakagamuchiravo, kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa paMagwaro.” Chirevo chekuti “maererano nepaMagwaro” Chinosanganisira Isaya 53.

“Asi akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akarwadziwa nokuda kwezvakai-pa zvedu: uye kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake, uye takaporeswa namavanga ake nokuti akadurura mweya wake kukufa, akaverengwa pamwechete navadariki; uye akatakura chivi chavazhinji, uye akanyengeterera vadariki” (Isaya 53:5,12).

Jesu Kristu nerudo rwake, akazviita chibayiro chechivi nokuda kwedu. “Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave nezvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari” (2 Vakorinte 5:21).

“Uye fambai murudo, Kristu sezvaakakudai vo, akazvipa nokuda kwedu, kuti ave chipo nechibayiro kunaMwari, zviite hwema hwunonhuwira” (VaEfeso 2:5). “Iye wakazvipa nokuda kwezvivi zvedu, kuti atisunungure kunyika yakaipa yazvino, nokuda kwaMwari, Baba vedu” (VaGaratia 1:4).

MuZvinyorwa zvapfuura kunze kwekutura kwaIsaya zvakanyorwa nekufuridzirwa kwemuapostora Pauro. Zvakare Mutestamente Itsva, Jesu nevaapostora Vake nevamwe vanhu vange vakafuridzirwa vanotaridza kuzvipira kuve chibayiro chekururamisira kwakaitwa naJesu Kristu nokuda kwedu. Jesu akati: “Hakunomunhu unorudo rukuru kunourwu, kuti munhu arashire hama dzake vupenyu wake” (Johane 15:13), uye “Zvakaita soMwanakomana womunhu usina kuvuya kuzoshumirwa, asi kushumira, nokupa vupenyu hwake ruve rudzikinuro rwavazhinji” (Mateo 20:28).

Petro akanyora kuti: “Iye wakatakura amene zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuti isu, kana tafa kuzvivi, tiraramire zvakarurama: Iye wamakaporeswa namavanga ake” (1 Petro 2:24) uye “Nokuti naKristu wakatambudzika vo kamwe chete pamusoro pezvivi, iye wakarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiise kunaMwari; wakavurawa hake panyama, asi wakararamiswa nomweya” (2 Petro 3:18).

Muapostora Johane akati: “Ndozvatinoziva rudo rwaMwari nazvo, kuti wakatipa vupenyu hwake; nesu vo tinofanira kupa hama vupenyu hwedu. (1 Johane 3:16). Munyori vechiHeberu vakanyora kuti: “.... asi zvino wakavonekwa kamwe chete pakupedzisira kwenguva, kuti aparadze zvivi, nokuzviita chibairo saizvozvo Kristu, wakaitwa chibairo kamwe chete, kuti atakure zvivi zvavanhu vazhinji, ...” (VaHeberu 9:26,28). Kunyangwe kunyorwa kwepaMweya kwekunamata Munguva yemuEvangeri inomira sechibairo chakuzvipira kwakakosha kubudikidza nekufa kwaJesu Kristu nokuda kwe-du “Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, mu-noparidza rufu rwaShe, kusvikira achivuya (1 Vakorinte 11:26). Kuzvipira kufa kwaJesu nokuda kwekururamisira kwakaita kuti Makristu akwanise kunamata kuna Baba sezvi-notaridzwa muna (1 Vakorinte 15:1-5), chinangwa chikuru cheEvangeri chinova, kufa, kuvigwa nekumuka kwaJesu Kristu “Asi isu tinoparidza Kristu, wakaroverwa pamuchin-jikwa.... (1 Vakorinte 1:23).

Kukosha kwechibairo chekuzvipira kufa kwaJesu Kristu kunozviratidza kubu-dikidza nekudeura kwaakaita ropa Rake. Testamente Yekare yakazara nezvinyorwa zvinotaura pamusoro pekupirwa kwemuka kwaitwa pasi pemadzibaba nemutsika dz-echiJudha, ropa iro raifananidzirwa ropa rechibairo kuuya kwechibairo chakarura-ma - Jesu Kritsu (VaHeberu 9). “Naizvozvo mifananidzo yezviri kudenga yaifanira kuti inatswe nezvibairo izvi; asi zvinhu zvokudenga zvimene kuti zvinatswe nezvibairo zvinopfuvura izvi nokunaka” (VaHeberu 9:23). Testamente Itsva yakazadzwa nezvin-yorwa zvekuponesa kweropa raIshe vedu (Mabasa 20:28; VaEfeso 1:7; Vakorose 1:14; Zvakazarirwa 1:5).

Chikamu chechimi cheregerero muzvinyorwa zveBhaibheri zvinorondedzera kuzvipira kwaKritsu kufira vanhu. “kudzikunura” zvinoreva “kusunungura”. Hapa-na zvinhu zviripanyika, kusanganisira nenyika yacho pachezvayo, zvaikwanisa kutenga kana kuripira kunyangwe mweya umwechete zvavo. Nokuda kwechikonzero ichi. Pa-kave nekuzvipira kwekuita chibairo kwakaitwa neMwanakomana vaMwari vakarur-ama anova muponesu vedu. Ropa reuMwari rakadeurwa kuve chibairo nokuda kwe-du, ndiyo nzira itsvene uye Mwari akayanaisa nayo mutadzi, vanhu vaininge vatsauka kuvadzosa Kwaari. “Nokuti zvatakayanaiswa naMwari nokufa kwoMwanakomana wake, tichiri vavengi vake, zvikuru tichaponeswa kana tayanaiswa novupenyu Hwake” (VaRoma 5:10).

“Muchiziva kuti hamuna kudzikinurwa nezvinovora, nesirivheri kana ndara-ma, pamufambire wenyu usinamaturu, wamakasiyirwa namadzibaba enyu; asi neropa raKristu, seregwaiana risina charingapomerwa, risinoruvira; iye wakazikanwa kare, nyika isati yavambwa, asi wakaraidzwa pakuguma kwenguva nokuda kwenyu” (1 Petro 1:18-20).

Jesu akapa hupenyu hwake nokuda kwenyika yakange yakafa muchivi, kuti irarambe (Johane 6:51; 10:11, 15). Kunze kwendima iyi yataurwa yakanyorwa pano, mune dzimwe ndima dzinotaura zviripachena pamusoro pekuzvipira kwaKristu kuve chibayiro kuitira kuti tikwanise kurarama (VaRoma 4:25; 5:6; 1 Vakorinte 8:11; 2 Vakorinte 5:14-15; VaGaratia 2:20; 1 VaTesaronika 5:10; 1 Petro 4:1).

Nokuti Chinangwa chaIshe chainge chiri chekutsvaka nokuponesa vakarashika (Ruka 19:20). Jesu Kritsu ndiye muvambi vechibayiro cheruponeso nokusingaperi kune vose vanomuteerera (VaHeberu 5:8-9). Jesu ndiye mukuru veruponeso rwedu, urwo akaita kubudikidza nokutambudzika Kwake pachinzvimbo chedu.

“Asi tinomuvona, iye Jesu, wakaitwa muduku zvishoma kuvatumwa, nokuda koku-tambudzika kworufu, wakashongedzwa korona yokubwinya nokukudzwa, kuti nokuda kwenyasha dzaMwari aravire rufu achiitira munhu wose. Nokuti zvakanga zvakafanira kuti iye, wakaitirwa zvinhu zvole, vuye wakaita zvinhu zvole, pakuisa kwake vanakomana vazhinji pakubwinya, akwanise Mutungamiriri wokuponeswa kwavo nenzira yokutambudzika” (VaHeberu 2:9-10).

Muchidimbu Jesu akatifira kuitira kuti iwe neni tikwanise kurarama. “Asi Mwari unoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi (VaRoma 5:8). Jesu aikwanisa kuzviponesa sezvaikwanisa kuitwa William, Jesu zvakare aikwanisa kuzvidzivirira, dai aida kukumbira kuna Baba Vake vaimupa vatumwa vanopfuvura mapoka ezviuru zvamazana zvineguminemaviri (Mateo 26:53). Asi zvisinei, Ishe vedu vakazvipira kutifira kuti tirarambe. Zvakangoda kufanana nerudo rwakaitwa navaWilliam, Mwari anoda vanhu kuti vaponeswe (2 Petro 3:9). Muapostora Pauro nemoyo unerudo aigaroshuwira kuti vanhu vaponeswe (VaRoma 10:1). Muapostora akakumbira kuna mambo Agirippa kuti atendeuke kuve Mukritsu (Mabasa 26:28-29).

Chimborangarira kumashure pamusoro pendeghe iya Air Florida Flight 90. Pakave nekurasikirwa nehupenyu zvinosuwisa zvikuru. Chisuwiso chinosuwisa zvakanyanya mukufunga kuti William Jr. akafa musiswa 13 Ndira 1982 apo aibatsira vanhu vaaisaziwa. Funga kuti kuchemwa kwakadzi kwaakaitwa zvikurusei neavo vaakabatsira. Tombo ti pane vanhu vashanu vaakabatsira mukuzvipira hupenyu hwake kuti vaponavakave vakabatikana sei mumunzwa kuti muyamuri vavo akafa mishure mukuzvipira kuvabatsira. Zvinova zvinorwadza nekugara mundangariro nokusingaperi. Mukurangarira kuti akazvipira mukuvararamisa kubudikidza neupenyu hwake.

Zvino handizvo zvimwechete here zvatikuita kushaiva hanya nekuitwa kwakaitwa naKritsu. Zvekuti anonzwa shungu kuti vanhu vaakazvipira panyika nekuvafira varikuramba kuva Makritsu? Zvinonyanya kurwadza ndezvekuti avo vakave Makristu vakadzikinurwa kubva murufu rwechivi (VaRoma 6:23), vakadzokera mukusarurama (2 Petro 2:20-22). Vanotaurwa kuti vanenge vachirovera Kritsu zvakare rwechipiri.

“Kana vakazotsauka... nokuti vanorovererazve Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa, vachimunyadzisa pachena” (VaHeberu 6:6). Kufa kwaJesu kunova kusina maturo kune munhu unenge usina kuva muKritsu lana anptamba Chikristu nokuda kwemafaro ezvivi kwemwaka (VaHeberu 11:25).

Muverengi vakatora here maropafadzo eEvangeri yaKristu mukuita kuda kwaMwari? Hurongwa huzhinji hweruponeso usina kumbotaurwa kana kuitika hwakunyorwa nevanhu. Zvisinei, Mwari haatenderi kana kugamuchira hurongwa hwakaitwa nomunhu nezuva rekutongwa. Vanhu vose vachatongwa nemitemo vaMwari iyo vairarama pasipayo (yakaita seyeMadzibaba, yechiJudha kana Chikristu). “Ipapo ndakavona vakafa, vaduku navakuru, vamire pamberi pechigaro chovushe; bhuku dzikazarurwa, neimwe bhuku youpenyu ikazarurwa, vakafa vakatongwa nezvakanga zvakanyorwa mubhuku, sezvavakabata” (Zvakazarurwa 20:12).

Ngatiendei kudenga pamwechete hama! Teerera Shoko raMwari bedzi, rinowandudza kutenda kwezvokwadi (VaRoma 10:17). Tendera kutenda kweBhaibheri kukutungamire kubva kuzvivi zvako (Mabasa 17:30), bvuma Jesu ave Ishe vehupenyu hwako (VaRoma 10:9-10; Mabasa 8:37) uye tenda ubhabhatidzwe mumvura kuti ukwanise kukanganirwa zvivi zvako (Mabasa 2:38).

Chinhu chikuru chaunogashira kana vabhabhatidzwa kusukwa kwezvivi zvako. “Zvino uchanonokereiko? Simuka, ubhabhatidzwe, usukwe zvivi zvako, udane zita raShe” (Mabasa 22:16). Munhu anovedzerwa mumuviri (kereke) vaKristu (1 Vakorinte 12:13; Vakorose 1:18). Mweya unoponeswa panguva iyo unobhabhatidzwa (zvichiteverwa nekunzwa Shoko raMwari, kutenda mariri, kutendeuka pamwe nekupupura Kristu) sekutaurwa kwa1 Petro 3:21. “... rubhabhatidzo, runokuponesai (zvino, rusingarevi kubviswa kwesvina yenyama, asi kutsvaka hana yakanaka kunaMwari) murumukorwa Jesu Kristu.”

Kana munhu akateedzera kunyasha netsitsi dzaMwari mukuita zvineuMwari, akafanirwa kurarama mukuteera muhupenyu hwehupenyu wake vose (Zvakazarurwa 2:10). Kana Mwana vaMwari ukatadza, Mwari vedu vakanaka vanopa ruregerero pamusoro pekuzvinipisa nemunyengtero (Mabasa 22). Shamwaridzangu ngatiendei kudenga pamwechete!

Pindura Mibvunzo:

1. Kurukura nzira idzo munhu mumwechete anokwanisa kutambudzika ruzhinji kana kuda kwemumwe.
2. Kutambudzika kwakadii kwakaita Kristu Jesu nokuda kwedu kuri pamberi kana tichienzanisa kutambudzika kungaitwe nemunhu mukutambudzika nokuda kwehumwe Hwake?

3. Tingaziva sei kuti Jesu akatsungirira mukutambudzika kwekubatsira isu nechido chake?
4. Ndezvipi zvinotiratidza kuzvipira kwekubatsira kwakaitwa naJesu Kritisu kunoratidza sei rudo rwake kuvanhu?
5. Munzira dzipi kutambudzika kwaKristu kunoitika nokuda kwevanhu vaimuti aive asiri Mwanakomana vaMwari?
6. Ndeupi hukama uripo mukutambudzika kwaKristu unochengetedzwa nemadzibaba nemaJudha?
7. Ndeupi hukama huripo mukutambudzika kwekurwadziswa kwaKritisu?
8. Tsanangura matambudziko anovanikwa mukuzvipira kwaKritisu kutifira kunyanya kana umwe achinge aramba kuteerera Evangeri yaKristu. Kana kuti mutendi anosvika mukusateerera Evangeri, zvekusvika mukutadza pamberi paKristu.

Chitsauko 2: Njodzi KuMaropafadzo

Kushandiswa kwakanaka kwemaropafadzo ezvinhu zvinooneka kana kubatika zvepasirino zvakakosha mukufambisa shoko reruponeso. Zvakaita sendege, motikari kana moto, maropafadzo ezvinhu izvi zvinobatika anogona kushandiswa munezvakanaka kana zvakaipa. Somuenzaniso, ndege inokwanisa kuva yakanaka kana kuipa pachezvayo. Inokwanisa kushandiswa mukubatsira kudzikinura vanenge vari mudambudziko kana kuva inomanya nemishonha kana zvingadikanwe zvekurapisa kuhondo. Motokari dzinoshandiswa sekutakurisa varwere kana kuitiswa yekutiziswa nayo mukuparwa kwemhosva. Maropafadzo anofadza muKristu angave akanaka kana akashata anokwanisa kushandiswa zvisirizvo zvinokwanisa kukuwadza mweya vemumwe munhu. Huchenjeri hwakanyanyisa haufanirwe kusvika mukuzvitutumadza kuzviita muziva zvose zvinosvika kuve chituko kuMakristu. Hakuna ruzivo kana njere dzinesimba kudarika Ishe, Mukritisu akafanirwa kuziva kuti zvose zvaainazvo maropafadzo akabva kunaMwari. Makristu anofanirwa kuratidza rudo nekuzvininipisa mukuita sevana (Mateo 11:25). "...kana musingashanduki mukava savana vaduku hamungatongopindi movushe hwokudenga. Naizvozvo aninani unozvininipisa somwana uyu muduku ndiye mukuru movushe hwokudenga" (Mateo 18:3-4).

Nokudaro, Mukristu vakafanirwa kuramba achidzidza huchenjeri muchitendero (Mateo 23:34). "...nesu hatiregi kukunyengeterera, nokukumbira kuti muzadziswe nokuziva kwazvo kuda kwake, pakuchenjera nokunzwisisa kwose kwomeya" (Vakorose 1:9). Nokuti, kazhinji dzidziso dzenyika ino dzinoita kuti munhu "ave anozvitutumadza" nekuzvikudza. Mwari vakaona nyika, zvikurusei kereke yepaKorinte ichishaiwa kunzwisisa kwepamweya, zvisinei nechinzvimbo chavaive nacho cheruzivo nehuchenjeri

pakati pavo (1 Vakorinte 1:21; 3:18-21; 8:1). Kereke inokwanisa kubatsirwa zvikuru uye Evangeri inokwanisa kuparidzwa zvakananyanya kwakawanda uye nekukurumidzira kubudikidza nekuzadzisa mukuturikira ruzivo muuchenjeri (kunyangwe ruzivo rwenyika), zvakare ruzivo rwumwechete irworwo rwakasabatwa zvakanaka rinokuvadza Makristu nekukanganisa kereke muchinangwa chayo.

Nguva chaiyo inokwanisa kuve maropafadzo kana chituko zvichienderana nekuti taishandisei. Nguva yemunhu inokwaniswa kushandiswa mukushandira Satani kana Mwari, asi kwete vose (Mateo 6:24). “Naizvozvo chenjerai kwazvo pakufamba kwenyu, kuti murege kufamba savasina kuchenjera asi savakachenjera; mungwarire nguva yenyu, nokuti mazuva akaipa. Saka musava mapenzi, asi muzive kuda kwaShe” (VaEfeso 5:15-17). Makristu akafanirwa kushandisa nguva nehungwaru mukuita kwavo sevasina nguva varikumhanyidzana nekuvharidzira pakasarira kubva kumashure. Tinofanirwa kuzvisimudzira mukutenda nemukuziva pakushuvira kusvika pachiyero chainge chiina muapostora Pauro apo anosvika kutaura kuti: “Ndarwa kurwa kwakanaka, ndapedza rwendo rwangu, ndakachengeta kutenda; kubva zvino ndakachengeterwa, korona yokururama, yandichapiwa naShe, Mutongi wakarurama, nezuva irero; ndisini ndoga, asi navose vanoda kuvonekwa kwake” (2 Timotio 4:7-8).

Pfuma yepanyika inokwanisa kuve maropafadzo kana chituko, zvichienderana nekuti inenge chashandiswa sei. Avo vanenge vanechinangwa chekupfuma nekuda kuvana pfuma yepanyika kuzadzisa hupenyu hwavo, asi mufungo yavo iyo inosvika mukuvaparadza pamweya (1 Timotio 6:9-10). Hupfumi kunyangwe husina kuuya zvipachena chinhu chinotevedza, vanowana uridzi veChikristu kama chimiro chezvinhu chikawa basa rukuru muhupenyu. “hupenyu hwakanaka,” vakaita seminzwa unosvika mukudimbura Shoko raMwari matiri (Ruka 6:14).

Hupfumi vepanyika haufanire kutitadzisa kunamata. (Mateo 19:21; 1 Timotio 6:19). Makristu anokurudzirwa kuti adzidze “nekugutsikana.” Kana tiine chikafu nezvokupfeka, zvakatokwana (1 Timotio 6:6-8). “Musakarira mari pamugarire wenyu; tendai nezvamunazvo; nokuti iye amene wakati: Handingatongokuregeri, handingatongokusiyi” (VaHeberu 13:5). Hazvina kuipa kuva mupfumi, asi kuti basa reutariri rinosvika pakudzikinurwa nehupfumi (1 Timotio 6:17-18). Mutongo vekudenga ndezvevuti tinotsvaka zvinhu zvemweya pakutanga uye nekuita hanya nezvinhu zvedu zvatinoda panyama, munedzimwe nguva mushure maizvozvo, pamusoro pezvatinokoshesa (Mateo 6:26-34).

Kuva nemasimba kunokwanisa kuva maropafadzo kana chituko. Kumbunyikidzwa kwemasimba kunosakisa kuparadzwa kwezita reChikristu rakanaka nekukanganisa kereke (3 Johane 10-11). Pakuita kwevatariri, vabati, vaparidzi, vadzidzisi, vashandi, mapurisa, vanababa nevamwe vandisina kutaura vanobatsiridza mukuparadza kwavo

uye nekupingaidza avo vavanenge vasangana navo “Kana vakarurama vowanda, vanhu vanofara; Asi kana munhu wakaipa achibata ushe, vanhu vanogomera” (Zvirevo 29:2). Mumaropafadzo ose munhu anotarisirwa kushandisa maropafadzo zvakanaka. Hunhu vakanaka uye chimiro chakanaka zvikashandurwa kuitiswa zvinhu zvakashata zvinova chituko. Runako runokwanisa kufurira munhu kusazvinipisa kana kuita unzenza. Mushinhiro mumwechete unotungamira mutengesesi kana muparidza mukuisa vanhu mukurasika. Nemaropafadzo ose munekuenderana kwekuzvidavirira.

Mukurumbira mukuru, nerukudzo rwenyika mukunzwisisa chokwadi nehunhu. Kuva “nezita rakanaka” rinoratidza kumupimo vemukurumbira, uye hakuna chakaipa kuonekwa sokudaro (Zvirevo 22:1). Nokudaro munhu anofanirwa kusaomesera vakarurama muupenyu hwake kana hupenyu hwevamwe kuramba tichigadzirisa kuremekedzwa uku. Kuve “vamwe vevanhu ava” chinowa chivi, kunyangwe chikave chinhu chinemukurumbira kuchiita (Ekisodho 23:2).

Nokuda kwekupihwa mukurumbira nevanhu “vamwe vevatongi vakuru” pakati pemaJudha vakaramba kuteerera Jesu (Johane 12:42-43). Asi muapotsora Pauro “neboka rikuru remapirisita” ayo mukuzvipira akarasa zvaionekwa sekuzvitsvakira mukurumbira mukurumbira vekunyika rutsigiro rwekungevambira vachitsungirira mubayiro vekudenga. VaFiripo 3:4-8; Mabasa 6:7). Sekutaurika kwakakwana kuti takadanwa neEvangeri, saka mweya mishoma panyika inopindura (1 Vakprinte 1:26). Nokuti mukurumbira nerukudzo panyika hazvina kuipa asi kuti zvinotokupa chiremerera nebasa rekusimbisa nekukurudzira vamwe zvakanaka nokuda kweEvangeri.

Kunyangwe unhu vakanaka uye kuzvipira kubasa kunokwanisa kuti munhu ashore “ruzhinji” kana “vatadzi” (Ruka 18:9-14). Chinhu chakaoma kumunhu kuti kuzvicherechedza kuti haana kusikwa chaizvoizvo kana kuti mumeso aMwari nokuda kwekusakwana kunorarama munevamwe vanhu. “Mukomana vakanaka” munyaya “yemwana mupapadzi” (Ruka 15:11-32) akave “mukomana akaipa” pamusoro pekudzoka kwakaita munun’una vake akazadzwa nokunyara nokutadza kwake. Kugamuchirwa kwaakaita munun’una vake kwakapa kushora nokushora kutsauka kwemuninyina vake. Mukuoma kwakadaro, kunyangwe vana vaMwari vanofanirwa kudzidza kuda vatadzi asi vachivenega chivi. Zvisinei Mwari unoda varombo, asi haadyidzane nechivi (Isaya 59:1-3).

Hembe dzakanaka, motikari, dzimba, dzimba dzekusangana nezvimwe zvandisina kutaura zvinova njodzi, kana tikavimba nazvo pane kuvimba nokutenda kwedu, kuzvipira kunaMwari, mukurarama hupenyu unehuMwari, kuparidza zvimwechete nekutevedza zvomweya” Musada nyika kunyange nezvinhu zviri munyika. Kana munhu achida nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. Nokuti zvose zviri munyika, zvinoti, kuchiva kwenyama, nokuchiva kwameso, nokuzvikudza kwovupenyu, hazvibvi kunaBaba, asi panyika. Nyika inopfuvura nokuchiva kwayo; asi unoita kuda kwaMwari, unogara

nokusingaperi” (1 Johane 2:15-17). Zvakare inova nyaya yechikosheswa.

Kunyangwe hutano hwakanaka kana kuonekera kuve nehudiki mazuvano kunoi-ta kuti munhu ateerera Evangeri. Ngatifungidzire tose tichinzi tichararama kwenguva refu nekusarwadziva kunopfuura kubva munguva yatinenge takarara? Tose tinotarisa kuita zvakakodzera (kusingaperi), kufanoita gadziriso (asi kwete zvino) kuenda kubva munyika? Tinekuvimba here kuti kudzoka kwaIshe mukupzuva ranhasi! sira hakuSViki munguva yedu? Ngativei vakachenjera kuti tisazvidza kutambudzika kukuru kwenguva refu kwaIshe vedu.

“Ishe haanonoki kuita sezvaakapikira, sezvinoreva vamwe vachiti: Hunonoka; asi unomoyo murefu kwatiri, nokuti haadi kuti vamwe varashike, asi kuti vose vasvike pakutendevuka. Asi zuva raShe richavuya sembavha; vusiku naro denga richapfuvura nokutinhira kukuru, nezvedenga zvichaparadzwa zvichipiswa, nenyika namabasa ari mairi achapiswa. Izvi zvose zvazvichaparadzwa saizvozvo, imi munofanira kuva vanhu vakadiniko pamufambire wenyu mutsvene nokunamata Mwari” (2 Petro 3:9-11).

Vanhu vanozviita nyore mukusaziva kuti kungave nemangwana (Zvirevo 27:1). Munhu haazivi chido chaMwari pachake uye kunyangwe neremangwana (James 4:13-15). Pakati pedu unokwanisa kuzoverengwa pakati peuwandu vevamwe vakafa nekuda kwetsaona, kurwisana, kana zvirwere. Zviripachena kuti Mwari vachadzoka uye nguva hatichisina (pada tisati tapedza gore rino kana zuva rino). Zvinoitika zvakare kuti zvinokwanisika kuitika mupfungwa kubudikidza nekukuvara kana zvirwere zvinosanganisira kunatsirudza kwehupenyu vemunhu. Utano hwakanaka nokuratidzika huduku maropafa akafanirwa kushandiswa zvino kuti tisimbise ugaro hwedu kumusha unouya kudenga kumusoro.

Zvinhu zvemaropafadzo epanyama, zvinoratidza zvinogona kuitika zvakaipa kana zvakana mukuitwa mukuvedzerwa. Nokudaro ongororo yakakwana inokohomedza chenjedzo nebasa rakafanirwa kuitwa pose panenge paine ropafadzo. Maropafadzo ose aripo kuti mukunakidza Makristu. Kuvanda kwemaropafadzo kuvandavo kwebasa rekuita. Somuenzaniso, basa rakanaka rinovedzera basa remunhu rekukurudzira nekusimbisa nyika neEvangeri. Maropafadzo akafanana nekufamba nemotokari, kunyangwe yakanaka kana kuipa, anenge achichaira ndiye anosarudza nzira. Urikushandisa sei maropafadzo ako?

Pindura Mibvunzo:

1. Kuzvininipisa neruzivo zvinokanganisa sei kushandiswa kwezvinhu zvepanyama?
2. Tsanangura kuti nguva inoonekwa sei sezvivanikwa kana pfuma?
3. Kunze kwekutarisa hupfumi seupfumi vaMwari, ndedzipi njodzi dzimovanikwa kubudikidza neupfumi?

4. Enzanisa upfumi vepanyika neupfumi hwekumusoro vepamweya.
5. Munzira dzipi simba rehupfumi rinozviratidza kusava rakarurama pakati pevatariri, vabati, vadzidzisi. vashandirwi, mapirisa, varume nemadzibaba?
6. Tsanangura njodzi yerunako, unhu vakanaka uye mukurumbira.
7. Zvinofambasei kuti munhu akanaka, aneunhu vakarurama anosvika mukupinzwa mukuita zvinhu zvechivi?
8. Muzvinhu zvipi zvitatu miedzo inosvika pakukanganisa nazvo vanhu?
9. Utano unekusimba kwekusakwegura kunokonzeresa njodzi sei mumuviri vemunhu?

Chitsauko 3: Vatorwa NeVapfuuri

Chikamu Chekutanga: Kutaura Mukuraira Kweuchenjeri

“Hatina musha panyika Tirifapfuuri” ndeimwe yedziyo dzandinofarira, kubva pandakanzwa nziyo iyi ichiimbwa nerimwe sangano mukuimba kuneudzamu, yainzwikwa munzeve dzangu sokunge ndainge ndiri pakati peboka reMakristu ndichienda kudenga. Kuimba tichikwira kudenga chinhu chandinoshuvira kuti sevapfuuri tichazoimba tichikwira pamwe nehama, nemhuri nevatinoshandidzana navo. Zvakare hatisi vapfuuri bedzi asi tiri vaeni zvakare.

“Vatumwa, kunyange vanovapfuvura nesimba novukuru, havavuyi pamberi paShe nemhosva yokuvapomera nayo. Asi ava zvavanotuka zvavasingazivi, vakaita semhuka dzisinomurangariro, dzakaberekwa kuti dzibatwe, dziparadzwe, naivo vachaparadzwa pakuvora kwavo” (2 Petro 2:11-12).

Abrahamu aive mueni nemupfuuri mukunyorwa kwezvinyorwa mumashoko. Zvisina kupokana mukududzira kwemazwi kwaAbrahamu nehama dzake dzavai-fambanadzo vaiziikanwa nekuva vatorwa (Mateo 26:73; Mabasa 2:7; Vatongi 12:5-6). Kutaura kweVakorinte zvakare kwaivaratidza kusave venyika asi vatorwa. (Johane 17:15-16; Jakobho 4:4; 1 Johane 2:15-17). Mukusanganiswa nevahedheni kwakasvika pakun’oresa ririmi rwerudzi rwechiJudha zvakaita kuti vazhinji vavo vataure rurimi rwechiAshidhoti (Nehemia 13:23-24). Makristu akafanirwa kuve anongwarira nokuti pada vangakwanise (kuvevanofananidzirwa) nekutaura kutaura kwerurimi rwaAshidhoti (somuenzaniso, mutauro venyika). Dzimweni dzenguva kutaura kwedu kunotipandutsa!

Sevafambi, vapfuuri vanova vatorwa munyika isiri yavo, madzibaba havana kukwanisa kugara murunyararo mukugariswa kwevanhu. Nhasi Makristu, anofamba ari munyika yakarasika nedzimwe dzenguva vanotadza kuvirirana mukugarisana nevavakidzani vavo, kunyangwe tichizama kugarisana (1 Timoti 2:2; VaHeberu 12:14). Ichi chinova chokwadi. Regai kuyanana namabasa erima asine zvibereko, asi zvirinani kuti

muraire” (VaEfeso 5:11)!

Maitiro evagari venzvimbo akasiyana zvakanyanya kubva munemaitiro evaeni; mitemo inorambidzwa kuitwa inounza kunetsana pakati pevanhu. Kazhinji tsika dzechivanhu dzakasiyana - siyana mukati menyika mazuvano nekuve vapfuuri kana vaeni vechokwadhi mukati meMakritsu vechokwadhi (somuenzaniso kuroorana nekurambana, kunwadoro, mapfekero, nekubviswa kwepamuviri). Kuita Chikristu munyika kunotorwa sechinhu chitsva munyika ino inekurwara nokutadza, zvinoita kuti kudyidzana kwazvo kuve kunonetsa (2 Timoti 3:12).

Vauyi kazhinji vanovanikwa vari pasi pemitemo nemitemo yakawanda, sezvo vanenge vasiri vemunyika iyi, nokuti mitemo mizhinji yemunyika inogadzirirwa zvizarwa zvayo. Vauyi vanosvika mukusadyidzana nemitemo iyo inenge isina kugadzirirwa vauyi asi vagari, kana kuti vauyi vanokwanisa kuona mitemo isingaenderani nekudyidzana nezvavanofunga. Kereke yekutanga yairambidzwa zvikuru kunyanya nemaJudha (Mabasa 4-5) uye kumberi zvakazorambidzwazve nehutongi vechiRoma. Nhasi uno hurende yakaita mitemo mizhinji iyo inopikisana nemitemo YaMwari (somuenzaniso, kubvumirwa kwedoru, upfambi, kurambana nekupfeka kusina hunhu nechingochani nezvimwe zvakawanda vanda) Kereke yaIshe nokumwe kutaura iripadambudziko huru munyika ino yeuyipi.

Vana vaMwari pamusoro peavo vatinoverenga munhoroondo yemuBhaibheri vaipihwa mhoswa yekukanganisa panguva iyo vairoorana nevatorwa. Kazhinji kunamatwa kwaMwari vaikuchinjanisa nekunamata zvifananidzo netsika dzavo dzainge dzakaora. Nhasi uno kuroora kumunhu asiri Mukristu - kana usinesimba kana Mukristu asingafambe zvakasvatuka - zvinosvika mukukanganisa kukudza Mwari.

Chimwe chinhu chikuru chinoparadza vaeni/vapfuri kuda kuzama kusiya kurarama semupfuuri/ mueni nekusvika kuita zvinhu zvinoratidza kutema ugari mukuita mabasa enyika. Asi tikatarisa hupenyu hwaAbrahamu akagara azvibvisa pakati pevasingatendi, Roti akaenda “akananga” kuSodhoma - uye mushure akazovanikwa “ari” kuSodhoma! Makristu zvakare ankuitiirwa zuva nezuva kute asiye rwendo rwaavo rwekufamba mukutenda kuti vararame sevagari aite sevaeni. Nyika ino haina kana chaingakwanisa kupa chatingakwanisa kuenzanisa nemufaro uyo tichazondowaniswa kudenga naMwari nokusingaperi (Mateo 19:28-29; 2 Vakorinte 4:17-18; Zvakazarirwa; Zvakazarurwa 21:10-21).

Chidimbu chechipiri: Tsanangudzo muna 1 Petro 2:11-12

Mashoko ekuti “vanodiwa zvikuru” mashoko ainyanyoshandiswa nevaapostora mukutaura pamusoro pehama dzavaiiparidzira. Chirevo chokuti “ndinokukumbirai” rinoratidza kudetemba kwekukumbira kune kuraira mukati. Zvakare, Petro aitsanangu-

ra kuMakristu vaive vatereri vake kuti “vaeni” - vatorwa, vaui vaive munyika isiri yavo, vaigare padyo nepadyo mukutarirana.

Makristu zvakare aigara sevaeni kana vatorwa kuhama neshamwari dzinenge dzisina kutenda dzakarasika - kunze kwaJesu Kristu kupesana kwemusiyano mukuru vaivepo kune avo vaiteedzera Chikristu nevamwe vose vaisatenda. Makristu “mushava-vo uriko kumusoro kudenga” (VaFiripo 3:20 ASV; VaHeberu 11:9-10, 13). Mutorwa/Muuyi anofungisisa zvakanyanya nezvemushavake kunyangwe akave kure zvakadii kubva kwauri; zvimwechete Makristu haafanirwe kunge achishaiwa muono vedenga - vakafanirwa kuriona zuva rimwe nerimwe mundangariro dzavo kunyangwe kutoona vachifamba mariri nekufara mukati maro mundangaridzo dzavo.

Muapostora Petro anoshandisa inzwi rekuti “vaeni” zvakare muna Petro Vekutanga. Mueni munhu anogara panzvimbo kwenguva duku mushure oenderera hake mberi nerwendo rwake, zvikuru sei rwendo rwekushanyira nzvimbo inokosha. Nokudaro mushanyi veChikristu vanoza kuzvibvisa mukudyidzana nenyika iyo inosvika mukukanganisa rwendo rwake rwemweya kuzvimbo dzavo dzemweya, ungave hupfumi, zvivanikwa, vanano, basa kana chero chinhu hacho chingateerwa kana kuitwa zvinosvika mukukanganisa rwendo nechinangwa chekuenda kumusha kudenga. Mueni anofamba akatakura mukwende mudiki vaanokwanisa kufamba navo apo anenge achi-ramba achirangaridza Makristu akananga kunyika yechivimbiso uye nekuchenjereea kuti vasatorwe noruchiva rwenyika (1 Johane 2:15-17; Jakobho 4:4).

Inzwi rekuti “kuzvirambidza” pano rinoreva kusiya, kubva uye kuramba uchizvirambidza kuzvibvisa panechimwe chinhu.

“Ruchiva rezvinhu zvepanyama” zvinoenderana nekuita zvinhu zvose zvakai-pa (VaGaratia 5:16-24; 1 Petro 4:3-4) uye kubva mukubudirira kwevaeni vanozungurira. Chinova chinhu chakakosha kumueni unenge vakunda kuti Testamente Itsva inodzokorora kunyora mukuraira pamusoro “pekuchiva kuduku” (2 Timotio 2:22), “nevakambova neruchiva” (1 Peter 1:14), “ruchiva rwenyika” (Tito 2:12), “ruchiva rwepamuchinjiko” (VaGaratia 5:24).

Pfungwa “dzehondo” ndidzo dzakangozara mukuchinji chinja kwezvinhu, zvisinei nekushanda munekuitwa kwezvinhu izvi - Kwete hondo imwechete. “Mweya” zvirokwazvo ndivo ndicho chikamu chiripamunhu chisingafe uye uye kuita kwezvinhu zvadhiyaburosi hakumire kukanganisa.

Inzwi rekuti “nhaurirano” rinoratidza kutaaurirana kweMakristu, vachiisimbisana mukusimudzirana pamweya mukuchengetedzwa kwemuviri vemunhu. “Kutendese-ka” ndicho chinhu Makristu anotarisirwa kuratidza; vakarasika vanofanirwa kukwezva kubudikudza nenzira yakanaka inehupenyu hunoraramwa zvakanaka zvinokwanisa kukwezva pane kuita zvinhu zvakaipa muruchiva rwenyika mukunyengera.

Nyika, zvisinei kuti inoita zvinonyadzisa kuvana vaMwari, uye nekutaura ‘mukupikisana nesu nekutiita vanhu vakaipa.’ Mukuonekwa kazhinji “sevaiti vezvakaipa”, mukuitwa zvisakarurama nevasingadi Mwari, nyika yakarashika. Makristu aive mwenje mukati merima rehutongi vechiRoma uyo vakatonga nyika kwemakore zana ekutanga. Jesu Kristu chaiye aionekwa semuiti vemabasa akaipa (1 Petro 2:21-23), uye vateveri vake vaisvika mukusangana nekushungurudzwa (Mateo 10:22-25).

Mumakore ekutanga anezana Makristu vange vakawengwa nekuonekwa sevaiti vezvinhu zvakaipa (1) Munezvematongerero enyika vaionekwa semhandu dzehurumende (Mabasa 17:7-8), (2) Muzvitendero vaivonekwa sevanhu vasingatendi nokuda kwekupikisa kwavo kunamatwa kwezvifananidzo (Mabasa 17:16-32; 19:24-41), (3) Munezvemabhizimusi, vaiziikanwa nokushoora kugadzirwa kwezvidhori (Mabasa 19:19, 24-41) uye (4) munezvetsika vaipikiswa nokuti vaipikisa kuitwa kwehuori venguva iyoyo (VaEfeso 5:11; VaGaratia 5:19-21). Nokudaro, Makristu aipihwa mhoswa dzose nezvakaipa zvose zvaisvika pakuvora nyika (somuenzaniso, kuita kwemafashamu, kuurayana, nzara nezvirwere nekudengenyeka kwenyika)

“Basa rakanaka,” kunyangwe zvakadaro rairamba richingonekwa muhupenyu hweMakristu, zvisinei nezvakaipa zvaitirwa Makristu, Makristu akaramba akatendeka mukurarama kwavo (kuuta kwakarurama zvichipikisana mekuita kwakashata) mhosva kuChikristu. Nokudaro kurarama kweMakristu kwaiunza kitsitsimwa (1 Petro 3:1) zvii-to zvirokwazvo zvinotaura zvikuru zvinoebda kure kudarika mashoko!

Inzwi rekuti “tarira” rinoreva kuongorora kwekanguva, kucherechedza zvineungwaru kana kunyatsocherechedza. Nyika inozama nesimba kuona kusimba kwevanozvii-ta Makristu. Asi Mwari chinangwa chavo kuratidza “mwenje” - kwete “rima” (Mateo 5:16).

Chirevo “zuva rekushanya” chinoratidza kuzuva rekutongwa naMwari. Mundi-ma iyi, kutsanangurwa kuripo pamusoro pezvinoshuvirwa naMwari kuti mweya yose inge yakagadzirira kuchiitiko ichi uye nekuzviponesa (1 Petro 3:9)

Chinhu chakakosha kuti Makristu, sevaeni nevapfuuri, kusaita zvinhu zvisinama-turo nekuszvipinza munezvenyika izvo zvinoparadza kuti kupfuura kwavo kusasvike mukukanganiswa. Zvinovanikwa mukukoshesa zvemweya kweMakristu kunoita kuti vakwanise kukunda ruchiva rwepanyama. Chechipiri, kurarama muumwari kunoita kuti vamwe vanhu vanzwe kuda kuteerera Evangeri yaKristu.

Pindura Mibvunzo:

1. Munzira dzipi Mukristu anokwanisa kutaura mutauro veAshdodi kana achinge asina kuchengerera?
2. Kubudikidza nokuzama kurarama murunyararo nevanhu vose, chii chinovika muku-

kanganisa kuvirirana kwerunyararo nevasiri Makristu?

3. Munenzira dzipi, Makristu nguva zhinji vanotambudzwa pasi pemitemo iyo yavanonzi vanokonzeresa? Makristu anatora sei kutambudzwa uku?

4. Tsanangura matambudziko anovanikwa muvanano yeMakristu neavo vasingatendi Muchikristu kana Makristu asinesimba?

5. Tsanangura kuti Makristu anhasi anokwanisa sei kugara munzvimbo yakaita seSodom?

6. Ita hurukuro uchibudisa matambudziko anosangana neMakristu ane hama dzavo neshamwari dzavo vasiri Makristu?

7. Tsanangura dzimwe dzenzira dzinoita kuti Makristu arambe akatarira mukubwinya kwekudenga.

8. Imhando ipi yekatundu kanotakurwa mweni anenge ariparwendo rwake rwepamweya.

9. Ndechipi chikombedzero chekukunda nacho ruchiva kuvana vaMwari? Ndezvipi zvinotsanangurwa kuve ruchiva neshoko raMwari?

10. Ndekupi kushingaira kweMdzipitu kunoenzaniswa nehondo?

11. Munzira dzipi Makristu akatendeka anoonekwa sevaiti vezvinhu zvakaipa?

12. Tsanangura kukosha kweMukristu anorarama munyika izere nokusaziva Mwari?

Chitsauko 4: Munguva Dzakaita Seidzi: Kugara Mumba maMwari Munguva Dzakaita Seidzi

Chirevo chekuti “Munguva Dzakaita Seidzi” chinorevei? Ndekupi kuita kwakaita pa kunoitwa munharaunda dzatinogara uko anababa vanotya Mwari vanofanirwa kukurira? Mukuenderera mberi, “Munguva Dzakaita Sedzidzi” dzinova dzakasiyana nenguva dzekutanga?

Tirikurarama munguva iyo hupenyu hwevanhu usisakosheswa. Chimwe chinhu chinoratidza kusakoshwa kwehupenyu hwevanhu kubviswa kwepamuviri kwakutoitwa zviripamutemo. Vana vanokwanisa kusvika miriyoni nechikamu varikusvika pakupondwa pachiri pamuviri muAmerica gore negore, kubva pakatanga kutenderwa kubviswa kwepamuviri muna Ndira 22, 1973; vana vanosvika mamiriyoni makumi mashanu vakusvika mukuurava vachiri pamuviri gore regarega. Vanachiremba vanobatsira mukutsvakurudza kuurava kwevanhu vakabudisa nhaurwa dzakakosha idzi mumakore achangobva kupfuura. Kuzviuraya kwevechidiki kurikuramba kuchivedzera, vechidiki varikuona kunge pasina chinangwa chekuraramira. Kuitwa kwezvikwata zvinokonzeresa mhirizhonga, mhosva dzezvinhu zvakaipa dzirikuitwa nevana, zvinoratidzwa nekuitwa muzvivhitivhiti zvirikusviko kuita nokuratidza kukanganiswa kwehupenyu

munhoroondo yehupenyu vevanhu munyika yedu. Munzira dzipi kuurayiva kwevanhu mumupedza urombo (kuutaya kwetsitsi) kunoitwa sei? Mumuono venyika uwandu vemabhiriya evanhu (unovedzera zvekusvika 270,000 pazuva), vamwe vanhu varikutsigira kuurayiva kwevanhu munyika avo vavanotii havana zvavanobatsira uye vasina kudzidza. Kuita kwavo chinangwa chekuda kuderedza uwandu vevanhu munyika “asi vachizviitira mukuzvinakisira ivo”, uye kuita uku kumwechete nekuita kuye kwakaitwa naHitler apo akaparadza vanhu vaaiti vainge vasina kukosha kufanana neavo aidana kuti “rudzi rwakanakisa”.

Mukuvedzera, America yavekuita zvinhu zvisina hunhu (kusaziva kunyangwe muravo mumwechete veunhu netsika dzavanosvika mukukanganisa). Pane nguva yakadarika yekuti kunyangwe vanhu vasina hunhu kana tsika dzakanaka vaiziva kuti vatadzi kubudikidza nekukanganisa kwavaiita izvo vaiziva kuti itsika dzakanaka.

Ungochani vaitsigirwa nekuitwa zvinonzi zviripamutemo. Imba ichiumbwa nemubereki umwechete (zvinova zvinokonzereswa nemimba dzeunzenza uye nekurambana) zvakusvika kuvepo kutodarika kuroorana. Kuzara kwehuori munezvematongerero enyika zvinhu zvinotobvumidzwa.

Vatungamiri vezvitendero vakupinda mukuparwa kwemhosva. Masimba ezvitendero akumbunyikidzwa zvekusvika pakuvhiringidzika nokusakosheswa. Dzidzidziso dzevanhu mukuzvikudza kwavo ndidzo dzazara zimbo dzose pasirose zvakaite seHinduizimu, izvozvinosvika pakupa kodzero “kumufaro vemunhu zvisina chinokanganisa” zvinova izvo chidokwadokwa chemunhu vese angave murume, mukadzi kana musikana - kusanganisira Makristu. Kumukirana chave chinhu chadyairika. Kunyangwe vamwe vevanhu vedu varikutosvika mukufara mukuya kwekutsigira ruzhinji rwenyika ino, kubudirira kwedu kwakasvika mukutiodza. Amerika nguva zhinji inosvika mukuzvipinza mukuipa munguva iyo vanosvika mukutamba nezvidhori zvavo mukuita chivi, zvikuru-sei, varume “kubudikidza neruchira rwepanyama, ruchira rwemeso, nekuzvikudza kwehupenyu (1 Johane 2:15-17). Kuitwa kwezvinonyadzisa kwazara pose pose (mumabhuku, mavhidhiyo, kombiyuta, kuitwa kwekuratidzirwa kwepabonde paruzhinji [muWest Virginiya kuitwa kwezvinonyadzisa kunotenderwa - uyezve vatungamiri vehurongwa uyu vanototi havana vanokwanisa kuvamisa]). Nyika yedu yavekuita hutungamiri hwegutsaruzhinji mukuzvipa mhosva; pamberi paMwari munhu vese akuzviti anekodzero dzakawanda, zvekuti hapachina munhu anokwanisa kutsuura mumwe pamusoro pekodzero dzake. Tirikuzviendesha kune kumwe kuipa kunotipa mhosva pamberi paMwari. Hutungamiri hwedu vegutsaruzhinji muupenyu kwakasvika mukukanganisa maitiro edu kuEvangeri (somuenzaniso, tavekusvika kuita zvinhu maringe nesarudzo yeruzhinji, ndokunge iri nyaya yekugamuchirwa, pane kuti titarisire kubva kuvatariri kuti vatidze zvekuita, kana kuti ingave iri nyaya yezvezvidzidzo pachidanho chekuti titarise kune

Shoko raMwari). Muzvinhu zvose izvi, asi ruzhinji rwevanhu vatiinavo munyika nhasi vanosarudza kumhanya neruzhinji mukuita zvakaipa (Ekisodho 23:2).

Iva “nenguva” ingave yakaoma kana kuipa kunge “Munguva Dzakaita Seidzi”? Chokwadi! Zvose zvirimaringe neBhaibheri uye nenhoroondo dzezvenyika dzinokurudzira zvakanaka pamusoro pevanhu nevamwe vavo. Kazhinji munhu achiratidza kuita tsika dzakaipa. Hakuna chivi chinovika pakuitwa nevamwe vedu nhasi chitingati chitsva. Iva “nenguva” zvirinani pane kuve “Munguva Dzakaita Sedzidzi” Ichokwadhi zvakare. Zvatakaona ndezvekuti “Munguva Dzakaita Sedzidzi” nhasi uno dzakasiyana nerwudzi rwekumashure, rakaita seurwo runoratidzwa mu”The Walton” kana mu”Little House on the Prairie.” Iyi “nenguva” Zvakare takanyanya kupfuura vabereki vedu kana vabereki vevabereki vedu zvavaida. Vanababa vanotya Mwari vanofanirwa kumira nemhuri panguva dzakaita sedzidzi.

Baba vanotya Mwari vanomira neMhuri.

“Munguva Dzakaita Sedzidzi,” baba vakafanirwa kubvuma mabasa ehubaba (ayo Mwari achavatongera nokuda kwavo) rekuchengetedzaimba. Zvakanaka sei kuti izvo Mwari akataura kuna Abrahamu kuti zvingangove zvimwechete izvo zvinotaurwa pamusoro panababa vanova Mukristu nhasi. “Nokuti ndakamutsaura, kuti araire vana vake naveimba yake vanomutevera, kuti vachengete nzira yaJehovha, vaite zvakarurama nezvakanaka; kuti Jehovha auyise pamusoro paAbhurahamu izvo zvaakataura pamusoro pake” (Genesisi 18:19). Mukutsigira muna Genesisi 18:19, Joseph D. Meador akanyora:

“... Mwari vakasarudza Abrahamu kuti ave baba vemarudzi ose emaIsraeri nokuti akave munhu aive pachokwadi mukuita basa rake sababa kuvana vake. ... Mukupindura mhinduro mukuita kwa Abrahamu mubasa rake semutungamiri vaiita izvo airaira vamwe kuti vaite nekuchengetedza. ... Abrahamu akapa hutungamiri maringe nokuita kwake. Abrahamu akavanikwa achipa kuraira kwepamweya kuvana vake nevagari vemumhuri yake, zvakare akasvika mukuvapa zvinangwa zvakajeka zvepamweya.”

Vanababa vazhinji vakasiya basa ravo rekutungamira mudzimhuri. Nokuda-ro masangano emakereke emasekete varikudzidzisa dzidziso dzenhema mukuwanza mapoka anodanwa kuti Vachengeti Vazvivimbiso handizvo zvinhu zvinofanirwa kupikwa kwazviri kuratidza hubaba. Asi kuti anababa vose vanotarisirwa kutendeukira kuBhaibheri kuti vadzidze kuva vanababa vanokwanisa kudzidza kuva vanababa varinani “Munguva Dzakaita Sedzidzi.” “Madzibaba, regai kunetsa vana venyu, kuti varege kuvora moyo” (VaKorose 3:21).

Vanababa vanotya Mwari vakafanirwa kuramba vachiraira vana vavo mumweya inotywa Mwari “Unofanira kushingaira kuadzidzisa vana vako, nokuataura kana ugere mumba mako, kana uchifamba munzira, kana uchivata pasi, kana uchimuka” Dhuter-

pmio 6:7). Mukuverenga tinonzwa kuti anababa vakafanirwa “kuraira” vana vavo. Madzibaba haafanirwe kuramba achingounza zvimwe zvinhu zvitsva nguva imwe neimwe yanotaura mukudzidzisa vana vake. Nokudaro, dzidziso dzepamweya dzinopa chiremerera kumwana kunezvinhu zvebhaibheri izvo zvaanenge akamborairwa nezvazvo kare.

Madzibaba anokwanisa kuzviitira dambidziko guru kana vachinge vatendera vana vavo nguva dzosea shoma yekudzidza bhaibheri, zvekungoita zveava rimwechete kana kungonamata kamwechete pavhiki. Chimwe chinyorwa chisina kutaurwa nemunyorori chinoverenga kuti: “Hakuna munhu anokwanisa kunzwisisa munezvinhu zvaanotenda mazviri kusvikira atanga kuraira vana vake.” Zvino vamwe vanababa havana zvizhinji zvavanoratidza kutenda kwavo nokuti havana nguva yekuraira vana vavo pamusoro penzira dzaMwari nguva dzose.

Mudzimba dzedu dzimwedzenguva dzinodanwa kuti “rabhoritari yehupenyu.” Izvo vana vanodzidza mudzimba ndizvo zvinoumba hupenyu vawanozorarama mukati menharaunda, pangeve pane zvetsika nemagariro, kutenga nokutengeserana uye magariro avo munezvepamweya. Vana pamusoro pezvimwe zvidzidzo zvatinovadzidzisa vanofanirwa kudzidziswa kuti vakafanirwa kurarama sei, chinova chinhu chakanyanyokosha pane kudzidziswa kuti vangavane ndaramo sei. Zvirokwazvo vana vedu vano-da kudzidziswa zvose, asi chikuro vakafanirwa kudzodziswa zvakafanirwa kukosheswa. Chikristu ndiyo nzira yehupenyu!

Kumba baba vanotarisirwa kudzidzisa mwana vavo mutemo nekurongeka. Kudzidza kumira nekuita mitemo yemumba zvinogadzirira mwana kuti akwanise kuteerera mutemo vaMwari kana yenyika (hurumende). Kuranga kwakafanira kunotarisirwa mukuraira kwemubereki (VaHeberu 12:5-11; Zvirevo 13:24; 23:13-14).

Iyi, ndiyo inova nzvimbo iyo magariro nevemutemo vanosvika mukupikisa Makristu. Vana vedu vanonzi tinovatorerwa nenyika kana tichinge tavapa murango (vekuvarova). Izvi zvirikuitika uye hatina kana kupokana nazvo kuti zvicharamba zvichidaro. Zvikuramba zvichienderera mberi mukuona, vana vachitsigirwa kana kupiwa konzero dzevana apo vana vanosvika mukusateerera vabereki vavo, kungave kudzimba, dzevabereki vavo uye kuzvitendero kwavanofanirwa kuzviisa pasi. Vana mazuvaano vavekuudza vabereki zvekuita kana kutenderwa kusungisa vabereki vavo kana kuvaramba. Kunyangwe vabereki vanotya Mwari, vatorivo panjodzi yerudzi urwu rwevana vas-ingadzoreki.

Mumba ndimo baba vanofanirwa kuve nechokwadi chekuti vana vavo vadzidza kuita kwekuremekedza kunamata kweparuzhinji. Vana vedu vanofanirwa kuziva kuti kunamata chinhu chakaita sei. Zvakare vana vedu vanofanirwa kuziva Mwari - Uyo vakafanirwa kunamatwa.

Vanofanirwa kuziva kunamata. Zvakare Chikristu ndicho chinofanirwa kuva nzira yekurarama nayo - uye kuremekedza kunamata kweparuzhinji chinova chinhu chakakosha. Kunamata kwekumba neparuzhinji kunofambidzana uye kunobatsira ku-simbisa vana vedu kubva kunjodzi mukutenda kwavo.

Njodzi Mukutenda Kwevana Wedu

Munekucherechedza kwakanaka, “Chii Chinoitika Mudzimba Dzedu Makristu?” Robert L. Waggoner akanyora:

“... Mubereki veChikristu ...anofanirwa kuva noruzivo urwo runosanganikwa nevana vavo, pasi rino, uye vanofanirwa kunge vaine chinangwa chekubudirira mukukudza mwana vavo.”

Zviripachena, kuti kunze kwekunge taona kana kuchenjedzwa nokuda kwedambudiko rinosvika kuwira, tose tinonzwa kurwadzirwa kuda kugadzirira vana wedu kuti vachengete kutenda. Hwaro dzematambudziko aya enjodzi idzi mukutenda anova akatitenderedza. Chingu chikuru chinokonzeresa chakanangana nekukanganiswa kwekutenda kwedu munova muzvikoro nezvenhau.

Vanodanwa kuti baba vezvedzidzo muAmerica John Dawery, akaisa zvidzidzo zvekudzidzisa kusatenda kuti kunaMwari pachikoro chedu, akatanga nekuisa chikoro chekudzidziswa kwevarairidzi kubva kugiredhi rekutanga kusvika rekupedzisira pahupenyu vepachikoro. Kudzidziswa kweChikristu uko kwaishandiswa kubva kare akasvika kukubvisa kuti kusadzidziswe pachikoro apa kare. Muongororo ya Waggoner:

“... Zvinonyatsooneka uye zvichitsausa ... Kuitwa kwemitambo, mitambo inoitwa vanhu vachitsvaka ndaramo yakasiyana siyana, mumapepanhau mazuvaose, kudzidza utetsa, nezvimwevo zvakangodaro. Zvikoro zveruzhinji zvirikudzidzisa vana vedu kubva panamwari nekuparadza dzimba dzeMakristu.”

(Boka revanobatsira zvidzidzo izvo zvekudzidzisa vana vechikoro kuti zvidzidzo zvekuti hakuna Mwari, vanozvidzidzisa muzvikoro, mumabasa, mumitambo, kana muzvipoka nemubepanhau rinobuda mazuva ose uye nekudzidzwa kweutetsa ndiko kuita kwemando yepamusoro kwazvakuitwa kuAmerica).

Zvakare, “... zvidzidzo zvepabonde zvakudzidziswa zvisina hunhu.” Vachidzidzisa zvavanoti “bonde risinajodzi” nedzumwenguva vanozvika mukuita tsvakirudzo yekuda kuona kuti chii chinoitika kana murume nemurume ngochani vakarara vose, zvinosanganisira kupihwa kwemakondomu - muzvikoro kushandiswa kwezvidziviriro. Nokuti “zvinosuruvarisa” kuti musikana akanhumburiswa pachikoro chipangamazano vepachikoro anotoudza vana vakaita nhumbu kuti inokwaniswa kubviswa. Kazhinji vabereki havana mukana unechekuita pamusoro pekudzidza kwevana vavo.

Kwemakore akati vande akapfuura, mhuri yangu yaibata pasangano apo

vaida kuti pave nechidzidzo chekugwinyisa muviri muchikoro chemudunhu iri chekutuhwinha. Takaramba nokuda kwechikonzero chechitendero, maringe nekutaura kweBhaibheri kuti rinotendera here kuti vana vedu vechidiki vaite chinhu ichi. Asi boka rechikoro chemunharaunda chakatonga, ndokusvika mukuvedzera kuti “Nengo dzekereke iyo unoparidza havana kumbobvira vaita dambudziko, kusanganisira vaparidzi vakambouya, vaitumira vana vavo kuchikoro kuno vasina kana dambudziko pamusoro pekudhigidha kwevana vakasangana.” Chikumbiro chedu kuboka revakuru vechikoro chakashaya basa, takarairwa kuti titumire mwana kuzvidzidzo zvekugwinyisa muviri. Ini naBonnie takaramba tikaudza mukuru vechikoro kuti tinondosangana kumatare emhosva (‘kundotsutsumwa pamberi paCasaeri’) - mushure maizvozvo ndakashamisika kuona hurongwa hwezvedzidzo uchizvidemba.

Ini nemudzimai vangu hatina kurega kodzero yedu sevabereki kuzvikoro zveruzhinji.

Zviuru zvezviuru zvezvikoro zvemumba nokuti naivo vakarambavo kupa kodzero dzavo kuzvikoro zveruzhinji, zvikurusei mukutarisa kupikiswa nekurwiswa kweChikristu muzvidzidzo “munguva Dzakaita Seidzi.”

Ndapota musakanganisike mukunzwisisa. Hatisi kudzikisira dzidzo. Nokuti, kune vadzidzisi vazhinji vanodzidzisa zvakanaka vasingabvisi huvepo hwaMwari vanova Makristu, somuenzaniso mwana vedu musikana mudzidzisi panechimwe chikoro.

Mwari neminamato zvakurambidzwa muzvikoro, asi zvitendero zvemafungiro netsika dzevanhu, vanhu vatenda kuti hakuna Mwari, vanhu vanotenda kumidzimu kana madziteteguru akafa, nechizvitendero zvinodanwa kuti zvechizvino zvino, zvino-va zvirikutenderwa muzvikoro. Hunhu vakanaka nekufamba kwakarurama zvakuitwa sezvinhu zvakare zvinokanganisa mukurumbira vekutaura zvaunoda, apo “kuitwa kwebonde rakadzivirirwa nekuita tsvakirudzo munezveungochani ndizvo zvakuitwa zvinhu zvinonakidza zvamazuvano.

Nhau dzisina huMwari dzazara mudzimbadzedu, Terevhizheni, mabhaisikopo nenziyo zvakukonzeresa njodzi mukutenda kwevana wedu kutodarika kuzvikoro. Sezvo mabhaisikopo nemimhadzi mumaterevhizheni edu arikupa rumbidzo mukuitwa kwepabonde nekupfeka nekutaura zvisina musoro. mashoko nehurongwa hwenziyo zhinji dzamazuvaano arikusvika mukukurudzira zvinhu zvinounza njodzi kuhunhu hweChikristu. Nokuti kune izvo nzeve dzedu nepfungwa dzinogaronzwa ndizvo dzinorarama. Pauro kubudikidza nokufuridzirwa anoraira kuti: “Pakupedzisira, hama dzangu, zvole zvazvokwadi, zvole zvinokudzwa, zvole zvakarurama, zvole zvachena, zvole zvinodikanwa, zvole zvinorumbidzwa, kana kunaka kupi nokupi, kana chingarumbidzwa chipi nechipi, fungisisai izvozvo (VaFiripo 4:8).

“Vabereki veChikristu havakwanise kugadzira hunhu hwechikristu muvana vavo kana simba iri risina kukwanisa kuderedzwa kuti risanyanye” Asi kunyangwe hedu tis-

ingatsigire vanhu veZvapupu zvaJehpvha nokuda kwekureswa kwavo, asi pane kumwe kuita kwavo kunova kwakarurama kunobatsira nharaunda zvichideredza kutorwa kwevana vavo munyika. Hatifanire kungogTsikaira zvole zvinouya nenharaunda asi kuti takafanira kucherechedza nekupikisa mukubvisa kukanganiswa pakati pedunen-haraunda.

Kumwe Kutaridzwa Kwanababa Muzvinyorwa.

- Vanababa vakaita zvikanganiso (zvivi): Noah (Genesisi 9:21), Lote (Genesisi 19:33-38).

- Baba vakanaka nemwana aiteerera: Abrahamu naIsaka (Genesisi 22:7-19).

- Baba vepamweya nechikwata chemwana: Pauro naTimotio (Timotio 1:2; 2 Va-korinte 1:1)

- Baba vakapihwa mhosva yechivi chairaramwa nevana vake: Eli (1 Samueri 2:13, “3 Musaramba muchitaura muchizvikudza zvikuru, Manyawi ngaarege kubuda pami-romo yenyu, Nokuti Jehovha ndiMwari unoziva, Mabasa avanhu anoyerwa naye. Tsi-ka yavapirisiti pamberi pavanhu yakanga iri iyi, Kana ani nani akauya nechibayiro, muranda womupirisiti waiuya ane chibayiso chenyama china meno matatu muruoko rwake, kana nyama ichibikwa”).

- Baba vasina basa nekutadza kwevana vavo: (1 Samueri 8:1-5, “Zvino Samu-eri wakati akwegura akagadza vanakomana vake kuti vave vatongi pakati paIsiraeri. Zita romwana wake wedangwe rakanga riri Jowero, nezita rowechipiri Abhija; ivo vai-va vatongi paBheerishebha. Asi vanakomana vake havana kufamba nenzira dzake, asi vakatsaukira kufuma yakaipa, vakagamuchira fufuro, nokusaruramisa pakutonga. Zvi-no vakuru vaIsiraeri vole vakaungana, vakauya kuna Samueri paRama, vakati kwaari, Tarirai, imwi makwegura, asi vanakomana venyu havafambi nenzira dzenyu, zvino tigadzirirei mambo ungatitonga, sezvinoitwa kundudzi dzose”).

- Baba vanoda vanakomana vavo zvisinei nekuita kwake zvakaipa: Davhita naAbhusolomu (2 Samueri 18: 31-33), mwana mupambadzi nababa vake (Ruka 15:11-24).

- Baba vanokurumbidza mukuita kwavo: Jafuta (Vatongi 11:30-39).

- Baba vanotuka mwanavavo nokuti vanomuda: Mwari Baba (VaHeberu 12:5-12).

Mhedziso

“...Dzimba dzemaKristu nhasi uno dzirikusvika mukuparara, nokuda kwezvimwe zvikonzero, hazvisisina kunyanyokosheswa kuumba kutenda kwakasimba kweChikristu muvana wedu.” Ndepapi patichatanga mudzimba medu nemukereke kudzidzisa vana vedu? Kubva mumbereko! “Kwakanga kusine shoko rimwe, pazvole zvakanga zvarair-wa naMozisi, risina kurahwa naJoshua pamberi peungano yose yavalsiraeri, navakadzi

navana, navatorwa vakanga vagere pakati pavo (Joshua 8:35). Naiye vavaizosiira vana kana munhu vose vachinge vaingana.

Tine Sodhoma neGomora zvedu. Tinezvifananidzo (zvitori zvakaumbwa mumi-fungo yevanhu - zvimwari zvemasekete). Asi pachiri netariro. Vatadzi vanokwaniswa kusukwa, mukunatswa nekururamiswa. (1 Vakorinte 6:9-11). Kunyangwe vose vakatadza (VaRoma 1:18-32; 3:23), vatadzi vanokwanisa kutenda kubva mumoyo nekuitwa vakasunonguka kubva kuchivi (VaRoma 6:17-18).

Chii Chinonzi Imba

Idenga rinoshandiswa kudzivirira kunaiwa nemvura. Rusviko runa runoshandiswa kuvharidzira mhupo. Iriri unoshandisa kuvharidzira chando. Ichokwai, asi imba inodarika ipapa. Imba kuseka kwemwana, kuimba kwaamai, nesimba kwababa. Kudziirwa kwemoyo unerudo, chiedza kubva kumeso anemufaro, kuremekedzwa kunemutsa, hushamwari murwendo rwehupenyu. Imba ndicho chikoro chekutanga chevana, uko vanodzidzi kuti ndechipi chinova chakanaka, chakafanirwa kuitwa, uye nekuti chii chinonzi rudo. Ndiyo inonzi imba, Mwari ngavairopafadze! (munyori asingaziikane).

Kutenda Kwevabereki

- Tinotenda kuti vana vedu zvipo zvaMwari - tariro yeremangwana.
- Tinotenda kuti mukana vakanaka uripo pane mwanakomana nemwanasikana vese.
- Tinotenda kuti Mwari akaita hurongwa neremangwana ravo, uye kuti rudo Rwake runogara uye ruchagara rwakavakomberedza nguva dzose, uye noku...
- Tinotenda kuti vachakura! - kutanga nekukambaira, tevere kudzidzira kumira nekufamba, tevere kumira nekufamba zvakanaka akatasanuka kwemakore makumi nemashanu - kusvikira vasvika pachimiro chekuve munhu akakwana - chekuve mukadzi kana murume.
- Tinotenda kuti anokwanisa kuumbiridzwa nokudzidziswa pakati penguva yahupwere kusvika munguva yekuva munhu akura - semuti unochekererwa nemuridzi vavo, nehari inogadzirwa chimiro nemaoko emuumbi vayo; kubudikidza nemudzimba nekukereke; kubudikidza nezvikoro kana mumigwagwa; kubudikidza nokuona nekunzwa uye nekuvabata mumaoko avo nemaoko edu muMweya vaKristu kubudikidza neShoko Rake mumoyo yavo!
- Tinotenda kuti vachasvika mukukura sekukura kunongoita vamwe vanhu vose - kubudikidza nokuseka nokuchema, kubudikidza nokuedzwa nokukanganisa, kubudikidza nomubairo nemitongo, kubudikidza nerudo nemurango, kusvikira vakwanisa kuzviriritira!
- Imi, Mwari - Tinotenda muvane wedu. Tibatsirei kurarama kunoita kuti ivo vatende kwatiri - uye neKwamuri. (Munyori asingaziikanwe)

Pindura Mibvunzo:

1. Nyora umboo unodzikisira umboo vehukoshi vehupenyu hwemunhu.
2. Ndedzipi nzira idzo dzirikushandiswa neruzhinji rurikutungamira vanhu mukuparadzwa?
3. Enzanisa zvakafanana nezvakasiyana pane zvivi zvaitwa kare nezvivi zvikuitwa munguva yazvino.
4. Ndiani ane basa pamba rekugadzirisa hunhu vemhuri? Ndepapi basa iri rakafanirwa kuita?
5. Mumutowo upi unhu vemhumhuri unotsuurwa?
6. Tsanangura kuti munzira dzipi vanoona nezvevana nezvehupenyu vanokanganisa sei mukukudza vana?
7. Enzanisa kukosha kwemurango mudzimba dzedu nekushishidzira kwevanhu mukugovera murango.
8. Tsanangura zvinokanganiswa nedzidziso dzekutevera ruzhinji nezvenhau mudzimba dzedu.
9. Chii chinoitwa nemubereki veChikristu kana achinge anangana nevemasimba pamusoro penyaya dzemhuri zvenechekuita nekupikisana nekutonga kweBhaibheri?
10. Tsanangura muchidimbu mhando dzanababa mukusiyana kwadzo kubva mukucherechedzwa kwemadzibaba anotsanangurwa muBhaibheri.
11. Kurukura kunyatsoshanda kwekudzidzisa vana vechidiki uye nekukosha kwehuvepo hwevana pakati pevana vakuru nevabereki mukati mekudzidzisana paChikristu.

Manotsi Ekumagumo

1. Joseph D. Meador, "Q & A," Firm Foundation, Vol. 112. No. 6, June, 1997, pp. 26-27.
2. Robert L. Waggoner, What's Happening To Our Christian Homes?, Haun Publishing Co., p. 17.
3. Ibid., p. 9.
4. Ibid.
5. Ibid., p. 12.
6. Ibid., p. 4.

Chitsauko 5: Kufuridzirwa Kwezvinyorwa

Vakambosvika pakufungisisa kuti: "Nderipi bhuku rinofanirwa kuva muBhaibheri?" Zvirokwazvo kwete. Mubvunzo vekufuridzirwa kwezvinyorwa zvemubhaibheri, pada hazvinyanyo cherechedzwa nevanhu vazhinji, ask zvinova zvinhu zvakakosha kana vanhu vakashandira Mwari nemazvo. Shoko raMwari rinofanirwa kuva pachok-

wadi kuitira kuti vanhu vazvigadzirire kusingaperi. Shoko raMwari rakafanirwa zvakare kunge risina huori, kana kutapudzwa kana kuvedzeredzwa izvo zvinosvika kukanganisa kugadzirira.

Sezvinei, tiri vanhu venyama vanofa hazvinei nokuve tinonyanyofungisisa kuti nderipi bhuku rakafanira kuve muBhaibheri. Mwari vedu vanesimba rakakwana zvekukwanisa kuchengetedza Shoko ravo. Tine kukwana kweumboo unotifukidza nekutiratidza kuti Bhaibheri iro ratinoziikanwa rakakwana uye risina kunyora mukufunga kwemunhu asi rinova Shoko raMwari.

Kunyangwe mukushandurwa kwaro mukuiswa mune rumwe rurimi rakaitwa zvakanaka mukubva mururimi rwekutanga. Shanduro idzi dzinova kufuridzirwa kweShoko raMwari. Hakuna dzidziso dzakakanganiswa mushaduko yakavimbika. Dzimwe shanduko dzakakangamiswa, asi hapana kupokana pamusoro pehuvepo hweBhaibheri muzvinyorwa zvakanyorwa pakutanga.

Inzwi rekuti “kanoni” rinovanikwa muTestamente Itsva yeGiriki kanokwana kashanu (2 Vakorinte 10:13, 15-16; VaGaratia 6:16; VaFiripi 3:16), uye chirevo charo chakashandiswa munekufuridzirwa kweZvinyorwa - rinova Bhaibheri. Kakawanda inzwi “kanoni” rinoshandurwa kuitwa “mitemo” uye rinonongedzera kumitemo yaMwari iyo munhu akatarisirwa kurarama muutsvene pamberi paMwari, uye mirairo iyo munhu achatongwa nayo nokuda kwekusaitvedza.

“Asi, apo patasvika ngatirambe tichifamba bedzi nomurairo iwoyu tifunge chinhu chimwe” (VaFiripi 3:16).

“Vose vanofamba nomurairo uyu rugare ngaruve pamsoro pavo, nenyasha, napamsoro pavaIsraeri vaMwari” (VaGaratia 6:16).

Nderipi bhuku rakafanirwa kuva muTestamente Yekare? Testamente Yekare sekuiziva kwatinoita haina kubvira yambonyanya kupikiswa. Mabhuku emuTestamente Yekare anozviratidza kuve akafuridzirwa (semuenzaniso parinoti, “Ndizvo zvinotaura Ishe”). Maporofita anotaurwa achitorerana pachavo nokuziikanwa pakutaura kwavo kuve vakafuridzirwa naMwari (Mika 4:1-4; Isaya 2:2-4; Dhanieri 9:2). Joshua akagamuchira kudzidzisa kwaMozisi’ seShoko raMwari, uye vamwe vevaporofita vanyori vakanyorwa muBhaibheri (1 Makoronike 29:29).

Maringe nenhoroondo, mumabhuku emuTestamente Yekare anotariswa kubva kunguva iyo akanyorwa uye nguva iyo munyori akararama. Uye haana pakakanganiswa mukunyorwa. Mabhuku ose emuTestamente yekare anotenderana nekuenderana zvizichifambidzana nenguva yaakanyorwa, nemaitiro aaitwa munguva iyoyo zvinosanganisira kunyangwe zvimiro zvenzvimbo. Vanhu vechiJudha vaive vachengetedzi veShoko raMwari, nguva nenguva vaigachidzwa mabhuku ayo akaumba Testamente Yekare. Kufuridzirwa kwekanoni yeTestamente Yekare hakuna kubvira kwambopikiswa nevan-

hu vaMwari.

Chisimbiso chekusimbiswa kweTestamente Yekare kunovanikwa zvakananyanya zvakare muTestamente Itsva. Mabhuku mazhinji emuTestamente Yekare akatorerwa muTestamente Itsva kunze kwaEzira, Nehemia, Esitheri, Muparidzi neRwiyo rwaSolomoni. Mabhuku aya haana kuvana mukana vekudhindiswa! 2 Vakoronike 24:20-21 (2 Vakoronike ndiro rinova bhuku rekupedzisira maringe nehurongwa hwemabhuku muchiHeberu muTestamente Yekare, Mateo 23:35)

Ndeapi mabhuku akafanirwa kuva muTestamente Itsva? Nehuwandu hwemabhuku emuTestamente Itsva haana kubvira apikiswa nevanhu vaMwari. Kuonekwa kwebhuku kuti rinova rakafanira here kuva muBhaibheri, zvaisaitwa nokuona kweker- eke asi nokuda kwekufuridzirwa naMwari. Kereke isina kufuridzirwa haina bvumo yekunyora mabhuku yainoti akafiridzirwa (kanoni). Kururama nekodzero nehutsvene hwemabhuku eTestamente Istva pachezvavo anoona nekuratidza kufuridzirwa kweTes- tamente Itsva (kanoni).

Umboo, vekukosha kweTestamente Itsva sekuziva kwatinoita hwakawandisa. Bhuku pachezvaro rinotaura kufuridzirwa kwaro. Vanyori veTestamente Itsva vanoten- da kuti Zvinyorwa zvavo zvaive Mashoko akafuridzirwa naMwari nekuraira Makristu kuti azvifambise zvakadaro (1 VaThesalonika 5:27; Vakorose 4:16; Zvakazarurwa 1:3). Muapostora Petro anocherechedza chinyorwa chemuApostora Pauro kuve Zvinyorwa (2 Petro 3:16). Chenjedzo inoratidzwa muTestamente Itsva pamusoro pekutsauka kub- va pamberi paMwari. Testamente Itsva inoratidza hutsvene hwayo (VaGaratia 1:6-9; Zvakazarurwa 22:18-19).

Hwaro yeTestamente Itsva nderekuzadzisa Testamente Yekare, kunyanya zvi- kurusei rumuko rwaJesu Kristu urwo rwunotsanangurwa muTestamente Itsva. Testa- mente Itsva iripazvokwadhi maringe nenhorondo yayo muzvimiro zveurongwa hwayo venzvimbo. Testamente Itsva yakagadzirwa kuve Zvinyorwa kubva mungova vayakan- yorwa, kutanga mune nzvimbo idzo dzakasiyana siyana dzakataurwa.

Vanyori vasina kufuridzirwa, vaiziva vanyori vakafuridzirwa mukuvaona neku- taura navo vakasvika mukutsigira ukoshi vemabhuku emuTestamente Itsva. Vamwe vevamwe vavo ndeavo vaapostora vakaturika maoko pamusoro pavo, zvirokwazvo vak- asvika mukubatsira mukuunganidzwa kwemabhuku emuTestamente Itsva. Zvishami- so zvaifanirwa kuvepo kusvika “mukubatanidzwa kwaizoitwa kutenda” (VaEfeso 4:13) kana kusvika “icho chakarorama chauya” (1 Vakorinte 13:8-13).

Ndeapi mabhuku ekare asingafanirwe kumanikwa mubhaibheri? Chekutanga, kune zvinyorwa zvizhinji zvisina kubvira zvambotaurwa kana kudzidziswa kuti ndezve- bhaibheri (somuenzaniso, nhetembo, mabhuku emutemo, nhoroondo). Mukuvedzera, Apokrifa ndiro rimwe remabhuku akavedzerwa richinzi rakafuridzirwa risingavanikwe

muBhaibheri. Pamabhuku aya hapana kana rimwechete rakabvira rambotorerwa kana kutaaurwa nezvaro muBhaibheri.

Mabhuku emuTestamente Yekare yeapokrifa anova akanyorwa pakati penguva iyo Testamente inobvuma kuti kwainge kuisina vaporofita vaMwari. Mamwe mabhuku eapokrifa haataure zvinoratidza kuti akafuridzirwa. Mabhuku eapokrifa anekukanganiswa maringe nekutsanangura kwaanoita muzvimiro zvenzvimbo nekuitika kwezvitiko. Chikamu chikuru chemabhuku akafuridzirwa eTestamente Yekare haasanganisiri mabhuku eapokrifa. Mabhuku eapokrifa muTestamente Yekare haama kubvira agamuchirwa nevanhu vemunharaunda yechiJudha kuve akafuridzirwa. Mabhuku eapokrifa emuTestamente Itsva anova asingadyidzane uye anopikisana nezvenyorwa zvakafuridzirwa zvebhaibheri.

Kune mabhuku eapokrifa anosvika 15 anova akanyorwa pakati pematestamente, ayo asina kana kubvira agamuchirwa kunyangwe nekereke yeKatoriki. Kune zvakare mabhuku anosvika 15 emuTestamente Itsva yeapokrifa ari kunze kwemabhuku makumi maviri anevanyori vekunyepera.

Mabhuku aya haana kubvira ataurwa muBhaibheri kana kuonekwamo zvachose. Mabhuku aya akanyeperwa kuiswa munguva dzemwechete dzakanyorwa Bhaibheri nekupihwa mazita evanyori.vakafuridzirwa kuve vanyori vavo. Haana kubvira agamuchirwa kuve akafuridzirwa. Ose mabhuku eapokrifa nemamwe akapihwa mazita evanyori vakafuridzirwa haana kubvira agamuchirwa uye ose anongoenda pasi peapokrifa.

Muchidimbu, mune zvinyorwa zvakakwana zvezvinyorwa zvekutanga mumu-tauro vekutangaveBhaibheri mukuratidza Testamente Itsva neTestamente Yekare muzvinyorwa. Zvakare mukudzika nekuongorora zvakakwana, kushandurwa kwekare kweTestamente Yekare neItsva kwakararama kuitira ongororo yezvinyorwa zveBhaibheri. Zvimwe zvezvinyorwa.zvitori zvihombe mumakore kudarika kuchengetedzwa kwakaitwa zvinyorwa.

Kufuridzirwa kwezvinyorwa zveTestamente Yekare kwakagamuchirwa sezvazviri munguva dzekumakore ekutanga B.C. Chinyorwa cheTestamente Itsva chakagamuchirwa mukati merudzi rwumwechete mushure merufu rwamuapostora Johane. Bhaibheri rakakwanisa kumira mukuidzwa kwarakaitwa nevapikisi kwemakore mazana nemazana. Mabhuku ekunyepera aida kuiswa muBhaibheri akasviko akavanikwa kuve ari emanyepo apo akaenzaniswa neechokwadi. Kufuridzirwa kweBhaibheri ndokukuberekwa uye hakuvimbe neongororo dzekunze.

Mabhuku emuTestamente Yekare yeapokrifa anosanganisira: Bhuku raEsidhirasi rekutanga, Tobiti, Judhiti, Kuvedzerwa kweBhuku raEsitheri, Huchenjeri HwaSolomoni, Vaparidzi, Tsamba yaJeremiya, Munamoto vaAzira neNziyo dzevakomana Vatatu veChidiki, Susanna, Bheri neDragoni, Bhuku raMakabhisi reKutanga nereChipiri.

Mabhuku eapokrifa Itsva anosanganisira: Kudzidzisa KweMaapostora Gumine-maviri, Tsamba yaBhanabhasi, Tsamba yeKutanga neyeChipiri yaKiremendi, Mufudzi veHermasi, Tsamba yaPetro, Mabasa aPauro, Tsba yaPorikepi kuvaFiripi, Ysba Nomwe dzaIgonishiashi, Evangeri yaPseido-Mateo, Kuparidza kwaJakobho, Evangeri yekuzvara kwaMariya, Evangeri yaNokodhimusi, Evangeri Yeupwere vaMuponesi, Nhorooondo yaJesu Muvezi. Zvinyorwa zvekufodyera zvemanyepo: Evangeri yaAndrea; Batoromeo; Bharnabhasi; Matia; Tomasi, Kefasi; Uye Firipo; Mabasa aJohane; Pauro; Petro; Andrea; Tomasi; Matia; Firipi; uye Thaddaeusi; Pauro muapostora kuLadocea; Kunyorwa kwaPetro, Pauro, Tomasi, Uye Johane Muparidzi.

Pindura Mubvunzo:

1. Tsanangura zvakanoshira kuva neshanduro yeBhaibheri yakavimbika.
 2. Kufungidzira kwekuti kuvimbika kwekushandurwa kweShoko raMwari hakupo nhasi kunova kutuka uvepo vechimiro chaMwari here?
 3. Tsanangura chirevo cheinzwi kanoni uye kuti rakashandiswa sei muTestamente Itsva.
 4. Tsanangura nzira idzo Testamente Yekare inokwanisa kugamuchirwa nechivimbo seShoko raMwari.
 5. Enzanisa pfungwa yemasimba emuzvitendero anovanikwa mukereke tichienzanisa nemasimba eMushoko raMwari.
- Nyora mienzaniso yemakereke anoisa masimba ezvitendero mukereke pachinzvimbo cheBhaibheri.
6. Munzira dzipi mabhuku emuTestamente Itsva anokonzerwa kuve akafuridzirwa?
 7. Tsanangura kuti sei mabhuku asina kufuridzirwa achicherechedzwa seasina kukwana?
 8. Siyanisa pakati peaprokrifa nemabhuku akanyorwa mumngano dzemanyepo.
 9. Tsanangura kukosha kwezvinyorwa zvikuru zvinopa humboo kuzvinyorwa zvekutanga kana kunyora.

Chitsauko 6: Mwenje Unopfuta neKupenya

“Iye wakanga ari mwenje unopfuta nounovheneka; imi makanga muchida kufara nguva duku muchiedza chake (Johane 5:35). Kutaura uku kwakataurwa naJesu Kristu kuna Johane mubhabhatidzi. Zvisinei Jesu, mukukoshesa anoita kutaura uku kumwechete kune vose vachave vateveri vake. “Imi muri chiedza chenyika. Guta rakavakwa pagomo haringavanziki. Nomwenje havangautungidzi, vakauisa pasi pedengu, asi pachigadziko uvhenekere vose vari mumba. Saizvozvo chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu kuti vavone mabasa enyu akanaka, vakudze Baba venyu vari kukden-

ga” (Mateo 5:14-16). Makristu ose akafanirwa kuve nokungwarira nguva dzose kuve ‘mwenje unopfuta neunovhenekera.’

Mwenje nerima zvinoshandiswa zvakanyanya muZvinyorwa kumirira mukurumbira vakatarisana nekutendeka nezvakaipa. Mukuvedzera nziyo zhinji dzatinoimba dzinodzidzisa mutsauko uyo vezvebhaibheri. Kuimba, sesarudzo yaMwari mukumunamata, mukudzidzisa nekukurudzirana (Vakorose 3:16), uye nekutaura (VaEfeso 5:19) kuungano pamusoro pezvinhu zvitsvene. Zvakare, kuimba, zvinekurumbidza Mwari, kunova kuimba mukunzwisisa (1 Vakoronte 14:15). Nziyo pamusoro pechiedza dzinosanganisira: “Muri Chiedza Chenyika,” “Mwenje Vepasi Ndaupfute,” “Zuva,” “Kupinda Muchiedza,” “Tumira Mwenje,” “Chiedza VekuDenga,” “Kufamba Muchiedza ChaMwari,” “Munemwenje Unopenya Mumweya Vangu,” “Chiedza chenyika ndiJesu.” Dziyo idzi kazhinji dzinotsanangura dingindira rakaita se (1) hwaro hweChiedza cheuMwari (Mwari, Jesu, Denga neBhaibheri), (2) Makristu anoratidza chiedza (Kurarama kweMukristu) uye (3) Makristu anoratidza Chiedza kunyika nenzvimbo dzakarasika (Kufamba uchiparidza). Tereresa zvakanaka kunziyo dzinenge dzichiimbwa uye uyimbe kwete mukuzvikudza kuti asave manyepo.

Chiedza chikuru nechiduku

Zuva ratinovana rinoshanda sechiedza chikuru, apowo Mwedzi vepanyika ndivo chiedza chiduku (Genesisi 1:16-19). Sezvo, zuva richivhenekera kumwedzi, uyo unzounza chiedza ichi panyika munguva dzemadzekwana. Mwedzi hauna chiedza chinobva pauri. Zvimwechetezvo Jesu Kristu ndiye Mwanakomana pamweya; chiedza Chake cheuMwanakomana chinovhenekera Makristu (kereke) iyo inozopa chiedza kunyika ine kurwara (vakarasika); kereke haina zvimwe zviedza uye haigadzire mwenje vayo. Mwedzi nekereke zvose zvinoratidza chiedza zvakafanana, pasi chimwe chinoviti chinechinangwa (VaEfeso 3:10-11).

Sei munyika kuora kwezuva (kunovika kukanganisa mwedzi) pamwepacho panovika mukuvhara zuva zvekukonzeresa rima panyika. Chingu chimwechete chinokwanisika kuitika munyika yemweya. Apo kereke inenge ichitadza kuratidza chiedza cheMwanakomana kunyika inerima yakarasika. Munyaya iyi, izvi zvinoratidza kutadza kwekuvhenekera kwebasa remwedzi uye rekereke. Kereke haifanirwe kuve mwedzi unonyara.

Mukuvedzera munekuora kwezuva, dzimwe dzenguva kugadzirira kwezuva muoru kwaro kunoitika, Izvi zvinovanzoitika kana nyika ichinge yasvika pakati pezuva nomwedzi uye mwedzi unenge uri murima. Munezvemweya, izvi zvinovanzoitika kana nyika iri (mukurasika) kunouya pakati peMwana nekereke; kereke kana Makristu anenge akarasika munyika anenge ari murima zvekuti haakwanise kuvhenekera vakarasika.

Nokumwe kutaura, kuora kwezuva kunokwanisika kuora rose kana chidimbu. Zvimwechetezvo, mukutaura kwepamweya. Chiedza cheMwanakomana panyama nepamweya. Kuenzaniswa pakati pekwekuora kwepanyama nekwepaMweya kunoiswa mupfungwa (1) ndima inotaura kuti kunyangwe tichirarama munyika ino hatisi venyika ino (Johane 17:14-16) uye (2) kusanyatsosimba kwehuwandu hwekerekere yepaAsia (Zvakazarurwa 2-3). Vanhu vaMwari vakafanirwa kuratidza chiedza cheMwanakomaba nokusachivharidzira kana kuchiviga zvachose; Mweya yenyu nemweya yakarasika inochida.

Chiedza Chevakarurama Mukusiyaniswa neRima Revakaipa

Bhaibheri rinosiyanisa chiedza chekururama nerima revakaipa. Chiedza nerima zvinomirira musiyano vekururama nezvakaipa (2 Vakorinte 6:14). “Imi musasungwa pajoko rimwecheye nevasingatendi: nokuti ndoupi mufambiro ungaveko kuna vakarurama nevasina kururama? Uye kungave kudyidzana kwakadii kwerima nechaedza?” Kunze kweushe hwaKristu hwechiedza kune rima (Vakorose 1:12-133; 1 Petro 2:9). Hapana kudyidzana pakati pechiedza nerima, kururama nouipi, ushe hwaKristu neushe hwechivi.

Chiedza Chaive Mwari Kubva Pakutanga

Denga pachezvaro isimba rehutsvene hwechiedza (1 Timotio 6:16); kugara munaMwari ndiyo nzvimbo yechaedza. Mukuenderera mberi, chiedza chinobva kunaMwari (Jakobho 1:17; Zvakazarurwa 21:23-25; 22:5). Zvakare chiporofita (chakazadziiswa munaJesu Kristu) akafanotaura kuti chiedza chitsvene chichagara panyika muushumiri vaMuponesi (Mateo 4:13-17). Ishe vedu vakauya kuzoitika chiedza pakati pemaJudha nemaGiriki zvakafanana (Mateo 4:13-17; Ruka 2:32; Mabasa 26:23), uye ndiye oga chiedza chenyika (Johane 1:4-9; 8:12; 9:5). Chinangwa chaKristu chainge chiri chekuuya panyika kuzopa chiedza kuvanhu (VaEfeso 5:14), chiedza chaakapa kubudikidza nokuparidza rutendeuko nehumbambo (Mateo 4:13-17). Pano Jesu arikukurudzira vanhu vave vana vechiedza (Johane 12:35-36).

Chiedza Chinovheneka Panyika Kubudikidza neShoko raMwari

Pauro airatidza kuchiedza “chiedza chekubwinya kwevhangeri raKristu” (2 Vakorinte 4:4). Simba rehutsvene rimwechete rinotaura chiedza mukuonekwa kwaro mukurarama kwakaunza chiedza chemweya (Kuzarurwa, kweruzivo) (2 Vakorinte 4:6). Zvino chiedza chomweya nhasi chirikuvhenekera panyika kubudikidza neShoko raMwari. Shoko rinodanwa kuti “chiedza chinovhenekera murima” (2 Petro 1:19-21). Hwaro rweMakristu rwechiedza, icho chaakazoratidza kunevamwe, chinouya nanhasi kubudi-

kidza neShoko raMwari, Evhangeri.

Vateedzeri VaKristu Vanoratidza Hutsvene HweChiedza

Chiedza cheDenga chinogara muvana vaMwari; Makristu ane simba rekutungidza mwenje uyu (Mateo 5:14-16; Ruka 8:16; 11:33-36; 12:35). Makristu anodanwa kuti “vana vechiedza” Ruka 16:18; VaEfeso 5:8; 1 VaThesalonika 5:5-8), sezvo Mwari ari “Baba vechaedza” (Jakobho 1:17). Tinoitwa vana vechiedza kana tichinge “takavhenekerwa” neShoko raMwari (VaHeberu 6:4-6), uye takafanirwa kupa chiedza ichi kune vanhu vose (Ruka 1:79; Mabasa 13:47; 26:17-18) Mwenje veMukristu haufanirwe kungopfuta asi kuti vakafanirwa kupenya, Mateo 4:14-16; Johane 5:35.

Makristu Anochenjedzwa Pamusoro peChiedza Chenhema

Satani nemachinda ake anopfeka kuonekwa kwechiedza nekururama (2 Vakorinte 11:14-15). Munedzimwe nguva vanhu vanova chiedza chenhema sezvaiitwa nemaJudha munedzimwenguva (VaRoma 2:19). Ndima dzakati vande dzinochenjedza pamusoro pevadzidzisi venhema (zviedza) (VaRoma 16:17-18; 1 Timotio 4:1-3; Jakobho 3:1). “Vadikanwa, musatenda mweya yose, asi muidze mweya, kuti muvone kana yakabva kunaMwari; nokuti vaporofita vazhinji venhema vakabudira munyika (1 Johane 4:1).

Makristu Anofamirwa Kuitasei Kuti Mwenje yavo Ipenye

Kuitwa kwemaonero ezvinhu zvakafanirwa kuitwa nekusaitwa muzvitendero (kana chero mungavanekwe nzvimbo yekubvunzira) zvakakosha kana pasina kukaniswa kwechidzidzo chemumwe munhu chisina kukanganiswa. Saka “Mukristu angaita sei kuti atendere mwenje vake kuti upfute?”

(1) Batidza chiedza chimwechete chinobva kuhwaro tsvene (kudenga, kunaBaba, kunaKristu nekuShoko raMwari).

(2) Ratidza yose mwenje inobva pahwaro tsvene (Mabasa 20:27).

(3) Usatendera rima kuti ritore chinzvimbo chechiedza cheEvangeri.

“Hakunomunhu unoti kana atungidza mwenje, ungauisa pakavanda, kana pasi pedengu, asi pachigadziko, kuti vanopinda vavone chiedza. Mwenje womuviri iziso rako; kana ziso rako rakanaka, muviri wako wose uchavhenekerwa; asi kana ziso rako rakaipa, muviri wako wose uchava nerima. Naizvozvo chenjera kuti chiedza chiri mukati mako chirege kuva rima. Zvino kana muviri wako wose wakavhenekerwa, pasina rutivi runerima, uchavhenekerwa wose, somwenje unokuvhenekera nokupenya kwawo” (Ruka 11:33-36).

(4) Isa kure zvinhu zvisina kururama.

“Itai zvose musinganyunyuti, musinenharo: kuti muve vanhu vasina chavanga-

pomerwa, navasina kusarurama, vana vaMwari vasine mhosva, pakati porudzi rwakakombama, rwakatsauka, rwamunopenya pakati parwo semwenje panyika; makabatisisa shoko rovupenyu; kuti ndive nechandinga zvirumbidza nacho nezuva raKristu, ndizive kuti handina kumhanya pasina, kana kubata pasina” (VaFiripo 2:14-16).

(5) Kutsvaka icho chinova chitsvene

“Nokuti imi mose muri vana vechiedza, navana vamasikati; hatizi vovusiku, kana verima. Naizvozvo ngatirege kuvata savamwe, asi tirinde, tisvinure. Nokuti vanovata, vanovata vusiku; vanobatwa nedoro, vanobatwa vusiku. Asi isu, zvatiri vamasikati, ngatisvinuke, takapfeka chidzitiro chechifuva chokutenda norudo; nengowani ive tariro yoruponeso” (1 VaThesaronika 5:5-8).

(6) Pfeka chombo chechiedza.

“Vusiku bwapfuvura, kwoedza; naizvozvo ngatirashe mabasa erima, ngatishonge nhumbi dzokurwa dzechiedza. Ngatifambe nenzira yakafanira sapamasikati; tisingafambi nokutamba kwakaipa, nokubatwa, kana novupombwe, novutere, kana negakava, negodo” (VaRoma 13:12-13).

(7) Mukupedzisira ngatibatei takasimba Shoko raMwari (VaFiripo 2:14-16) “... munovhenekera semwenje uri panyika, Makabata makasimba shoko rehupenyu. ...” Tarisa zvakare vaFiripo 1:17 uye Jude 3.

Medziso

Chiedza chinotsura chivi nerima (Johane 3:19-21; VaEfeso 5:13), uye chiedza cheEvangeri ndicho choga chinokwanisa kuita kuti asakumbuswe kana achinge achifamba manheru (Johane 11:9-10). Munhu anokwanisa kufamba muchiedza kana murima, kwete munezvose kana pakati pazvo (1 Johane 2:8-11). Kubudikidza nokufamba muchiedza munhu anokwanisa kuyanana naMwari uye nekuregererwa zvivi (1 Johane 1:5-7). Mukristu vese akafanirwa kuve “mwenje unopfuta nounovhenekera” (Johane 5:35).

Panemusiyano pakati pechiedza chekururama nerima rechivi; iwe haungatungamirwe nechiedza cheEvangeri here nhasi? Makristu vatadzi vanokwanisa kutungidzwa zvakare (Mabasa 8:22). Vamwe munokwanisa kutanga kufamba muchiedza kubudikidza nekubhabhatidzwa mumvura mukukanganirwa zvivi (Mabasa 2:38; 22:16; 1 Johane 1:7).

Pindura Mibvunzo:

1. Munzira dzipi chiedza chinosiyaniswa nerima muShoko raMwari uye nemudziyo dzatinoimba?

2. Tsanangura zvakafanana pakati pezuva nemwedzi maererano nechiedza neMwa-

nakomana vaMwari uye Makristu. Zvakare cherechedza zvi-jairirwa munemienzaniso yose.

3. Hukama hwekereke nehweMakristu kuna Jesu Kristu unoenzaniswa sei nezuva nekusangana kwezuva nemwedzi?

4. Mufananidzo inoratidzwa muchitsauko ichi, yechimiro cherima yakaenzaniswa nei?

5. Tsanangura mavambo echiedza chemweya, zvakare cherechedza mavambo ekunyengera kana kukwikwidza kunoitwa kuchiedza chemweya.

6. Ndededzipi nzira dzinosanganisira idzo chiedza chomweya chinovhenekera panyika nhasi? Zvakare, muchimiro chipi chachinoonekwa nacho nhasi?

7. Tsanangura mudziyo unotakura mwenje vemweya panyika zvino. Enzanisa mudziyo uyo vechiedza nefurashiraiti - mamwe ane mabhatiri anovheneka, mamwe ane mabatiri asingavheneke uye mamwe asina mabatiri.

8. Ndiani kana kuti ndeipi mwenje yenhema panyika? Munhu anganzwisisa sei mwenje venhema?

9. Ndedzipi dzimwe nzira dzinoitwa nemwana vaMwari kuti mwenje vake upfute?

10. Tsanangura zvinhu zvinokwanisa kudzima mwenje veMukristu, uye ndepapi Mukristu anofanirwa kuzvibvisa.

Chitsauko 7: Kupfeka: Tsvakurudzo Yezvebhaibheri, Kunyorwa Kwenguva

Chidzidzo chekupfeka zvirokwazvo chakataurwa muTestamente Itsva. Testamente Itsva ine chiremerera, icho masimba acho asina kutapudzwa kubva kumakore ekutanga emazana. Izvo Bhaibheri rinotaura pamusoro pekupfeka kunodikanwa nhasi. Zvakare, ndezvipi Testamente Itsva inodzidzisa pamusoro pekupfeka chinova chokwadi izvo zvirikukanganiswa zvinoumba chivi.

Kapfekero Kanotsanangurwa

Inzwi rechirungu rinoreva kupfeka rakaratidzwa kamwechete muBhaibheri muKing James Vision (1 Timotio 2:9). Inzwi rekuti kupfeka rakabva kuinzwi reGiriki kosmios. Zvichireva: kurongeka, kuita kwakarurama, kuvimbika, kusazvitutumadza, urongwa unopindirana, kushonga. Inzwi iri rechiGiriki rinoratidzwa zvakare muSeputugini (Muparidzi 12:9) uye rakashandurwa kureva “kuiswa muurongwa” uye rakaratidzwa kuzvirevo zvaSoromoni. Kosmios rakatorerwa kubva kuinzwi kosmos zvinoreva: hurongwa, unhu, chishongo, zvishongo, kuitwa zvakaionaka, mukushongedza uye yakashandiswa, mune dzimwe nzira zhinji munyika iyo yatinorarama (Mateo 13:35; Marko 16:15). Kosmos rinoshandiswa mukupfeka kwakadzikama uye rinoshandurwa

kuva “kushongedza” muna 1 Petro 3:3. “Kushonga kwenyu ngakurege kuva kwokunze, kwokuruka vhudzi, nokushonga ndarama, kana kupfeka nguvo.”

Kupfeka kunoonekwa mumapfekero emunhu. Chinyorwa kubva kuna 1 Timotio 2:9-10 kunyanya pamusoro pezvipfeko zvekushamisira. Zvakare inzwi rokuti “nguvo” mundima imwechete, rakabva kuinzwi reGiriki katastole rinoreva kuti: kudzikisira pasi, uye rakashandiswa muSeputugindi muna Isaya 61:3. kuve “nguvo” kuchiHeberu rinoreva “chokufuka” kana “kuputira.”

Kupfeka zvakare maringe nezvinyorwa rakashandiswa mumaitiro emunhu. Kosmois rinoratidzwa kuve zvimwe zvezvikwanisiro zvinodikanwa pavatariri kuve “neunhu vakanaka” (1 Timotio 3:2). Muapostora Petro zvakare akadzidzisa kupfeka uye nekudzidzisa zvakafanirwa kupfekwa nemunhu nekupfeka kwemukati (1 Petro 3:1-5). Inzwi rechiGiriki “rekushongedza” muchinyorwa ichi rinova kosmos.

Muchidimbu tichitsanangura zvinoreva kupfeka zvinosanganisira zvose hunhu vekuzvishongedza mukupfeka nehunhu vekupfeka kwemukati. Kurongeka kwakanaka hakusingori kwekupfeka nehunhu bedzi, asi kuti kuripo pamusoro peupenyu vemunhu vemukati uyo anozozviratidza pachake kunze. Kupfeka kunotaurwa neBhaibheri kunotangira mukati kusati kwabuda kunze mukuonekwa kwemunhu.

Kupfekwa Kunotaurwa Muzvinyorwa

“Saizvozvo vo, kuti vakadzi vashonge nguvo dzakafanira, vanokunyara nokuzvidzora; vasava nevhudzi rakarukwa, nendarama, kana maparera, kana nguvo dzinodya mari zhinji; asi (ngavashonge mabasa akanaka, sezvinofanira vakadzi vanoti) tinonamata Mwari (1 Timotio 2:9-10).

Chinyorwa kubva kuna 1 Timotio 2:8-11, umo ndima 9 ne 10 inotaura pamusoro kupfeka inorondedzera kutanga kuungano rekunamata. Kunyanya mukunamata kweruzhinji. Madzimai anorairwa mukuchenjedzwa kuti angwarire kuti zvichida kushonga kwavo kwekunze kungakonzeresa kuparadzwa kwavo uye nekwevamwe. “Kunyara” ndicho chinhu chinovanikwa kumeso emunhu kana chivi chichinge choonekwa kuve chirichinhu chinosembura. “Kuzvidzora” kuzvinzwisisa nekuzvidzora kwepfungwa kubudikidza nokuzvirambidza. “Vasava nevhudzi rakarukwa, nendarama, kana maparera, kana nguvo dzinodya mari zhinji” zvirikuratidza muchimiro apo madzimai aizvishongedza bvudzi ravo negoridhe kana maparera zvinopenya nekuzvishongedza nezvishongo zvinokosha (Isaya 3:16-23) “Asi ngavashonge mabasa akanaka” zvakasianiswa nekuonekwa kwekunze; kushongedzwa kwemukati kwakosha pamberi paMwari uye kunoratidza kumirira mudzimai veChikristu. Chipingaidzo chiripo kwekupedzisira uye chinotsanangura kukosheswa kwekushonga, mukusimudzira kurumbidzwa kwemukati pamusoro pekushonga kwekunze

“Saizvozvo, imi vakadzi, ivai pasi pavarume venyu; kuti kunyange kana vamwe vasingatereri shoko, vadzorwe nomufambire wavakadzi vavo pasine shoko rinorehwa, kana vachivona mufambire wenyu, wakachena pamwe chete nokutya Mwari. Kushonga kwenyu ngakurege kuva kwokunze, kwokuruka vhudzi, nokushonga ndarama, kana kupfeka nguvo; asi ngakuve munhu wakavanzika womoyo, wakashonga zvisingavori zvomweya munyoro wakanyarara, unokosha, zvikuru pamberi paMwari. Nokuti saizvozvo vo kare vakadzi vatsvene, vaivimba naMwari, vakazvishongedza, vachizviisa pasi pavarume vavo” (1 Petro 3:1-5).

Kubva mundima yekutanga yechinyorwa ichi, maitiro ehunhu vemunhu pan-echimwe chinhu, kwakadaro panyama kunodikanwa. Ndimba yekutanga neyechipiri inokurudzira unhu hweutsvene kuve maitiro akafanira kumudzimai veChikristu, mukutsigira murume une mudzimai anemashoko asisashanda pamberi pake. Midzimai veChikristu haafanirwe kuvimba nekuzvikudza kwekushongedza kwekunze mukukwezva murume; kuratidzwa kwekushonga pano kwakangofanana nekushonga kunovanikwa muna Timotio; 1 Timotio 2:9.

Mukufananidza mukutaura, kushongedzwa kwemweya vemukati kwakanyanyokosha kuna Mwari, uye kwakakosha kuti kuitwe nemudzimai veChikristu kudarika kushonga kwekunze. Muapostora Petro akadzidzisa zvakare uyo vakafanira zvakare kudzidzirwa nemadzimai vanotywa Mwari sezvainge zvakaita saSara (ndima 5, 6). Petro haana kurambidza kupfekwa kwezvishongo, kuzorwa kwezinonhuvirira, kana mbatya dzinodura, asi akarambidza kushonga kwekunze bedzi (kunobvisa) kururama nebvisa hunhu unoyemurika. Vose Pauro naPetro vanokurudzira kururama kuti kuve kunoratidzwa kwete kwekunze asi kwemukati.

Ko Kusapfeka Zvakanaka Kunosiyaniswa Here?

Kune pfungwa kana kutaurika kwekuti kupfeka hakuna kusiyana. Shoko raMwari harishanduke. Hakuna zvimwe zvinhu zvakakosha zvingaderedze kana kuisa parutivi dzidziso idzi. Hazvina kumbobvira zvaitwa zvakanaka kuti nguvo kana kusava nenguvo kuti hakukwanise kutadzisa kukanganisa hunhu hwakarurama hweMukristu. Mwari anehanya pamusoro pekupfeka kweMukristu (kuvarume nekuvakadzi) munguva yekunamata kana isiri, varume nevakadzi vanofanirwa kupfeka nguvo dzakatsiga (mukati nekunze) nguva dzose kunyanya paruzhinji.

Pane maitiro apo kuzvinipisa kunosiyanisa. Kupfeka pagungano rekunamata paruzhinji kunoenderana nekupfeka kunoitwa kana vakagara paruzhinji. Zvisinei, sei kupfeka kwemuzvinyorwa paruzhinji kwakasiyana nekupfeka kunovanikwa panzvimbo dzakavanzika dzakaita semuimba yekurara yevanhu vakarorana. Dambudziko remazuvano pamusoro pekupfeka haisi nyaya yekupfeka nguvo, asi kuti ndeyekusapfekwa

kwenguvo kana hembe. Vanhu kunyangwe neMakristu zvakare varikutora kupfeka kunopfekwa pakavanzika semudzimba dzemukati vachifamba kubuda nako paruzhinji. Ichi chinova chivi, sezvo zvichipikisana nekupfeka kunotaurwa neZvinyorwa, izvi zvinoratidza pfungwa dzekushaya hunhu (zvinonyadzisa) zvinobvisa kuitwa kweunhu hwakarurama uye zvichikonzera ruchiva.

Kusapfeka Zvakanaka Kunokonzera Ruchiva

Kupfeka kwenguvo dzepfambi kana hure ndekwekukwezvera varume nguva dzose. “Nguvo dzepfambi” dzinoonekwa uye dzinopfekwa mukuteya (Zvirevo 7:10). Zvingave zvinonzwisika here kuti rokwe rinopfekwa nepfambi mukukwezvera varume muruchiva rinosvika mukusakonzera ruchiva kana richinge rakapfekwa nemudzimai veChikristu?

Kuona munhu kadzi achigeza zvinokonzera kuti pave neruchiva kumunhurume. Mambo Davidha vakaona Betsheba achigeza, vakasvika mukumuchiva, ndokuita hupombwe naye, vakaita mwana naye, ndokuuraya murume vake izvo zvinova zvakaunza matambudziko pamusoropake nenyika yose (2 Samueri 11:2-5). Zvinokurudzirwa here kumadzimai, kunyanya kune avo vanotya Mwari kuti vageze pamberi pevarume, pangave pamhene kana kudhigidha?

Kuchiva chivi icho kunyanya varume vanorairwa kuti vachichenjerere muZvinyorwa kuti vasachiita, zvinokudzwa here kuti mudzimai ashonge nguvo dzinokwezvera chishuwo chekuita bonde uye kufadza chivi? Kuchiva kunotaurwa naIshe vedu kuitwa kwehupombwe (Mateo 5:28). Kuchiva chivi icho chinikonzera kurasika kwemweya (Tito 2:12; VaRoma 6:23; Jakobho 1:14,15; 1 Petro 2:11).

Tsanangudzo Nhasi

Hazvina kufanira kuti Mukristu apfeke zvisina hunhu pakunamata kwegungano. Chinyorwa chikuru kubva kuna 1 Timotio 2:9-10 inotsanangura pamusoro pekunamata kweparuzhinji. Kana ari masiketi anenge asingaoneke kwaanotangira zviri zvigwishu, zvinobata, nehembe dzinobudisa maguvhu kunze hazvina nzvimbo muhutsvene hwaMwari, uye zvakashata zvikurusei munzvimbo dzekunamatira veruzhinji. Kunyanya kumadzimai akafanirwa kupfeka zvakanaka zvinehunhu.

Zvinhu zvisina hunhu nekuitwa kwechivi kumukristu kupfeka zvisina hunhu panoungana ruzhinji. Asi kusapfeka kwakanaka paruzhinji kunokurudzira ruchiva kuMakristu, uye nokudaro, chivi. Mukuvedzera pazvinhu zvisina kukodzera zvinosanganisira chikabudura, hembe dzekudhigidhisa, hembe dzekurarisa nezvimwe zvakadaro zvinokwezvera ruchiva hazvifanirwe kupfekwa neMakristu panzvimbo yekunamatira ruzhinji. Nzvimbo dzekudhigidira kana kutandarira hadziite kuti Mukristu apfeke zvi-

sina hunhu.

Kana kuri kudzimba, kupfeka kwemunhu kunosiyayana siyana. Kupfeka kwakanaka mukati meimba yemunhu kunova kupfeka kusina hunhu muimba yekuunganira ru-zhinji, kana apo unogashira vaeni kana kubuda nadzo panze peruvanze. Zvakare, zvinopfekeka pamberi pemukadzi nemurume hazvikwanisike kupfekeka pamberi pevana. Zvinokwanisa kupfekeka pamberi pemhuri hazvikwanisike kupfekeka kumberi kwevatorwa (semuenzaniso, nhumbi dzekuvatisa).

Rutsingiriro rwekusapfeka kwakanaka. Kupfeka kusingatenderwe nezvinyorwa, zvinoratidza kusazviisa pasi paMwari vanova baba vamwechete, murume mumwechete. kupfeka zvakashama hakusiko kugadzirirwa kwakaitwa. Kupfeka zvakashama zvinokonzero “kusanyara nekuszvidzora,” “kusaratidza uMwari” uye “mabasa asina kunaka.” Kupfeka zvakashama kunotadzisa simba rekukurudzirana kweEvangeri “neshoko.” (1 Petro 3:1-5). Mukupedzisira kupfeka zvakashama chivi, chinotungamira mukutadza zvakare uye nekuzvibisa vamwe.

Mhedziso

Chidzidzo chemapfekero akanaka chinodzidziswa muTestamente Itsva uye chinotsungana nhasi. Kupfeka kwakanaka kurongeka kwehurongwa hwehembe idzo dzisingakanganise hunhu kana munhu vemukati. Kupfeka kwakashama kunokonzero ru-chiva nezvimwe zvivi. Makristu akatendeka haapfeke hembe dzakashama paruzhinji: maminisiketi, madhiresi anobata, hembe dzinobudisa maguvhu panze, hembe dzekudhigidhisa nedzimwevo dzakadaro. Kuramba uchishingaira kupfeka zvisina kusimira kupandukira Mwari, neShoko Rake, kereke, baba nemurume. Kupfeka zvakashama kunoparadza Makristu nekubudirira kweEvangeri.

Pindura Mubvunzo:

1. Inzwi rekuti kupfeka rinoshandiswa zvakadii pazvinhu zviripanyika nekuzvishongera pachezvako? Ndeupi hukama uripo pekuzvishongedza maererano nemapfekero enyika ino nekapfekero kanehunhu?
2. Mukuita kupi kupfeka kunofanirwa kuve kwekunze nemukati?
3. Mumaramire amazuvano kupfeka kwave kushama, ko kapfekero kanodiwa muzvinyorwa kakamirasei, kunosanganisira kupfeka zvisingaite? Izvi zvinotiratidzei nhasi?
4. Ipa musiyano vezvishongo zvakasiyana zvevamwe vanhu, vanosanganisira vemhuri. Ndedzipi mhando dzezvishongo zvinogona kuve nesimba muzvinhu zvakakanaka zvitsvene chaizvo izvo.
5. Ndezvipi kubva kuna 1 Petro 3:1-5 zvinoratidza kuti Mwari haana kurambidza kushonga zvatinoda pachedu (somuenzaniso, zvishongo nezvinonhuvirira)?

6. Inzira dzipi dzinosiyaniswa mukupfeka? Munzira dzipi kupfeka kusingasiyaniswi?
7. Enzanisa “nguvo yepfambi” nekupfeka kwenguva ino, uye enzanisa zvakafanana nezvisina kufanana. Munhu anokwanisa kuziva here mando yenguvo dzinokwanisa kukonzeresa ruchiva?
8. Ndezvipi zvinokurudzirwa nekusapfeka kwakanaka uye neruchiva? Ndiyani anotakura mhosva yekuchiva?
9. Kupfekwa kwezvipfeko zvekugezesa nekudhigidha nazvo paruzhinji zvinotenderwa here kunzvimbo dzinotandarirwa dzemvura kana dzimajecha sezvo ruzhinji runenge rwuriko runenge rwusina kusimira?
10. Ongorora chivi chekusapfeka zvakadzikama uye nezvimwe zvezvivi zvazvinokwanisa kukonzeresa.
11. Tsanangura zvinokonzerwa nekusasimira kuMakristu.

Chitsauko 8: Kurambana Nekuroorazve: Chirwere Chemazuvano

Chidzidzo ichi chekuroora - kurambana - nekuroorazve ndicho chirwere chema-zuva ano; kune dzidziso dzose dzirikukombamiswa dzinova dzirikukanganisa Makristu erudzi rwanhasi, zvichida hapana hosha kana chinhu chinouraya. Dzidziso dzinodziswa mukukanganisa pamusoro pekurambana nekuroorazve zvinova zvazara muzvotendero zveChikristu kuita sekuzara kwakaita dzimwe dzidziso dzenhema. Zvinevimbiso zvinonzwika nekuda kukanganisa mwenga vaKristu usina gwapa nekuzadza kereke nevaiti vehupombwe.

Areka yeruchengetedzo irikumwirira mvura yemunyika uye haichakwanise kuramba ichiyerera iri pamusoro pemvura, kunze kwekunge pakabooka pasvika mukugadziriswa uye mvura idzodzo dzosvika mukuraswa. Kusacherechedzwa kwevadzidzisi venhema, vadzidzisi vamangwana, vaparidzi, vatariri, nevabati, vachasvika mukutsvakwa kubva mumasanhano ehupi hwehupombwe. “Asi” takaudzwa “hauzivi here kuti Jesu Kristu aitaura nevadzidzi vake bedzi muna Mateo 5:32? Saka Ishe vedu kudzidzisa kwavo pamusoro pekurambana kunoshanda pamusoro peMakristu bedzi nhasi; hazvisvike pakubata vasiri Makristu nhasi.”

Nokumwe kutaura tirikuodzwa kuti titende kuti vasiri Makristu vanokwanisa kuroora nekurambana nekuroorazve kwenguva dzakawanda vasati vabhabhatidzwa zvavo, uye kune ani nani anenge azviita achinge abhabhatidzwa kumunhu iyeye anenge aroora. Zvinoratidzika kuti Mwari anenge asingacherechedze vanano yevasiri Makristu. Pakaipa, unofunga sei kuti Mwari unoona vanano pakati pemuKristu nevasiri Mukristu; kuti asina kubvira aroora kumwe neakamboroora; kana kuti Mwari anotora vanano iyi kusatove vanano zvachose?

Vateereri: Vadzidzi kana Kuti Chaunga Zvakare

Zvirokwazvo vadzidzi vaIshe vedu vaivepo apo Jesu akadzidzisa Mharidzo paGomo, kusanganisira neapo paakataura dzidziso yekuroorana nekurambana (Mateo 5:1-2,32). Nokudaro, chaunga chainge chakaungana kubva kuGalilee, Decapolis, Jerusarema, Judhiya nekudarika Joridhani vakatevera Jesu (Mateo 4:25). Ruzhinji rwevanhu ndirwo chikonzero chakaita kuti aende kugomo, asi kuenda Kwake kugomo kwaive kwekutiza mhomho here kana kuti aida kutura kuchaunga ari panzvimbo yakakwirira (Mateo 5:1)? Ichokwadi kuti vadzidzi vake vakauya pedyo naye, asi izvi hazvina hazvo kusiya chaunga. Vateereri vake vainge varipo nehuwandu ukurusa, zvinosanganisira gungano rakakura, kana tichitarisa kuna Mateo 7:28-8:1.

“Jesu wakati apedza mashoko iwayo vanhu vazhinji vakashamiswa nedzidziso Yake. Nokuti wakavadzidzisa sounesimba asingaiti savaSadhuse. Wakati aburuka pagomo, vanhu vazhinji-zhinji vakamutevera.”

Cherechedza kuti apo Jesu akapedza Mharidzo yeGomo, “vanhu vazhinji vakashamiswa nedzidziso Yake.” Inzwi rechiGiriki rinoreva “vanhu” pano rinoreva “boka” kana “chaunga” kunova kudanwa kwainge kwakakodzera kuvadzidzi guminevaviri. Zviripachena, kuti chaunga chakange chiripo paMharidzo yePagomo; ndosaka vakashamisika nokuda kwedzidziso dzake. Zvakare, ko Jesu akasiya chaunga here, achitsvaka utiziro mugomo, chaunga chaipararira, chorega kumutevera kana achinge aburuka mumakomo, sezvaakaita.

Ruka 7:1 maererano nemhedziso yeMharidzo yePagomo, zvinosvika pakupindura mibvunzo yose, kana vanhu (tichivedzera nevadzidzi) vaivepo, chaunga chaivepo: “Zvino wakati apedzisa mashoko ake ose, vanhu vachinzwa, akapinda Kapernaume.” Inzwi rechiGiriki pano rekuti “vanhu” pano rinoreva “vanhu, kwete vagari.” Jesu haana kudana vadzidzi vakekungova vanhu bedzi asi kuti vaive vadzidzi vake vepedyo. Mharidzo Pagomo yaisave muenzaniso vekurairidzwa kwevadzidzi vake vepedyo bedzi. Ichi chaive chiitiko chekudzidzisa ruzhinji kuchaunga chainge chakaungana. Nokudaro, Mateo 5:31-32 pamusoro pekurambana nekurooranazve kwakadzidziswa kumunhu vose, uye zvinosunga kunavose angave asiri mudzidzi kana mudzidzisi.

Vadzidzisi Vanodzidzisa

Jesu, Mudzidzisi Mukuru, Chinangwa chake chaive chekudzidzisa vamwe vadzidzisi kuti vagokwanise kuzodzidzisa vamwe; akataurira vadzidzi vake kuti aizovaita “varedzi vavanhu” (Mateo 4:18-22). Zvimwechetezvo, muapostora Pauro anorairira Timotio kuti adzidzise avo vanozokwanisa kidzidzisa vamwevo (2 Timotio 2:2). Muparidzi nhasi dzimweni dzenguva anozviona achishanda nekereke inoda kuti mu-

fundisi vayo anomira mudzidziso dzezvokwadi, nekuvadzidzisa? Apo vanorambidzwa, somuenzaniso, kudzidzisa “kutanga kutsvaka humambo hwaMwari” (Mateo 6:33) kana “Havazi vose vanoti kwandiri Ishe, Ishe vachapinda muvusha hwokudenga. Asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga” (Mateo 7:21)? Kana, paanorambidzwa kudzidzisa pamusoro pekurambana nekuroorana? Zvinoshamisa zvakadii!

Aninani

Inzwi rekuti “aninani” rinotaura kumunhu vese. Mukupera kweMharidzo yePagomo, Jesu akasunga izvo zvaainge adzidzisa vanhu vose, vose vaivepo nerudzi rwaizotevera raisavepo, zvichiuya kusvika mumazuva edu zvakare, “Naizvozvo mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu awa, akaaita ungafananidzwa nomurume wakachenjera. Wakavaka imba yake paruware (Mateo 7:24). Jesu haana kutaura kuti kutaura kwake kwainge kwakasungwa bedzi kune avo vaaitaurira pazuva iri, asi kuti navose avo vaizodzwa zvose akataura, sekutaura kwaakaita pachinyorwa ichi cheMharidzo yePagomo. Saka, hazvina basa kunyangwe dai vaapostora vainge varipo vega vaivepo panguva yekuparidzwa kweMharidzo yePagomo; nokuti vanhu vose “aninani” anosungwa nokutaura uku.

Zvakare, inzwi rekuti “aninani” rakashandiswa naIshe vedu muna Mateo 5:32 pamusoro pekurambana nekuroorazve. “Asi ini ndinoti kwamuri, mumwe nomumwe unorasha mukadzi wake, asi nemhosva yovupombwe, unomuitisa vupombwe. Aninani unowana wakarashwa unoita vupombwe” (Mateo 5:32). Nokudaro, Jesu anotsanangura dzidziso dzake kumunhu vese kunyangwe kutaura kwakataurwa muMharidzo yePagomo. Pada huvepo hwevaapostora vega kwainge kusina kukosha.

Munofanirwa Kuita Zvirinane

Kuti munhu akwanise kupinda humambo hwekudenga, kururama kwake kunofanirwa kunge kuchidarika kuipa kwevanyori nevaFarise vekutanga. “Nokuti ndinoti kwamuri, kana kururama kwenyu kusingapfuvuri kururama kwavanyori nokwavaFarise, hamungatongopindi muvusha hwokudenga” (Mateo 5:20). Zvisinei, nechokwadi chevaapostora, sei vasiri pachokwadi maererano nevasiri vadzidzi kana vasiri Makristu? Hazvisi pachokwadi kuti vamwe kunze kwevadzidzi vepedyo vaJesu vaizviratidza kuva vakuru vekutendeka kuvanyori nekumaFarise mukupinda “muumambo hwekudenga”? Zvirokwazvo uori hunoitwa kunyangwe nevasiri vadzidzi haufadze Mwari! Kururama kukuru (Mateo 5:20). Ndechimwe chechikamu cheMharidzo yePagomo, zvino inova inoshanda kuvadzidzi gumi nevaviri bedzi, neMakristu bedzi nhasi here? Kwete!

Ndima yaMateo Guminepfumbamwe

Sezvo, Chitsauko chaMateo Cheguminepfumbamwe chinotanga, nechaunga chevanhu chikurusa chichiteera Jesu (Mateo 19:2). Muruzhinji rwevaimuterera maive vaFarise avo vakabvunza mubvunzo pamusoro pekurambana kuna Ishe vedu (Mateo 19:3). Ichi hachisi chiitiko cheMharidzo yePagomo (Mateo 19:1).

Jesu mukutanga akaendesa vateereri kuhurongwa hwekutanga hwevanano (so-muenzaniso, pasina kurambana; Mateo 19:4-6). Zvakare vaFarise vakati Mozisi akatendera kurambana (Mateo 19:7). Ishe vedu vakapindura kuti, Mozisi haana kunge akaraira kurambana, asi kuti “vakatambura” nekurambana nokuda kwemoyo yenyu mikukutu (Mateo 19:18). Ndima yemukati yeChisere inopedzisa nekumwe kutura kwaMwari muhurongwa hwake: “asi kubva pakutanga zvainge zvisina kudai.”

Muna Mateo 19:9, Jesu akadzoreredza hurongwa hwaMwari hwekutanga pamusoro pevanano, ndokuuisa kune vanhu vose kubudikidza neshoko “aninani.” “Uye Ndinoti kwamuri: Aninani unorasha mukadzi wake, asi nemhaka yovupombwe, akawana mumwe, unoita vupombwe: nounowana wakarashwa unoita vupombwe.”

Chaunga chaivapo, (zvakare, vadzidzi vaivepo zvakare) Jesu akaparidza mukudzidzisa vasingatendi, vaimuedza, neuori hweMaFarise. Vadzidzi nevainge vasiri vadzidzi, vaitenda nevaisatenda, vakaudzwa pachena kuti uyu ndivo mutemo vaMwari pamusoro pevanano, pekurambana nekuroorazve uyo vainge vakusunga kumunhu mumwe nemumwe, nokumwekutura kumunhu vese. Vadzidzi vakanzwisisa izvo Jesu aidzidzisa vakazvitora kuva dzidziso dzakaoma; “Vadzidzi vakati kwaari: Kana zvakadaro pakati pomurume nomukadzi, hazvina kunaka kuwana” (Mateo 19:10). Havana kuramba dzidziso kana Ishe vavo! Zvino zvirikufamba sei, kuti vanhu nhasi havasi kukwanisa kunzwisisa kudzidzisa kumwechete uku, kana mukusvika mukuramba dzidziso naIshe?

Vakorinte Vekutanga Chitsauko Cheguminerimwe

Mukuenzanisa, nezvinotarisirwa neruzhinji, muapostora Pauro haana kubvira avedzera kana kutapudza kubva panezvinhu Jesu akadzidzisa pamusoro pekuroorana nekurambana. Mundima dzemukati dzina dzekutanga, muapostora akanyora kuVakorinte kuti vanano inochengetedza kubva kuupfeve uye hurongwa hwakagadzirwa naMwari mukupedza chido chebonde. Kuroorana, hurongwa hwaMwari zvinosanganisira urongwa hwekuzvigutsa panhau dzepabonde.

Ndima yemukati yeChishanhu inopa chikonzero chinokwanisa kupatsanura pakati pemukadzi nemurume izvo Mwari akatendera zvenguvadiki, inguva yekunamata nekutsanya. Ndima yemukati yeChitanhatu kusvika yeChisere inopa rayiro kune vanhu vasina kuroora kuti munguva yekutambudzika (ndima 26). Ndima yemukati yePfumbamwe inotaura kuroorana kuchiitirwa kudzima ruchiva.

Ndima dzemukati 10 ne11, dzinorambidza kurambana sekutaura kwaMateo 5:32 uye 19:9; ndima 11 inovedzera, kuti kurambana kunofanifarwa kuitika bedzi kana munhu aita zvakaipa kana kutadza kuyananiiswa.

Pauro anotanga nendima yemukati ya12, Pauro anotaura pamusoro pechimwe chikamu chevanano icho Ishe vasina kutaura. Vapostora havana kupikisa kana chinhu chimwechete pazvinhu zvakataurwa naJesu, asi nokuda kwekufuridzirwa neMweya mukunyora anobudisa pachena mukutsanangura musoro uyu. Ndima yemukati ya12 kusvika 14 anoenderera mberi mukudzidzisa kuti Mwari anocherechedza vanano dzose dzeMakristu nedzisiri dzeMakristu. Zvoreva kuti mutemo vaMwari pamusoro pekuroorana unoshanda zvakafanana kungave kune asiri Mukristu kana Mukristu.

Ndima 15 ne 16 hadzipe bvumo pamusoro pekurambana nekurooranazve. Makristu anofanirwa kutsvaka kuyananiiswa, asi haisi mhosva kubetsera mupatsanuro (uye zvinogoneka zvichitevera upombwe veuyo anenge akuenda) sezvo asiri Mukristu anosiya Mukristu nokuda kwechitendero cheChikristu (Mateo 5:32). Zvinogona kuti ruponeso rweumwe pakati pevanano chinogona kuva chikonzero chakakwana chekuzama kuchengeta Mukristu kubva kune kuroorana neasiri Mukristu.

Mundima 17-24 Pauro anotsanangura mabasa nehukama uyo unenge uripanjodzi yekubatanidzwa uye nekuve zvakanyanyo kuoma kubudikidza nekutatarisana nekutambudzika kwenguva iyoyo. Kufamba sekunge Ishe une vaadana haisi bvumo yekuchinja vanano yehupombwe kuva vanano yakarurama. Kutendeuka kunokwanisa kumisa hupombwe munhu asati abhabhatidzwa; nokudaro hazvibviri kunaani nani kuti afunge kuti akabhabhatidzwa zvinosvika mukushandura vanano yechivi kuve yakarurama. Kubudikidza nendima idzi, Pauro anokurudzira kuchengetedzwa kwevanano nechipimo chekugutsikana, zvisinei nezvimhingamupini zvinonetsa kana matambudziko (somuenzaniso, unhapwa, muvanano, kuvebhachura, vakarora asi vakarambwa).

Ndima 25 ne 26 dzinomirira kuvedzerwa kwezvinhu zvakafuridzirwa mukuraira “mukushungurudzika kwanhasi” (dzimwenguva mukutarisa mukuparadzwa kweJerusalem nekupararira kwaïta kutambudzwa). Pasi pechiitiko chakadaro zvinokurudzirwa kuve tinounza zvinhu zvitsva (Mateo 24:19). Kutambudzika kwakada kufanana nhasi kunosanganisira: hondo, kuoma kwehupenyu, nematambudziko makuru kana nzara. Ndima yemukati 7 inorambidza zvakare kurambana. Vasina kuroora vanokurudzirwa kuti vasaroore, kubudikidza nekutarisa “matambudziko aripo.” Ndima 28-35 inopa chenjedzo pamusoro pekurora uripasi “panguva yedambudziko,” uye zvakare inokurudzira kuti zvirinani kuti uroore pane kutsvira mukati neruchiva. Apo vanano pachezvayo inogona kukanganisa mukuzadzisa kuita basa raMwari, tisingataure kuti zvakadii kana munhu ari pasi pedambudziko. Ndima 36-38 dzinotipa chivimbo chekuti munguva yekufamba kwetsamba, vaisafanirwa kuita chivi uye nekutendera vanasikana

vavo kuroorwa.

Mukupedzisira, ndima 39 ne 40 inorambidza kurambana, asi inotendera chirikadzi kuroorwazve. Mukati meVakorinde Vekutanga Chitsauko Chechinomwe, kurambana hakutenderwe; ndima iyi inodyidzana zvakanaka naMateo 5:32 uye 19:9. Hapana pano patinoona pachitapudzwa kana kuvedzera izvo Jesu akadzidzisa; zvakare kana izvo Jesu nanaPauro vaidzidzisa pamusoro pekuroorana nekurambana zvisingabate kune vasiri Makristu, zvoreva kuti vasingatendi vanofanirwa kuenderera mberi nehupfeve nehupombwe pasina kana mhosva yekutadza here?. Kana zvirizvo, zvoreva kuti vadzidzi vaIshe vaireva chokwadi, “Kana zvakadaro pakati pomurume nomukadzi, hazvina kunaka kuwana” (Mateo 19:10). Chishamiso chachadii!

Evangeri Kumunhu Vose Kana Kuti Kwete?

Ndizvo chaizvo zvaive naJesu’ dzidzidzo pamusoro pekuroorana nekurambana uko kusina kufanira kumunhu vese? Ndechimwe chidimbu cheEvangeri here? Johane 14-16 chiitiko icho Jesu akataura kuvaapostora vake bedzi, uye kuve chidimbu chekutaure kwake kwakunongonongedzera bedzi kuvaapostora (somuenzaniso, zvivimbiso pamusoro peMweya Mutsvene). Asi chikamu chikuru chendima iyi chinotaura kumunhu vese. Hakuna chinhu muna Mateo 5:32 kana 19:9 kana muzvinyorwa zvavo zvakapoterredza mukutarisa basa iro Jesu’ aidzidzisa pamusoro pekuroorana kana kurambana zvainge zvisina kufanirwa kuvanhu vose.

Zvose Evangeri raKristu rakabatana (rinorambidza izvo, zvakasimbiswa somuenzaniso, zvinosanganisira zvinyorwa) zvinoshandiswa kuvanhu vose, kana kune mumwe ane kurudziro itsvene pachake akafanira kugashira basa rekusiyana kwazvinoshanda nekwazvisingashande muShoko nokuda kwedu tose. Shoko raMwari rinoverenga sekushandiswa kwarinoitwa kune vanhu vose!

Mhedziso

Kusagadzikana mupfungwa handicho chikonzero chinoita kuti urambe Shoko raMwari. Zvirokwazvo tinonzwisisa kunetsana kunokwanisa kupatsanura mhuri mukucherechedza kutsanangura kwaMateo 5:32 uye 19:9 kunoitika kuvanhu vose. Ndipindure apa, zvakanaka here kuti mhuri izvike mukupatsanurana kubva mukugarisana, kana kugara mugehena radhiabhurosi, kupesana naMwari zveupenyu hwose? Ndiko kuparadzwa kwevanano dzemuunzenza (dzinosanganisira neidzo dzinevana) zvaive nyore kuvanhu venguva yeTestamente Yekare (Ezra 10)? Ngazvive zvakare zvinorangarirwa, Mwari haakurudziri kurorana kusingadikanwe, asi anopa yambiro kune vose vanoverenga Evangeri pamusoro paizvozvo.

Kuraira kwaIshe vedu pamusoro pekuroorana hakuna kumbooma kuteedzera

(Mateo 5:32;19:9). Chii chaunoita neshoko raJesu zvinoratidza zvinhu zvaanokuitira mukuguma kwenguva. “Unondiramba, asingagamuchiri mashoko angu, unomumwe, unomutonga; shoko randakareva ndiro richamutonga nezuva rokupedzisira” (Johane 12:48).

Pindura Mibvunzo:

1. Zvinetso zvekuroorana - kurambana - nekurooranazve zvinoitika munharaunda dzedu zvinosvika mukukanganisa sei kereke yaIshe vedu? Sei dambudziko iri richikanganisa Kereke zvakare?
2. Ndeapi matambudziko anokonzerwa nekuroorana - kurambana - nekurooranazve angazvika kukanganisa kereke?
3. Kunani uko kurairwa kwekuroorana kunotaurwa naJesu Kristu Kunoshanda? Tsanangura.
4. Ndezvipi uye kunani Jesu aitarisira kuti vadzidzi vake vagodzidzisa? Dzidziso dzaishe vedu pamusoro pekuroorana nekurambana nekurooranazve dzaive here chimwe chikamu dzedzidziso dzacho?
5. Kudzidzisa kwaJesu pamusoro pekuroorana - kurambana - nekurooranazve dzaitambirwa mumakore ezana ekutanga kudarika nhasi uno here?
6. Tsanangura chimiro nepanotarisirwa kurambana kwemurume nemukadzi Mwari akatendera.
7. Verenga matambudziko enguva ino anokwanisika kuitika, anosvika kukanganisa vanano.
8. Kubudikidza ne1 Vakorinte 7:10 inorambidza kurambana, ndedzipi yambiro mua-postora Pauro anovedzera mundima 11 mukukurudzira vanhu vanenge varambana kuti vasazviisa muchivi?
9. Vasiri Makristu havasi pasi pemurairo vaIshe vedu vekuroorana here tichienzanisa nezvavanofanirwa kuita panyaya yeruregerero?
10. Kana mumurume Mukristu akada kuti Mukristu asarudze pakati pake neChikristu, ndezvipi Pauro kubudikidza nokufuridzirwa akaraira?
11. Ndezvipi zvinodikanwa nezvinyorwa zvebhaibheri kurubhabhatidzo rwunoita kuti pakwanisike kushandura kuroorana kweupombwe kuitwa kuve kwakakodzera kunodikanwa naMwari?
12. Kubudikidza 1 Vakotinte 7 kuroorana kunoratidzwa kuve kunokurudzitwa uye kuchirapa chii, zvisine nechimiro chekutambudzika?
13. Ndiyani anotakura basa rekuparara kwemhuri inenge yakagadzirwa kunze kwemuravo vaMwari vekuroorana? Kutsamwa kwemunhu mupfungwa dzake kunove pamusoru pekuraira kwaMwari here pamusoro pekuroorana - kurambana - nekurooranazve?

14. Chinhu chinova chakakura sei kuzvidza Shoko raMwari? Makristu anosvibisa mweya here pachezvavo pachikamu chekuraira kwehutsvene?

Chitsauko 9: Basa reVakadzi Mukereke

Hurukuro “yeBasa reVakadzi Mukereke” tsaura chidzidzo chekuzviisapasi, kubudikidza nechinhu ichi Mwari akasarudza kuva batanidzo yemasimba. Sekutarisira kwaMwari Baba, mumwe nemumwe anofanira kuzviisa pasi peumwe (1 Vakorinte 15:24-28; VaHeberu 2:8). “Asi ndinoda kuti muzive kuti musoro womumwe nomumwe ndiye Kristu;vuye musoro womukadzi ndiye murume; vuye musoro waKristu ndiye Mwari” (1 Vakorinte 11:3). “Zvinhu zvakashata kuti mukadzi atore atore chinzvimbo chemurume sezvo murume akafanirwa kutora chinzvimbo chaKristu” (Lottie Novak). Kereke iri pasi paKristu (VaEfeso 1:22; 5:24); vanhu vose vari pasi “pekururama kwaMwari” (VaRoma 10:3; Jakobho 4:7); munhu vese ari pasi pehutungamiri hwenyika (VaRoma 13:1-7; Tito 3:1; 1 Petro 2:13); uye vana varipasi pevabereki Ruka 2:51; VaHeberu 12:9). Zvakare hazvirambike kuti Bhaibheri rinodzidzisa zvakare pachena kuti vakadzi vari pasi pevarume (1 Timotio 2:12; 1 Vakorinte 11:3). Zvakare, Zvinyorwa zvinotsanangura kuti vakadzi vanofanirwa kuzviisa pasi pevarume vavo chaivo (VaEfeso 5:22-25; Vakorose 3:18; Tito 2:5; 1 Petro 3:5-6), kunyangwe varume vavo vasiri Makristu (1 Petro 3:1).

“Basa reMadzimai Mukereke” kana kuti mudzimba munove nemakakatanwa kana mukaita vamwe vanoratidza kutapudza kuremekedza masimba aMwari neShoko rake Dzvene! Makristu anoramba kuzviisa pasi pabasa reMwari “dzidziso dzemazvirokwazvo” (Tito 2:1, 4:5) uye nekusanyomba Shoko raMwari (Tito 2:5)!

Kuzviisa pasi kwemadzimai kuvarume chinhu chaive chitsvene chaikosheswa change chakabata muraramo yemaJudha nekuMakristu kubva kare. Mwari akapa basa remudzimai neremurume mubindu reEdheni, munguva yemukutanga kwemadziba-ba.

“Kumukadzi akati, Ndichawanza zvikuru kurwadziwa kwako nokutora mimba kwako, uhabereka vana uchirwadziwa nemimba; kuda kwako kuchava kumurume wako, iye achava ishe wako” (Genesisi 3:16). Nokudaro kuzvininipisa kwemadzimai kuvarume hazvinei nechekuita netsika kana magariro asi zvinobata zvose. Zvakare, Evangeri harina kuchinja kana kubvisa kuzvininipisa kwebasa remadzimai tichienzanisa zvinosanganisira (1) kurwadziwa pakuzvara (2) kudikitira nekushanda, uye (3) kufa kwepanyama (Genesisi 3: 16-19), zvose zvicharamba zviriko kusvika kumagumo kwen-guva.

Shoko rakafuridzirwa naMwari rinopa zvikonzero zvakati vande pamusoro pe-

kwekuzvininipisa kwemadzimai: “Sezvo Adhamu ariye akatanga kusikwa tevere Evha” (1 Timotio 2:13). Mukadzi ndiye akanyengerwa naSatani kwete murume (1 Timotio 2:14); (3) mukadzi akasikwa kubva pamurume (1 Vakorinte 11:8); uye (4) mukadzi akasikirwa murume (1 Vakorinte 11:9). Asi, ruponeso nerukudzo rwemukadzi hazvibve kumurume (VaGaratia 3:28). Kunyangwe Evangeri haaridzime chimiro chiripo pakati pemarudzi, zvematongerero enyika kana chimiro chezvehupfumi, kana chimiro chekuve murume kana mukadzi.

Ndimba iyi [VaGaratia 3:28] inogovera kukosha kweMakristu pamberi paMwari kwete kubviswa kwemabasa. Kufa kwaKritsu hakuna nechekuita nemabasa aya. Richiri basa remukadzi nemurume, vabereki nevana, hurumende nemaguta, vatariri nema-sangano, nemamwe akadaro. Apo tinemabasa akasiyana ekuita, Makristu ose ane kukosha kwakafanana pamberi paMwari (Jane McWhorter).

Nokudaro, mumatambudziko anosangana nekuzvininipisa kwevakadzi, Mwari akapa basa rakakosha kuvanhukadzi rakakosha nekuisa chengetedzo pamusoro pavo zvakare. “Mirayiro yose iriko kuMakristu ose kunze kwekuti Mwari apa chikonzero uye akabvisa zvimwevo pamusoro pevanhukadzi” (Lottie Navak).

Mudzimba dzedu vakadzi navanamai vane mabasa makuru ekuita (1 Timotio 5:14; Tito 2:1-5). Nzvimbo yekushandira Mwari kunyanya kusanganisira vanamai, kuchengeta nekutarira vana, mukadzi haana rimwe basa rakakosha pamberi paMwari mukunamata mukereke pane kuita basa rekuchengetedza mhuri yake. “Kana mudzimai akatiza nzvimbo yake anenge atiza nzvimbo iyo yekuti hakuna mumwemunhu anokwanisa kuizadzisa” (Lottie Novak).

Bhaibheri reAmerican Standard Vision rinoverenga richidana vakadzi kuti: “Vashandi vekumba” apo King James Vision rinoti “vachengeti vekumba” (Tito 2:5). Zvirokwazvo, Mwari akapa vakadzi basa rekuita: (1) iro vanofanirwa kurigamuchira kumufadza Iye (2) nderipi basa rinofadza kugamuchira, uye (3) iro vakadzi vanofanirwa kupihwa kukosheswa nokuda kwebasa reumwari.

“... kuvanyore kwechirevo “vachengeti vedzimba” chinoda kunzwisisa kwenyu pachiri. Sekuita kwemuchengeti vemhuka, munzvimbo yadzinochengeterwa, saka ‘muchengeti vemba’ anochengeta kana kushanda ari mumba” (Cindy Colley).

Semukadzi, mukadzi akakosha kudarika shamwari. Mubatsiri kumurume vake munezvishuvo zvezvinangwa zvavo zvepanyika nezvekudenga, kubudikidza nekusiyaniswa kwemabasa. Mukadzi anozvininipisa uye anoita basa rake nemazvo anomodzera kupihwa rudo nekubatwa zvakanaka kubva kumurume vake (VaEfeso 5:25, 28, 33; Vakorose 3:19; 1 Petro 3:7). Akwira naPrisira muenzaniso vemukadzi nemurume vaikudzwa vakave nekushandidzana zvisina godo.

Mumabasa ehutungamiri mukereke akapihwa kuvarume nekutsigira mumabasa

akapihwa kuvakadzi; asi havasi vose varume vanokwanisa kuve vatariri (1 Timoti 3:1-7), kana kuve vabati (1 Timotio 3:8-13), kana muparidzi kana mudzidzisi (1 Vakorinte 12:18). Nokudaro, varume seboka vachatongwa naMwari nokuda kwebasa rekutungamirira nekudzidzisa kereke; Mwari akarambidza madzimai mabasa ivaya. “Naizvozvo ndinoda kuti varume vanyengetere panzvimbo dzose, vachisimudza mavoko matsvene, vasinakutsamwa nenharo. Saizvozvo vo, kuti vakadzi vashonge nguvo dzakafanira, vanokunyara nokuzvidzora; vasava nevhudzi rakarukwa, nendarama, kana maparera, kana nguvo dzinodya mari zhinji; asi (avo vakadzi vanopupura humwari) ngavashonge mabasa akanaka, sezvinofanira vakadzi vanoti tinonamata Mwari. Mukadzi ngaadzidze nokunyarara nokuzviisa pasi kwose. Asi handitenderi mukadzi kuti adzidzise, kana kuti ave nesimba pamusoro pomurume, asi ngaanyarare” (1 Timotio 2:8-12).

Chinyorwa muna 1 Timotio 2:8-12 chinotaura pamusoro pekunamata kwete uye nekutaura mabasa akafanirwa kuitwa nevarume nemadzimai maererano neungano dzeruzhinji. Muapostora Pauro anoshandisa inzwi rechiGiriki (rinobva pana aner) rinoreva varume mukusiyanisa nevakadzi mindima yechisere ne12 kuratidza: (1) ndiani akafanirwa kupa munyengetero veparuzhinji, uye (2) nokuda kwekuti vakadzi havatenderwe kudzidzisa mukuita masimba. Kumashure muna 1 Timotio 2, Pauro anodzokorora kushandisa rimwe inzwi rakasiyana nerekutanga rechiGiriki (rinobva pana anthropos) apo anoreva kuvanhu, zvinosanganisira (ndima 1, 4-5). Mukadzi haana kubvira apihwa kodzero dzekudzidzisa pamusoro pemurume mukuita kwekumanikidza kuita kwakakura uku kunoshanda munzvimbo dzose idzo Makristu anenge akaungana pazvinhu zvemweya, pangave muchivakwa chinoitirwa kereke, mumba, horo inoitirwa misangano, kana chidzidzo mukoreji dzeMakristu. Hakuna murume kunyangwe kana mutariri, anotenderwa kupa mukadzi bvumo yekukanganisa mutemo vaMwari (Jane McWhorter).

Zvisinei kuti vakadzi vanorambidzwa kumiririra mukudzidzisa, asi, vakarayirwa kudzidzisa (Tito 2:3-5), uye vakadzi vaidzidzisa - asi kwete paruzhinji, kwete mukuratidza masimba pamusoro pevarume - munguva dzeTestamente Itsva, vaidzidzisa varume pasiri paruzhinji (Mabasa 18:24-26), asi kunevamwe vakadzi (Mabasa 2:19; Tito 2:3-5), nevana (1 Timotio 1:5; 3:14-15) nevarume vavo (1 Petro 3:1).

Vakadzi zvakare vanodzidzisa nekutaura apo vanenge vachiimba nevamwe (VaEfeso 5:19; Vakorose 3:16). Vakadzi havana kurairwa kuti vabve vanyarara zvekunyararisa paungano, “sekusatobudisa kana inzwi” (KJV) kana “runyararo” (ASV) muna 2 Timotio 2:12 inoreva “runyararo rwekuteerera.”

Pachinzvimbo chekushushikana nokuda kwehochekeche dzemasimba ehurongwa hwaMwari uye nekuita izvo madzimai asingatenderwe kuita, vose vanofanirwa kuz-

iva kuti kune zvizhinji vakadzi vanokwanisakuita kunze kweizvo Mwari akavarambidza kuita mukereke. Madzimai mazuvano ari muushumiri - vashandi - kana vachinge vachishanda mukereke (VaRoma 16:1) uye nekuita mabasa akanaka (1 Timotio 5:10). Zvimwechete chinova chokwadi kuvarume, avo vasiri vatariri, vabati kana vaparidzi, vanofanirwa kushandira kereke.

Mamwe emabasa anokwanisa kuitwa nemadzimai anosanganisira: Kunyora zvinyorwa zvezvidzidzo mumakirasi akasiyana siyana, kushanyira varwere, kudzidzisa vana vechidiki, kugadzira tafura, kubatsira vakadzi mukubhabhatidzwa (nekuvatya matauro nehembe dzinoshandiswa pakubhabhatidzwa), kumaka zvidzidzo zvebhaibheri zvinenge zvapindurwa, kudzidzisa madzimai nezvidzidzo zvevana, mabasa emuhofisi (kubudisa mapepanhau nezvimwe zvakatiwande), kuchenesa chivakwa chinoitirwa kereke, kubatsira mukuparidza kweEvhangeri, nekugadzira zvinyorwa nekuzvishambadza. Hatifanirwe kudzikisira mabasa evanhukadzi avanoita mukereke asi tichizviita mukurairwa kwazvakaitwa naMwari muShoko Rake.

Kunyangwe zvizhinji zvinoitika mukufamba kwekereke zvinoitwa mukushanda kwevakadzi; kugamuchirwa nekubatwa zvakanaka kunoitwa nevakadzi. Somuenzaniso, mutsa kazhinji unoitwa nevakadzi vanekuona kune vanoda rubatsiro, kutakurwa kwezvinhu kuendeswa kunevanoda rubatsiro kana kutenga zvinhu zvinodikanwa mukushambidzika kwekereke. Vakadzi vane zvekuita asi munzira iyo Mwari akaraira! Saka ndizvo zvimwechete nevarume zvakare - sekutenderwa kwazvakaitwa naMwari.

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura kana kuzviisa pasi kwevakadzi kunezvimwe uye chisingafadzi.
2. Tsvakurudza mavambo ekuzvininipisa kwevakadzi kuvarume. Zvinova zvitsvene here kubva kumavambo?
3. Maitiro anoenderana nekuitwa kwedzidziso dzezvebhaibheri maererano nemabasa evakadzi mudzimba nekukereke kunze kwekunge mhosva ichipihwa mukuita kwekurayirwa kutsvene kwakabviswa.
4. Ipa zvikonzero zvaMwari zvakaita kuti pave nekuzvininipisa kwevakadzi kuvarume.
5. Ndeapi mabasa evakadzi Mumba nemukereke, sekuratidzwa kwaakaitwa muBhaibheri, anokanganisa ruponeso rwevakadzi?
7. Kuzvininipisa kwevakadzi kuvarume kunosvika kukanganisa kukudzwa kwevakadzi kudarika kuzvininipisa kwemumwe munhu kune munhu anenge adzikisirwa kukosha kwake?
8. Tsanangura kudyidzana kuripo pakati pemukadzi nemurume mumabasa avo sekurongwa kwaakaitwa naMwari. Mabasa aya anofambidzana sei pamwe?
9. Vakadzi bedzi ndivo vanofanirwa kuzviisa pasi pevarume mukereke here? Tsanan-

gura uchisanganisa zvinyorwa zvinotaridza mabasa evatariri, vabati, nevaparidzi.

10. Ndechipi chiero chezvinyorwa chinorambidza “mukadzi haafanirwe kudzidzisa, kana kuva nemasimba pamusoro pemurume”?

11. Kubudikidza nekurambidzwa kubva kunedzimwe mhando dzedzidziso, mukuv-
erenga zvidzidzo zvakasiyana siyana mukadzi anoita kana kukwanisa kuita.

Chitsauko 10: Zvidhori MuAmerica

Zvisinei kuti kazhinji America inoonekwa senyika yeChikristu, asi America zvi-
rokwasvo yakazara nekunamatwa kwezvifananidzo. Uyezve mamiriyoni emweya ezvi-
tendero, pakati peMakristu mazhinji vanopinda mutsika dzemuzvidhori izvi mukusazi-
va. Zvinoenderana nezvandakawana, mune kunamata kwezvifananidzo kwakanyanya
munyika yedu yatinodisa sekutaurwa kwazvinoitwa namuapostora Pauro akaona muA-
tene. (Mabasa 17:16-23). Sezvo Mwari achitsanangura kunamatwa kwezvifananidzo
kuve hupombwe hwemweya (Jeremiya 3:26; Vatongi 3:17; Ezekezi 6:9), izvi zvinofa-
nanidza kumutongo mikuru yakaomarara.

Chimwe chechifananidzo chinonyanyonamatwa munyika dzakabudirira chim-
wari chepfuma. Mhando yechidori ichi chinovanikwa zvakananyanya munyika dzeku-
madokero dzakabudirira kunyanya America ndiyo nyika yachinochengeterwa. Hapana
mubvunzo ungade kubvunzwa kuti nyika yatirikurarama yazara nevanhu vanokarira
pfuma. Maropafadzo mazhinji nekumwe kubudirira kwakasiyana uko mamwe Makris-
tu anako anokuvana kubva mukunamatwa kwechimwari chepfuma. Nokudaro kukari-
ra pfuma kwakonzera chityiso kunyangwe kukereke yaIshe.

Zviuru zvevanhu pachokwadi asi mukusaziva vanozvipinza mukunamatwa kwez-
vifananidzo izvi. Chimwe chimwari chinovika mukunamatwa muAmerica chinova
chimwari chemasekete. Kune zviuru zvezvimwari zvemasekete zvinokwikwidzana uye
nekukwikwidzana naMwari vekudenga nokuda kwemiviri nemweya yevanhu. Mhando
iyi yekunamata kwezvifananidzo yakafanana nekunamatwa kwezvifananidzo uko kwa-
tinonzwa kwaiitwa nemahedheni nevamwe vana vaMwari munhoroondo yevanhu.

Zvisinei kuti vanhu vemasekete vanozviti vanonata Mwari, handiyo nyaya yacho!
Kana masekete akazvikudza nekukurudzira vanhu kuti vanamate mumakereke avanos-
visarudzira zvinovaitira, zvoreva kuti vanofanira zvakare Kuzvizarudzira chimwari chi-
novaitira. Ndosaka zvuuru zvezvimwari zvakasiyana siyana zvirikunamatwa munyika
kunyanya kuAmerica. Kuitwa uku kunoitwa zvikurusei nenhengo dzinenge dzichizviita
Makristu. Kuitwa kwezvifananidzo ndizvo zvitendero zvizhinji zvazara munyika zvi-
kurusei muAmerica. Nharaunda zhinji dzemuAmerica vanoita zvimbo yavanoti nd-
eyekutenga nekutengeserana kwevanhu vezvitendero. Apo munhu anotenderwa kute-

ga chero chinenge chichidikanwa nemoyo vake. Vanoenda kuchechi vanotenderwavo kutenga zvavanoda kundopa vamwari vavo zvavanoda. Kuita uku kunomutendera zvakare kuti atenge ruponeso rwaanoda uye nedenga raanoda. Mukuzadziswa uku anotenderwa zvakare kutenga bhaibheri kana bhuku rezvitendwa zaanoda. Zvinyorwa zveBhaibheri zvakashandurwa zvisizvo asi mukutsvaka kuzvifadza zvinogadzirwa mukuvedzera mabhuku ezvitendwa anosanganisira mabuku emitemo yemasekete, emirairo, kakitizimu kana zvidzidzo.

Zvimwechete naMwari vekereke yeBhabhutitsi vane muonero vavo veruponeso kubva kunamwari vePesribhetariya. Mumaonero avo ruponeso rwekutenda kwavo runovanikwa kumunhu vese kana achinge akasarudzwa naMwari hariite zvekutsvakwa kunyangwe vakaipa zvakadii kana vakasarudzirwa kuponeswa unongoponeswa zvakadaro. Zvakare vanozviti vanonamata mwari vezvinhu zvose vanopikisanavo nazvo vachiti hunhu vemunhu haukonzerese munhu mukurasika.

Zvakare mwari vemaJehovhasi Witness, anoraira vadzidzi vake kuti kumagumo enyika vachasvika mukuparadza vose vakaipa nekuve anopa vateveri vake vose nhaka yepanyika vozadzanyika ino nezvese zvirimo zvova zvavo. Asi Mwari vedenga akataura kuti achaparadza nyika yese nezvose zvirimairi (2 Petro 3:10), nokupa vakaipa mutongo mukurangwa kusingaperi kugehena (2 VaThesaronika 1:7-9; Mateo 5:22 nekupa mugove kuvateveri vake kuupenyu vemufaro usinamagumo kumusoro kudenga (Mateo 25:46; 1 VaThesaronika 4:13-18).

Zvinamatwa zvezvifananidzo muAmerica zvinosakanisira kunamatwa kwamwari veKathoriki, mwari vemaAdhivhendisiti, mwari vemaPentakotsi, mwari veMamamoni, mwari vemaMethodisti, mwari vemaMaLutherani, namwari veMapositori. Vanamwari vazhinji vemasekete vanoratidza hunhu vakasiyana siyana, vachipa mutemo vakasiyana siyana, nedzidziso dzakasiyana siyana nekudzidzisa matenga akasiyana siyana mukufunga kwavo. Chinoshamisa vateveri vevamwari ava vanoita hushingi hwekuzviita vanonamata Mwari umwechete Mwari chaiye anotaurwa muBhaibheri.

(Ndinokohomedza kuti musaite daka kuneumwe munhu, zvisinei nechitendero\sekete raunopinda. Ndapota ndokumbira kuti ucherechedze chimiro chezvinyorwa zvakaraidzwa pano sezvazviri. Chinangwa changu chikuru ndechezvinhu zvakanaka zvomweya kumweya yose. Mweya mizhinji zvinosiririsa zvisinei nechokwadi, chirikurasiswa nemasekete.)

Bhuku rakaita serinonzi Hand book for denominations in United States nava-Frank S. Mead, rinotsanangura kuti kuna mazana nemazana emasekete uye nezviuru nezviuru zvekupatsanurana mukati memasekete aya, ose anozviiti nhengo dzeMakristu. Boka rimwe nerimwe riina mwari varo anedzidziso nemaitiro akasiyana nemamwe. Saka, tinoti tikavabatanidza tine vamwari vechiBhaputitsi vanosvika 27, nevana

vamwari vakasiyana veAdhivhenditsi, neguminerimwe vamwari vakasiyana veLudharendi, 22 vamwari vakasiyana veMethodhitsi. Vanodarika 19 vamwari vemaPentakotisi, 10 vamwari vakasiyana vemaPresbyteria uye nevamwe vakadaro zvichienda mberi. Dunhu rega rega rekuAmerica rine muzinda vezvitendero vavanoenda kunotenga nekutengeserana!

Zvidhori izvo munhu anokwanisa kuverenga muBhaibheri zvainge zvakagadzirwa nevanhu kubva mumatanda asina hupenyu, musimbi dzaipiswa nemumatombo (Isaya 44:9-20; Habakkuk 2:18-19). Vanhu vanhasi varikugadzira nekushongedza zvidhori zvavo mumifungo yemiono yavo. Simba rezvifananidzo izvi zvezvimwari izvi zvinobva muzvitendwa izvo makomiti, masangano uye misangano yekuronga nezvekereke yakatoredzerwa.

Mwari akaramba kufamba navo avo vanoramba kufamba naye (Amosi 3:3). Haashande nezvidhori zvemazuva ano sekuita kwaakaita paaive nevaIsraeri neMaJudha mukunamata kwavo zvidhori. Mwari vemubhaibheri haasi mwari vemasekete kana vepesaniso! Kana kuti hapana paanoramba ari Mwari vemaKristu kana kereke inenge yatotera mwari vemasekete kana kugadzira mumwe mutsva. Avo vanova vana vakatendeka vaMwari vanofanirwa kukwanisa kuziva musiyana uripo pakati paMwari veBhaibheri uye nechechi iyo Kristu akafira.

Hapana chinhu chinofanirwa kutenderwa kufukidza ruzivo rwemunhu rwekukwanisa kusiyana pakati paMwari veBhaibheri neasiri (VaEfeso 4:4-6) uye kereke yaKristu (VaRomana 16:16). Muapostora Pauro akayambira kereke dzekutanga pamusoro pekuita hukama nezvidhori mukunamata (2 Vakorinte 6:14-18). Kuroorana nevahedeni kwakawanda kwakakonzeresa vaIsraeri venguva yeTestamente Yekare mukupinda mukunamatwa kwezvifananidzo (Detronomio 7:1-6; Nehemiah 13:26-27). Pasi pemadzibaba “vanakomana vaMwari” ne “vanakomana vavanhu” zvakakonzerakupararira kweuyipi, izvo Mwari akasvika mukuparadza nyika nemvura yemafashamo enguva yaNoa (Genesisi 6:1-7).

Kunyangwe Bhaibheri harina kurambidza Makristu kuroora vasiri Makristu, vanakomana vedu nevanasikana vedu vanorairwa muzvinyorwa kuti vasatendere kusungwa pajoko remwechete, izvi zvinokwanisa kuvabvisa kubva kunaMwari vechokwadi. Kuchengerera kwakakwana kunodikanwa kuchenjererwa, zvakanyanya kana vana vedu vachinge vaachinge vachifambidzana nekuroorana nevana zvezvimwari zvevaeni (Maraki 3:11).

Kungori naMwari mumwechete kubudikidza Naye “tinorarama, nekufamba, nekuva nechimiro chemunhu” uye uyo “uchatonga nyika mukururama” (Mabasa 27:28,31) SaPauro mukushinga kukuru akaparidza Mwari mupenyu vechokwadi kuvanhu veAtene. Ngatiitei nehushingi umwechete mukuparidza Mwari munyika nekuibvisa

kubva mukunamatwa kwezvifananidzo! “Vana vaduku, zvichenjererei pazvifananidzo” (1 Johane 5:21).

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura musiyano vekunamatwa kwezvifananidzo tichienzanisa nekuitwa kweh-upombwe.
2. Tsanangura kunamatwa kwezvifananidzo nekutsanangura matambudziko anosanganikwa neavo vanozviita. Chifananidzo chinofanirwa kunge chinhu chakavezva nemuti here kana matombo kana simbi dzinokosha here?
3. Ndizvo here kuti masekete anodzidzisa kupesana pamusoro pechimiro chaMwari, kuitwa kwezvitendero zvakasiyana siyana, achipikisana nehurongwa hweruponeso, nenzira dzekunamata nadzo dzakasiyana, mukupikisa ugaro hwemweya? Tsanangura.
4. Maitiro ekutsanangura kwakadzama zvinechido maererano nechimiro chemasekete, mukita kwekuzvidza vanhu vemasekete? Kubva mumuono unobatika, hazvinyanyo kurudzirwa mukuita kwekutongwa pamusoro pekusashongedza Chikristu sekuitwa kwemasekete?
5. Nderipi simba riripo mukunamatwa kwezvifananidzo mumasekete? Chii chinodikanwa kuti tikwanise kupedze kuitwa kwemasekete nekudzoreredzaChikridtu sezvazvachiri?
6. Tsanangura kuratidzwa kunoitwa nezvinyorwa uko kereke yemubhaibheri inoziikanwa nazvo. Nderipi Zita rinokudzwa? Ndiani kana kuti nderipi Zita masekete anokudza?
7. Maererano nenhoroo dzemuzvinyorwa, ndeapi matambudziko ekutadza kwevanhu kumashure mukusiyanisa izvo Mwari akatendera neizvo munhu anozvikudza?
8. Makereke aKristu masekete here?

Chitsauko 11: Kusazvipinza Munataisireva

“Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, kuti mucherekedze avo vanopesanisa, navanogumbusa, vachiita zvinopesana nedzidziso yamakadzidziswa imi; muvanzvenge” (VaRoma16:17).

Chinangwa chevapostora chekuraira muna VaRoma 16:17 maringe nekuMakristu echiJudha sekutaurwa kwazvinoitwa mukunyora kwemimwe munyori unonzi Lenksi vaive vadzidzisi venhema nokuti “vaisanganisa mitemo nevhangeri” MacKnight, Whiteside naBarnes vakatevedza:

Vaapostora mumeso avo vaive nevadzidzisi vechiJudha avo mumakereke mazhinji vakakonzeresa kupatsanurana kwemagungano nekunamatwa kwaMwari ... mukunyepera kuva neruzivo nehutsvene kudarika vamwe, uye vasingatendere vamwe

mukuyanana kwavo asi vachingovabatanidza munedzimwe nzvimbo, uye vaimirira vamwe vose sevanokanganisa uye vasingadi Mwari.

Vadzidzisi vechiJudha ndivo vaive vakonzeresi vematambudziko munzvimbo yais-handira Pauro, vaitsunga kuita kuti Makristu ese echiGiriki achecheudzwe nekuchengetedza mutemo, kana kuti vakasadaro vaisapineswa.

... airatidza kuvadzidzisi vechiJudha, neavo vaisimbira mukusimbisa mutsika dzaMozisi uye vanotaura kucheneswa kukuru nekuvaneruzivo kudarika avo vainge vagadzidziswa muchiGiriki sehama dzeChikristu. MaJudha kasingaperi vaingodana Makristu anenge atendeuka kumutemo vaMozisi, vachikurudzira mukuchengetwa kwetsika idzi; vachitambudza makereke nekuunza kukakavara.

Muchinyorwa chaVaRoma 16:17, kupesana nemhosva zvaitaurwa izvi zvaiita nekukanganisa uko kwaifanirwa kuonekwa nekudzivirirwa apo pazvinenge zvichida kuitwa pakarepo kubva mudzidziso dzenhema (somuenzaniso, zvaidzidziswa nevadzidzisi vechiJudha; dzidziso dzaipikisana nedzidziso dzakafuridzirwa dzainge dzakadzidziswa naPauro). Kutanga, vaRoma 16:17 inoshanda kuvadzidzisi venhema vechiJudha munguva yaPauro, Nokudaro sekutsanangura kwaLenksi zvakanaka:

“Murayiro vaPauro vainge usiri vekuzvibvisa bedzi kunevairamba evhangeri - asi yaive chenjedzo dzakanaka sei dzinodikanwa neMakristu? Chinangwa chake chaive chekuti vazvibvise kubva kuvatendi vaida kukanganisa nekudzidzisa dzidziso dzisidzo. Kwete chaivo ivo vakafanana nevaikanganisa munguva yaPauro vakafanirwa kunzwengwa, sekunge kusina vatsva vachamuka, sekunge vatsva havapatsanurane, kuvengana nekuteyana miteyo, sekuita kunge vose vakanganisi vatsva nevekare, vakuru nevadiki, Havana kufanana, vose muchikwata chimwe ...”

Mukuenderera mberi muchirevo, VaRoma 16:17, inonongedzera kuvadzidzisi vose vadzidzisi venhema (somuenzaniso, avo vanodzidzidzisa nhema vanokonzeresa kupesana nekuparwa kwemhosva). Grubbs, Lipscomb naMacKnight vanotsigira mumakomendari avo kuti dzidziso dzenhema ndidzo zviitiko zvinokonzeresa kupatsanurana nekuparwa kwemhosva zvichiteverwa nekuchimbida kuona nekuzvidzivirira.

Kupatsanurana uko kunokonzereswa nekuda “kwekupesana kwedzidziso” idzo vakadzidziswa. Pane kupesana pakati pechokwadi nemanyepo.

Hakuna chinhu chikurusa chakaipa maererano neZvinyorwa, chinovira makereke kudarika kupesana kunosimudza kubudikidza nekutanga kwekuparurwa kwedzidziso nemaitiro asingadiikanwe naMwari.

Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, kuti mucherekedze avo vanopesanisa, navanogumbusa, vachiita zvinopesana nedzidziso yamakadzidziswa imi; muvanzvenge.

Clarke anofananidza VaRoma 16:17 nendima inotevera “Kwazisanai nokusveta

kutsvene. Kereke dzose dzaKristu ndinokukwazisai” nekutaura kuti “... mucherechedze avo vanopesanisa, navanogumbusa, vachiita zvinopesana ...”

VaRoma 16:17 inotsanangura kuti Makristu akatendeka ane basa rekuita maererano nevadzidzisi venhema (nzanisa 1 Johane 4:1; 2 Petro 2:1 ; 1 VaThesaronika 5:21; 2 VaThesaronika 2:1 zvichienda mberi; 1 Timotio 4:1 zvichienda mberi. VaLard vakatorera muna McGarvey/Pendleton komendari vachitaura kukosha kwekunge takafanirwa kupindura vadzidzisi venhema:

Apo tinemhosva nokuda kwekukanganisa mukudzidzisa nekuitwa kwedu. Kunounza kupesana pakati pevana vaMwari, tinenge tichitadzira Kristu. Kana kuti ingave mhosva duku here kuvanikwa tichitsigira kupesana kubvisa chikonzero chacho. Zvinofanirwa musafarirwa neMakristu. Haafanerwe kunzwa zvakanaka pazviri. Vanofanirwa muzvipikisa Apo zvinoitwa, nekushingaira kuzvirambidza kuti zvivanikwe pazvisingavanikwe.

Zvakare, Whiteside akacherechedza, kuti mudzidzisi venhema anokwanisa kudzidzisa dzidziso dzake pachokwadi (enzanisa Mateo 7:21-23). “Munhu anokonzero kupesana mukereke yaIshe kubudikidza nekuunza zvinhu zvisinakumbobvira zvadzidziswa muvengi vaKristu, kunyangwe asingafungi kudaro.” Nokudaro, kushaya hanya pazvinhu zvemukereke kunoderedza basa rakaiswa pamusoro pekereke kunounza kutongwa kutsvene kwekupedzisira, VaRoma 16:17.

Chinhu chekutanga chakakosha muna VaRoma 16:17 ndechekuti “cherechedza” vadzidzisi venhema. Inzwi rechiGiriki rinoreva “kucherechedza” (skopeo), zvisinei kuti harina kushandiswa muTestamente Itsva munekumwe kunyonyora. Vine akanyora: “Kutarisa pa, kudarika, kutarisa, fungisisa, (dzakafanana nekuti skopos, mucherechedzo ...), inoshandiswa mukutarisa uye nekushandurwa “cherechedza” muna VaRoma 16:17, nezvechenjedzo pamusoro peavo vanokonzero kupesana, uye muna VaFiripi 3:17 nekucherecheda avo vanofamba mumienzaniso yevaapostora nevatevedzeri mubasa rake, kuti vatevere dzira dzavo.”

MacKnight anovedzera: “cherechedza ... zvinomirira kunyatsotarisisa mukuteerera nokushingaira sekuita kwavaiita avo vainge vakaiswa panharira kuti vatarire kuuya kwemhandu dzavo.” Whiteside anonyora: “vacherechedzei” - vatarisisei zvakanaka. Musavhare meso enyu kune izvo zvavanoita, kana kupa chikonzero nokuda kwavo ...”

Barnes anoongorora: “Muzive kuti ndezvipi zvikonzero chaizco zvepesaniso dzinova dzirikubuda ...”

Zondervan’s Analytical Greek Lexicon naThayer zvakare anonyora inzwi “cherechedza”: sokopos richireva mutariri, zvakare, chinhu chirikure icho ziso rinoramba rakatarisa, chiratidzo, chinangwa, VaFiripi 3:14. ...sokopeo kutarisisa, kutarisa, ...kutarisa, tevedza, chengetedza, chengera, Ruka 11:35, VaGaratia 6:1, kuonekwa, kubva

nerukudzo, tarisa, VaRoma 16:17; VaFiripi 3:17.

Sokopeco kutarisapa, kutevedza, fungisisa, kuita chiratidzo ...kuita mumwe munhu nharira, kuita munhu mutarisiri ... VaRoma 16:17; VaFiripi 3:17.

“Kupesana” ndicho chidanho chekutanga chakataurwa chinokonzerwa nedzidziso dzenhema sekutsanangura kwevaapostora muna VaRoma 16:17. Robertson’s Word Pictures in the New Testament inotaura mashoko aya: “Kupesana” (dichostasias) inzwi rekare kureva ‘kupatsanurana’ kupatsanurana. MuTestamente Itsva, panochete neva-Garatia 5:20.” Barnes anonyora:

KUPESANA: kukakavadzana; mapoka; mapato, 1 Vakorinte 3:3; VaGaratia 5:20. Kuzama kugadzira mapoka aya chinhu chakaipa, zvisinei kuti anonyepedzera. Uyo anozama kuronga tumapoka Makereke anenge akurirwa nezvinhu zvakaipa noku-da kweruchiva rwepanyama.

Maererano neVaRoma 16:17, Chidanho chechipiri chinokonzerwa nedzidziso dzenhema kuve: “nemhosva”. Clarke naBarnes vose vakaongorora kuti inzwi rechiGiriki “skandala” rakashandurwa piano kuve “mhosva” rinova zvakare rakatorerwa kuinzwi rechirungu rinonzi “sikandari” “zvichireva “manyadzo”. Zvakare Barnes anotaura kuti mhosva: “...dzinokonzeresa zviitiko zvinoita kuti vamwe vaite chivi. ...inotaura kuitika kwehupenyu unotungamira vamwe muchivi.” Sezvineiwo, Lenksi anoshandura “mhosva” kuve:

“Skandala mukureva “musungo verufu”; cherechedza inzwi muna 9:33 uye 11:9, ucherechedze uone kuti nguvadzose yakasarudzwa kuve njodzi. ...mhando dzevatendi vanoshaisha ava vanobuda mukubatana kwekereke, uye dzidziso dzavo zhinji dzinoita kunge misungo yerufu umo mweya inonyanyisa kubatwa ichiurava muzvivi.”

Chikoshwa chechipiri chaVaRoma 16:17, kunova “kunzvenga” vadzidzisi venhema. Inzwi rechiGreek rekuti “kunzvenga” (ekklino) zvakare rinoshandiswa zvakasiyana siyana, sekuratidza kwaVine paanoti:

“Kubva panechinhu, kutarisa kurutivi, kutevera, kuzvibvisa (ek, buda, klino, kubvisa), akashandiswa muna VaRoma 3:12, muchimiro chechivi chevanhu, A.V., “kuenda kubuda munzira,” R.V., “kutendeuka parutivi,” muna VaRoma 16:17, mukubva kune avo vanoita mhosva, nekuita kunogumbutsa (A.V., “zvenga”); muna 1 Petro 3:11 mukubva Mune zvakaipa (A.V. “kunzvenga”).”

Grubbs anonzwisisa inzwi “zvenga” richireva kudzidziso dzenhema uye kwete kukurudzira dzidziso dzenhema (enzanisa, 2 Johane 9-11).

Zvoitwa nemutowo upi “vazive” uye “nekubva kwavari”? Takafanirwa avo vakadaro vanokonzerwa kupesana mukupikisa dzinopikisa dzidziso uye tinofanirwa kusa-va “tinofambidzana nemabasa avo erima.” Hatifambidzane navo kuratidza kuti hatitsigire kuita kweuyipi hwavo.

Limbiscop anovedzera: “...vanzvengei kubudikidza nekusafambidzana navo se-hama.

Kuita ukukwakakosha uye zvinodikanwa mukuchengetedza chibvumirano uye kubatana kwekereke dzaKritsu.” Clarke anozviisa mukudai: “...usave unofambidzana nezvitendero zvavo.” Whiteside anoti: “Izvi zvoreva kuti hama dzinofanirwa kusafambidzana navo.” Barnes anoti:

“Imi musavatevera; enzanisa 1 Timotio 6:3, 4, 5; 2 Johane 10; VaGaratia 1:8, 9. Ndiko kuti vanzvengei sevadzidzisi; musavatevera. Hazvireve kuti vanofanirwa kubatwa nehasha, asi kuti; vakafanirwa kunzvengwa mukuraira kwavo.”

Vincent’s Word Studies in the New Testament rinovedzera kuti: “Zvirinani, semuna Zvakazarurwa, kuti utize ...ibva mune nzira dzavo ...” Zondervan’s Analytical Greek Lexicon tarisa: “ekklino kureva, kutsauka, VaRoma 3:12, kufamba kana kubva, kunzvenga, VaRoma 16:17; 1 Petro 3:11.” Zvimwechetezvo MacKnight anonyora:

“Zvakakosha kuziva, kuti vaapostora vaida avo vaive vakatendeka kuti vacherechedze avo vanokonzeresa kupesana, kwete muchinangwa chekuita nharo navo ...asi kuti kunzvenga kufambidzana navo, nokuti mukufambidzana navo vanokwanisa kusvika mukukanganiswa nhehama dzavo uye kuipa kwavo.”

Chinhu chakaoma kubvisa vadzidzisi venhema kubva munhema dzavanodzidzisa. Sekuita kwaMwari, anoda kuti hama idzi dzitendeuke kuti vasaiswe mukurashwa asi kuupenyu usingaperi (2 Petro 3:9), ichasvika nguva iyo vadzidzisi venhema vachasvika pakupera kuitira kuchengetedzwa kweMuviri vaKritsu. Munyaya iyi Charles A. Akataura muchinyorwa chakanzi “kubviswa kwehurongwa hwaMwari” (Seek The Old Paths, Bhuku 3, Ndimu yemukati. 11/12):

“Pane kanguva yeshanduko inoitika munhu asati azviona kuti haachina kuvimbika. Chinguva chiduku chekuzvipa kubatsirika kwemubvunzo yakakodzera. Asi kana zvichinge zvaonekwa kuti dzidziso dzavo ndedzenhema (zvinopikisana nezvinyorwa), uye kana vachinge vada kugadzirisa kurasika kwavo, pakarepo murango unopihwa, uyo Mwari akaraira. Vacherechedzei nekuvanzvenga. Zvakare zvachetechedzwa kuve maitiro evadzidzidi venhema. Avo vanoramba umboo mukusiyan.”

Mukutsanangura kwaThayer akashandisa inzwi “kutiza” semwe yeshanduro yeinzwi redu rekuti “kunzvenga.”

Ekkolino VaRoma 16:17 ...ibvai kwavari, vakatsauka (kubva munzira nemukuita zvakanaka, Mateo 2:8 ...mukuchinja (kwedungamunhu) kubva ...kungave kubva munzira kana mukururamiswa, VaRoma 3:12 ...kana kubva mukuipa ...muchinja mukubva, mukuzviisa kuzviisa kure nenzira, kana mumararamiro avo, kutiza pakatipavo (VaRoma 16:17.

Mukutaura kumwechete Lenski anonyora:

“...Zvirokwazvo, kuve nesimba rekusarudza, kamwe kunevose, avo vakabva kwavari” - “kubva kwavari” kwete kudzidziso dzavo bedzi asi “kutobva kwavari” nokuda kwedzidziso dzavo. “Vanzvengei” (A.V) ndiyo pfungwa yacho: kuvanikwa usina chinhu chekuita navo. “Ubve kwavari” (R.V) mukupedzisira ...chimiro chedzidziso dzenhema chinopesanisa.

Hama dzakatendeka dzine basa kune avo vasina “rakaita sekukosha kwekutenda” (2 Petro 1:1) zvimwechete nekune hama dzakakundwa muzvivi (VaGaratia 6:1, Jakobho 5:19-20). Nokudaro, ibasa uye nekuratidza rudo mukuchengetedza kereke yaIshe mukubva mukurasika (1 Vakorinte 5:6ff) uye kusadyidzana nevataadzi kuitira kuti kuti mukwanise kuvaraira (VaEfeso 5:11). Garland M. Robinson (Seek the Old Paths, Bhuku. 3, Nhamba. 7/8 Unity in Truth, Bhuku 6, Nhamba. 12):

“Chinhu chikuru chinoratidza rudo chatingaita kune vamwe, ndechekuvabatsira kuti vasapinda mumhosvo, kubudikidza nekuvapa yambiro pamusoro payo kana, kuti vachinge vakatopinda mazviri kare, mukuvabatsira kuti vaone mhosvo dzavo mukuita kwavo. Mukuzviita mukuita kusiko kunoratidza kuti munhu unenge usina rudo zvachose nechikwadi mumweya vemunhu.”

Mukupedzisira, VaRoma 16:17 inoenzanisa nedzimwe ndima idzo dzinodana kubva mukubviswa kwekuyanana kubva kuhama dzisingadi Mwari (1 Vakorinte 5:6-13; VaEfeso 5:11; 2 VaThesalonika 3:6, 14:16) uye vadzidzisi venhema (1 Timotio 6:3-5; Tito 3:9-11; 2 Johane 9:11). VaRoma 16:17 haidzidzise dzimwe dzidziso, asi kuti matiro azere vakafanirwa sekutaurwa kwaanoitwa muTetsamente Itsva. Ichokwadi kuti Bhaibheri pachezvaro ikomendari rakazvikwanira (muturikiri) uye kuti ongororo yechidzidzo chimwe nechimwe chindima dzakafanana pamusoro pechidzidzo chinovika mukuvedzera mukunzwisisa kwakakwana shoko raMwari.

Pindura Mibvunzo:

1. Kutsanangurwa kwekutanga kweVaRoma 16:17 kwaipihwa kunani? Tsanangura dzidziso dzenhema idzo munhu unopihwa mhosva.
2. Tsanangura matambudziko anosanganikwa navo nokuda kwedzidziso dzenhema seizvo zvinotaurwa nebhuku raVaRoma 16:17 rakataurwa mutsamba yavaVaRoma. Ongorora matambudziko akafanana neayo angangoitika nhasi uye nekwese kuita uku kungaubwa.
3. Ndezvipi VaRoma 16:16 nedzimwe ndima pamusoro pekuyanana nekubatana zvinezvekuita nekurairwa kunoonekwa muna VaRoma 16:17?
4. Cherechedza ndima dzezvinyorwa pamusoro pevadzidzisi venhema uye mukuziva izvo zvinodikanwa mukutenda uko Makristu akafanirwa kuita.
5. Kuvimbika kwevadzidzisi venhema kuderedza basa reMakristu nokuda kweuyo un-

odzidzisa nhema? Sei kana kuti kuregererei?

6. Makristu anebasa here rekuchengenjerera vadzidzisi venhema? Ko Makristu vanokwanisa kuve vanotsigira nhema zvisinei kuti handivo vanenge vakaparidza nhema idzi?

7. Tsanangura matambudziko anounzwa nevadzidzisi venhema mukubatana nekuyanana kweMakristu.

8. Tsanangura kuti zvinorevei kuti “nzvenga” mudzidzisi venhema. Ndekupi kuvirirana nevadzidzisi venhema kwakarambidzwa uye ndedzvipi zvakarambidzwa?

9. Vadzidzisi venhema vanonzi Vanodzidzisa nhema saka zvinonzi “tivanzvenge”, zvinenge zvichirevei?

10. Rudo rweMakristu kukereke, hama Muchikristu nevadzidzisi venhema vanoratidza kuita kwakadii pamusoro pevadzidzisi venhema?

11. Ongorora kuti VaRoma 16, inoenderana sei nedzimwe ndima dzemuTestamente Itsva dzinechokuita nemirango mukereke.

Charles A. Pledge, “Countermanding God’s Orders,” Seek The Old Paths, November Vol. 3, No. 11/12.

Garland M. Robinson, “Is It Sowing Discord To Expose Error?” Seek the Old Paths, Vol. 3, No. 7/8, July reprinted in Unity in Truth, Vol. 6, No. 12.

Chitsauko 12: Ruchengetedzo RwaMwari

SaMwari pachezvake (Genesisi 1:1), Nyasha dzaMwari hadzina padzakanyatsonyorwa dzichiratidzwa rekutsa angura Nyasha rakanyatsobudiswa muBhaibheri riine kunongedzera kunaMwari. Kunyangwe zvakadaro Nyasha dzaMwari dzizere muBhaibheri rose.

Tinogona kutsanangura nyasha tichidzibata muzvikamu zviviri. Tine dzatinoti dzinongovanikwa Kumunhu vese, idzo vanhu vose vanogoverwa maropafadzo anobatika pasinei nehukama hwedungamunhu naMwari. “...muve vanakomana vaBaba venyu vari kudenga; nokuti vanobudisira vakaipa navakanaka zuva ravo, nemvura vanoinisira vakarurama navasakarurama” (Mateo 5:45).

Tine zvakare nyasha dzisingangovanikwe, idzo vana vaMwari vakatendeka vanovanikwa varipasi padzo, dzingave maropafadzo epanyama kana epamwe:

“Josefa akati kuvana vababa vake, Ndini swederai henyu kwandiri. Zvino vakaswedera. Iye akati, Ndini Josefa, mwana wababa venyu wamakatangesa ndikaiswa Ijipiti. Zvino musazvidya moyo, kana kuzvitsamwira, zvamakanditengesera kuno; nokuti Mwari akandituma pamberi penyu, kuti ndichengete upenyu. Nokuti zvino ava makore ma-

viri enzara panyika ino; mamwe makore mashanu achiko, avasingazorimi nokukohwa nawo. Mwari akandituma pamberi penyu kuti ndikuchengetei, muve navamwe vachasara panyika, ndikuraramisei kuti musunungurwe nokusunungurwa kukuru. Zvino hamuzimi makandituma pano, asi Mwari; iye akandiita baba kuna Farao nashe weimba yake yose, nomubati wenyika yose yeljipiti” (Genesisi 45:4-8).

Mukuoma kwezvinhu nyasha dzinouya kwatiri sezvishamiso mazuvaano. Munguva dzaitwa zvishamiso Mwari mukuvedzera nyasha Dzake. Sezvo zvishamiso zvakavika pazvakapera, sekutsigirwa kwazvinoitwa nevana vaMwari vakatendeka (Vakorinte 13:8-13; VaEfeso 4:11-14). Apo, Mwari anoshandisa simba ritsvene (somuenzaniso, simba iro iwe neni ratisina) rinoshandura mamiriro emitemo yekusikwa mukuita kwen-gasha dzake.

Zvino ndeupi musiyano uripo pakati pekupera kwezvishamiso nesimba rehutsvene iro Mwari anoshandisa kuita kuti providence dzishande? Zvishamiso pakati pezvimwe zvinhu zvaionekwa nguva dzose mukuratidzwa kwemasimba makuru ekusikwa. Simba rehutsvene iro Mwari anoshandisa nhasi mukuratidza nyasha dzake rinoonekwa kuvanhu (somuenzaniso, kunyangwe zvinobuda munyasha dzaMwari zvichionekwa, Mwari anoita sei kuti kuitika kwavo kusaziikanwa). Nokudaro nyasha dzaMwari dzinoitika kwatiri zvisinganzwisike. Mwari haana kutiudza zvimwe zvinhu pamusoro penyasha (nezvimwe zvinhu Dhuteronomi 29:29). “Zvinhu zvakavanzwa ndezvaJehovha Mwari wedu; asi zvinhu zvakaratidzwa pachena ndezvedu, isu navana vedu nokusingaperi, kuti tiite mashoko ose omurayiro uyu!” (VaRoma 11:33)

Chinangwa chaMwari chekuita nyasha dzake dzinoiyirwa mukuvavarira kudzikinurwa kwevanhu mungava mubezvinovaremwra kana hurwere. Nokudaro, kutambudzika (somuenzaniso, kwaJosefa, Jobho; Mabasa 8:1-4) kana nekuva (somuenzaniso, “Ropa revakatendeka ndiro rinopa hupenyu munyika, kufa kwaKristu; (Zvakazarurwa 2:10) pane kuvana mufaro vepanyika uyo unofanirwa kushanda nokuda kwechinangwa chenyasha dzaMwari.

Ko nyasha dzaMwari dzinokanganisa sei vanhu? (1) Nyika yakasikwa yakatsigirwa nemasimba anobva kunaMwari - simba rimwechete iro raakasika (Vakorose 1:16-17; VaHeberu 1:1-3; Johane 1:1-3). Minyengetero inoshanda nesimba kubudikidza nenyasha. “Eria wakanga ari munhu wakaita sesu, akanyengetera nomunyengetero kuti mvura irege kunaya; ikasanaya panyika makore matatu nemwedzi mitanhatu. Akanyengetera zve; denga rikanisa mvura, nyika ikabereka zvibereko zvayo” (Jakobho 5:17-18). (3) Makristu haafanirwe kutambudzika nokuti akaitirwa nyasha (Mateo 6:24-34).

(4) Kunyangwe nyasha dzaMwari dzichigadza vatongi (somuenzaniso, Nebuchadnezzar, Daneri 4:17-34), dzinosimudzira kana kudonedza nyika (somuenzaniso, Jeremiah 18:7-10) dzinoronga zvinhu muzviitiko zvevanhu neMakritsu (somuenzaniso, kuunza

zvinhu zvinooneka pamwechete kana kuti kubudikidza nekufanoziva kwezvaizotika (somuenzaniso, Pharo akaomesa moyo vake). Mwari, kunyangwe vasingapingaidze kufamba kwezvinhu zvemaramiro etsika dzedu.

Ko vanhu vanokanganisa sei kuitwa kwengasha dzaMwari? (1) Mwari anoshandisa vanhu vanozvipa mukuita chinangwa nekuda kwaMwari (somuenzaniso, kutakura Evhangeri kuenda naro munyika, Marko 16:15-16). (2) Mwari anokwanisa kushandisa umwe munhu kuti akwanise kuita chimwe chinhu kana munhu vachinge atadza kuita zvakafanira munguva yake yekuzvisarudzira Adina kuita Kuda kwaMwari (somuenzaniso, Esiteri 4:15).

Sezvo nyasha dziri dzeMakritsu dzinoonekwa muzviito. Avo vana vaMwari vakatendeka ndivo bedzi vanovaniswa rubatsiro ruripachena muchinangwa chaMwari chekuvanisa nyasha (VaRoma 8:28); vaEjipita vakashandiswa mukubatsira Josefa nokuda kwenyasha dzaMwari mukubatsira mhuri yaJosefa. Dai zvisizvo, kuita uku kwesimba raMwari kungadai kusina kuratidzwa paisa anikwa kutsungirira nekushingainga muhupenyu hwake, vaisasvika mukutsungirira nokusingaperi (somuenzaniso, Ruka 16: 19-31, zvisinei, havasi vose vanhu vakapfuma pasirino vanova vakaipa - Jobho, Abrahamu).

Mwari anoshandisa vanhu vakaipa kuzadzisa kuita kwenyasha dzake dzake. Anoshandisa vanhu vasina kufanira kuita mabasa akarurama (somuenzaniso, Noa, Abrahamu, Isaka, Jobho, Jakobho, Mozisi, Petro, zvakaita iwe neni). Zvakare, Mwari anoshandisa vanhu kuti vazadzise chinangwa chake mukuitwa kwezvinhu zvisina kururama (somuenzaniso, vatongi, nyika, nezvimwevo zvakadaro).

Chinhu chakakosha pakuratidzwa kwenyasha dzamwari ndezvekuti kubudikidza nadzo Mwari anopa. Vatsviki vechokwadi vachavaniswa chokwadi (Johane 7:17). Nyasha dzinopa kubudikidza nekuzadziswa kwechinangwa chaMwari kuvanhu (VaFiripo 1:12). “Zvino ndinoda kuti muzive, hama dzangu, kuti izvo zvakandiwira zvakatofambisa Evhangeri.”

Mwari kubudikidza nenyasha dzake, anotarira kune zvinodikanwa nevanhu vake. Mwari haana kukotsira uye haarare (Mapisarema 121:3). Mwari anoona uye anoziva.

“Musatya vanovuraya muviri asi vasingagoni kuvuraya mweya, zvikuru mutye uyo unogona kuvuraya zvose mweya nomuviri muGehena. Ko shiri duku mbiri hadzitengeswi nehafu yepeni here? Asi imwe yazvo haingawiri pasi kunze kwaBaba venyu. Kana muri imwi nevhudzi romusoro wenyu rakaverengwa rose. Naizvozvo musatya nokuti munopfuvura shiri dukuzhinji”

Mwari anonzwa minyengetero yevana vake vakarurama, “Nokuti meso aShe ari pamusoro pavakarurama, Nenzeve dzake pakukumbira kwavo. Asi chiso chaShe chiri pamusoro pavanoita zvakaipa” (1 Petro 3:12). Mwari haatisiye (VaHeberu 13:5-6). Mwari ndiye murwiri vedu; “Zvino tichatiyiko pa zvinhu izvi? Kana Mwari achitirwira,

ndianiko uchatirwisa?” (VaRoma 8:31).

Ndima yekutanga pamusoro penyasha dzaMwari uko tinonyanyo tarisa ndikuna VaRoma 8:28. “Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinobata pamwechete kuti zviitire zvakanaka avo vanoda Mwari, avo vakadanwa sezvaakafunga.” Chirikunzi “kunaka” pano kuri-kunongedzera muchinangwa chaMwari kuvanhu. Mukutsanangura muchidimbu chirevo “zvinhu zvose zvinobata” Zvinoenzana nemutemo vemashandiro; “zvinhu zvose zvinobata pamwechete” zvinoenzana nemutemo vemushandirapamwe. Chirevo zvinhu zvose zvinobata pamwechete kuti zviitire zvakanaka” chinomirira mutemo vemuripo; “zvinhu zvose zvinobata pamwechete kuti zviitire zvakanaka avo vanoda Mwari” unova mutemo vezvisingaperi.

Bhaibheri pachena rinodzidzisa chokwadi chenyasha dzaMwari. Nokudaro, Kune kumwe kuva nechokwadi kuti nyasha inoshanda sei. Tinokwanisa kutaura kuti nyasha dzaMwari dzinobata kubudikidza nevatariri, vabati, vaparidzi, vadzidzisi, vabereki, Makristu nemukereke (1 Vakorinte 3:5-10).

“Zvino Pauro ndiani? Aporo ndiani? Asi vabati vamakatenda navo. Ini ndakasima, Aporo wakadiridza; asi Mwari wakamera. Naizvozvo unosima haazi chinhu, kana unodiridza’ asi Mwari unomeresesa. Zvino unosima nounodiridza ndavamwe; asi mumwe nomumwe uchapiwa mubairo wake, sezvaakabata. Nokuti tiri vabati pamwechete naMwari; muri munda waMwari, muri imba yaMwari. Nenyasha dzaMwari dzandakapiwa, ndakaronga nheyo somuvaki wakachenjera; mumwe unovaka pamusoro padzo.

Zvino mumwe nomumwe ngaachenjere kuti unovaka sei pamusoro padzo.” Mukupedzisira, tinofanirwa kuve nechivimbo mukubatsira kwenyasha kureva kuti tikwanise kugara takatendeka (Zvakazarurwa 2:10; 1 Vakorinte 10:13). Kubudikidza nenyasha hapana chinhu kana munhu anotiparadzana kubva kunaMwari (kunze kwekuti tatendera) (VaRoma 8:35-39).

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura chokwadi icho munhu anokwanisa kana kusakwanisa kuvana nyasha dzinonowanikwa nemunhu vese uye nyasha dzinongovanikwa nevashoma zvichienderana nehukama naMwari dzinoitika nhasi.
2. Kunyangwe Mwari vachishandisa masimba anoshamisa kuita zvishamiso, siyanisa pakati pezvishamiso zvakaopera nenyasha iyo Mwari anopa nhasi.
3. Ndedzipi yambiro vanhu vakapihwa maererano nezvinhu zvemweya izvo tinoda kuziva zvizhinji, asi izvo Mwari haana kutizivisa zvizhinji?
4. Zvakamira sei kuti nyasha dzaMwari, kunyangwe mukushanda nokuda kwedu, Mukupedzisira hadzitibatsire mumufaro vepanyika?

5. Ko nyasha dzaMwari dzine matambudziko adziinavo kuvanhu kana kuMakritsu here, kunyanya kuMakritsu anhasi?
6. Vanhu vanokanganisa sei kuitika kwenyasha dzaMwari?
7. Zvinombofamba sei kuti mwana vaMwari anokwanisa kuwana kubatsirwa pachena kubva kunyasha dzaMwari uye vasiri Makristu kusavana kubatsirwa kwakajeka kubva kunyasha dzaMwari?
8. Mwari anopamaropafadzo sei mukushandisa vakarurama kana vasakarurama kana vakasarurama mukuzadzisa chinangwa chake?
9. Ndchipi chiwavarirwa chechinangwa chenyasha dzaMwari?
10. Sei sarudzo yekuzvisarudzira yevanhu ichikurirwa nenyasha dzaMwari?
11. Tsanangura kukosha kwaVaRoma 8:28.
12. Nyasha dzaMwari dzakakakosha zvakadzi muhupenyu hweMakristu nhasi?

Chitsauko 13: Hutungamiri Hwekereke yeTestamente Itsva

“Vuye zvose zvamunoita, kana zviri zveshoko kana basa, itai zvose nezita raShe Jesu, muchivonga Mwari Baba naye” (Vakorose 3:17). Ndima iyi yakafanirwa kumba zvose zvakafanirwa kuitwa neMakritsu. Zvakare, hapana sangano paringatarisira kusafadza Mwari. Kana kuti sangano ringada kusateedzera kuita kwenyasha uku. Naizvozvo, kubudikidza naVakorose 3:27 mupfungwa, funga “Hutungamiri Hwekereke yeTestamente Itsva” kubva mumaonero asina kunyatsoongororwa asi zvisinei nokudaro zvakakosha.

Jesu Kritsu Ndiye Musoro veKereke Yake

Jesu ane masimba ose kudenga napanyika (Mateo 28:18, ASV). Nokuda kwesimba iri Jesu ndiye musoro vekereke Mambo vemadzimambo (Mateo 16:16-19; VaEfeso 1:22-23; Vakorose 1:18, 1 Vakorinte 15: 24-28; Johane 1:49, 12:13; 18:36, 37; VaEfeso 5:5; Vakorose 1:13; 1 Timotio 1:17; 6:15; Zvakazarurwa 1:19). Jesu urikutonga muumambo Hwake usingaperi (2 Petro 1:11) ari kudenga (VaEfeso 1:20; Mabasa 7:55; 2 Timotio 4:18), nhasi kubudikidza neinzwi rake (Johane 12:48; Zvakazarurwa 20:12-15) uye acharamba achitona kusvikira kumagumo enguva (1 Vakorinte 15:24). Nokudaro Jesu zvino arikutonga kereke yake (somuenzaniso, hutungamiri hwekereke) kunobva kudenga kubudikidza neEvangeri uye nemasimba anoratidzwa neEvangeri (somuenzaniso, kuonekwa kwechimiro chehutungamiri hwekereke).

Kuonekwa Kwekutanga, Hutungamiri Vekereke Panyika: Vaaposrora (Mabasa 6:1-4)

Mukereke yemuJerusarema mumakore annosvika 2,000 akapfuura, vaapostora vakave vanoparidza Inzwi raMwari (ndima 2, 4). Nokudaro vaapostora vakatendeka vakasarudzwa kubva kuvarume (mabasa avo akaiswa muzvipoka kuti vave vatariri; ndima 3, 6) inoti kuti vakwanise kutarira zvinenge zvichiitika panharaunda, nokudaro ndokurega vaapostora vachifamba mukuenderera mberi mukudzidzisa nomukuparidza.

Avo vaigadzira mutemo vaive vatongi; sezvo vaapostora vainge vakapa mutongo munechinyorwa ichi, zvoreva kuti navo vaive vatongi. Kunyangwe vaapostora vainge vaine chinzvimbo chekuita mabasa nokuti vaive sehama pose pavaisangana kana kuti pasirose (Mabasa 13:46; 9:15; 22:15; 26:16-17), chinyorwa chemuna Mabasa Chitsauko Chechitanhatu inhorondo yehutungamiri vekereke mukereke yemunharaunda.

Nokudaro, hakuna vapotsora mumazuva atigere (vaingove 14); uye rufu chete raisava chikonzero chakakwana chekusarudza nekugadza vavaapostora (Mabasa 12:1-2). Zvakare, zviratidzo zvevapotsora zvakapera (2 Vakorinte 12:12; 1 Vakorinte 13:8-13; VaEfeso 4:11-13), uye zvikodzerwa zvekuve muapostora (chikuru chacho chainge chiri chunhu vakaona Kritsu nekufambanaye apo ainge asati afa rufu rwepamuchinjiko, Mabasa 9:17; 26:16) Haangakwanisike kusangana naye nhasi (Mabasa 1:20-22).

Zvakare, vaapostora chaivo vachiri kushanda chaizvo uye vachiri kutaura mukutsigira kereke kubudikidza nezvinyorwa zvavakafuridzirwa (Mateo 19:27-28). Mabhuku ayo vakashandiswa noMweya kunyora zvinobatsira vose vanoverenga nekuzvishandisa. Nokudaro, vaapostora havazi vatungamiri vanofanirwa kuvanikwa muchimiro chehutungamiri hwekereke yemuTestamente Itsva.

Kuonekwa: KweHutungamiri Vekereke Panyika: Vabereki Vechirume

Pakutanga, hapana kubvira pataurwa nezvevatariri mukereke yaive paJerusarema. Vatariri pakutanga vakatanga kucherechedzwa muZvinyorwa muJerusarema mushure menguva yakareba yadarika kubva pakavambwa kereke (Mabasa 11:30). Uye zvino taridza kuti hakuna vatariri vakasarudzwa pakutanga kwechikamu cherwendo rwaPauro rwekutanga rwechimishinari (Mabasa 13:1, 14:21), asi nokudaro, mushure megore (maererano naClarke) mukuvambwa kwakaitwa makereke matsva, Pauro akagadza vatariri mumakereke ivayo mukupedzesa kwerwendo rwake rwechimishinari panzvimbo (Mabasa 14:21-23).

Kumashure kwekugadza kwaPauro vatariri munzvimbo dzainge dzafambwa naPauro muumishinari hwake, munaMabasa 14 :23, hama dzaidanwa kunzi vadzidzisi (Mabasa 13:52; 14:20), nemukereke yemuJerusarema (Mabasa 11:30; 15:2, 4, 6, 22-23; 14:16; 21:18) zvakare mukufamba kwenguva muBhuku raMabasa (Mabasa 20:17) uye munedzimwe tsamba vatariri vaitaurwa vakasiyana (VaEfeso 4:11; VaFiripi 1:1; Jakobho 5:14; 1 Petro 1:5). Saizvozowo, zviripachena kuti kereke dzakavambwa pachitsuwa

cheCrete kuti dzakagara chinguva dzisina vatariri. Tito anorairwa kuti agadze vatariri mukereke (Tito 1:5).

Mukushaikwa kwevatariri, nokuda kwekushaikwa kwevarume vanezvikodzerwa kubudikidza nehutsva hwenengo dzesangano nehutsva hwekereke pachezvayo, sangano rinoshanda kwechinguva risina vatariri. Zvimwechete, nanhasi, pasi pechimiro chakaita seichi, kana kuti pasangano panenge pasina varume vakakodzera, sangano rinokwanisa kushanda kwechinguva pasina vatariri. Pasina vatariri, masangano ekutanga mumakore ekutanga kana munguva yedu, saka anotenderwa kushanda kusvikira varume vakakodzera vatsvagwa.

Sezvo vakadzi vasingatenderwe kutungamirira mukunamata kweparuzhinji pamusoro pevarume (1 Timotio 2:11-15; 1 Vakorinte 14:34-35), vakadzi, sezvo vasingatenderwe kubata basa mukutungamira muhutungamiri vepasangano. Sezvo vaitendi vachiziikanwa kuve varume nevakadzi (pasina kuverengera vana) Mabasa 5:14; 8:3, 12; 9:2; 17:4, 12; 22:4), vana havatenderwe kuva vanotungamirira sangano pasangano. Sezvo, zvakare munhu mumwechete asingatenderwe kutungamira kereke (3 Johane 9) uye nokuti paruzhinji rwevanhu, vashoma vanova vabati nevarume ndivo vakatenderwa kutungamirira pakereke. (Mabasa 14:23; 11:30), uye sezvo zviripachena kuti hutungamiri venyika hautonge umambo hwaMwari hwepamweya (Johane 18:36; Mabasa 5:29), hapana pakati peava vakapihwa masimba muZvinyorwa ekutungamirirwa kwekereke yaIshe. Nokudaro kana pasina varume vanokwanisa kuve vatariri, vose varume vakuru nhengo dzesangano vanofanirwa kuve nebasa rekufambisa mabasa epakereke yavanopindira (kusvikira varume vavekukwanisa kugadzwa kuitwa vatariri).

Kuonekwa Kwechitatu, Hutungamiri Hwekereke Panyika: Vatariri

Avo vanofanirwa kuitwa vatariri vanofanirwa kunge vaine zvikodzerwa zvinodikanwa naMwari. (1 Timotio 3:1-7; Tito 1:6-9). Vatariri nguvadzose vanotsanangurwa kuve nhamba iri muuwandu (Mabasa 11:30; 14:23; 15:2; 20:17; VaFiripi 1:1; 1 Timotio 5:17; Tito 1:5; Jakobho 5:15; 1 Petro 5:1). Testament Itsva zviripachena pasina kukanganisa inodzidzisa kuti Mwari anoda kuti vatariri vatungamire pasangano pavanopindira varipasi pemasimba aJesu Kristu, anova Iye mukuru veVatariri/maBishopu/vaMufudzi (1 Petro 2:35; 5:4). Kana sangano rakatungamirwa nevatungamiri chaivo vakasanangurwa, vatariri vanodikanwa muZvinyorwa, Jesu Kristu anokwanisa kutungamirira sangano iro-ro, kunyangwe achigara kudenga. Chinangwa chesangano rimwe nerimwe chinofanirwa kunge chiri chekuumbiridza nekugadzira chimiro chakadai zvinodikanwa nekutsanangurwa kwehutungamiri vekufambiswa kwekereke. Zvisinei, mukungofanoitawo, sangano rinotenderwa muBhaibheri kufanoshanda risina vatariri, richitungamirwa nevarume vakatendeka, dzinova nhengo dzesangano panzvimbo iyoyo.

Pindura Mibvunzo:

1. Ndiani chaiye mukupedzisira anove nemasimba ekutungamira kereke yemuBhaibheri? Ndekupi kune chigaro chemasimba aya?
2. Ndiani akatanga kuratidza masimba pakereke panyika? Mhando yemasimba aya inokwanisa kukundwa here muchimiro chemasangano anhasi?
3. Maererano, nechimiro cheZvinyorwa zvemubhaibheri, chii chaitsoropodzwa, mukutanga kuumbwa kwehutungamiri hweurongwa hwekereke (kusiya kwesangano rekuJerusarema)?
4. Tsanangura, zano rehurongwa veBhaibheri muchimiro chehutungamiri vepasangano uye nekudyidzana muukama hwaro naJesu Kristu.

Chitsauko 14: Kutsauka Pakutenda MuKorinte

Sekutaridzwa kwekereke yepaKorinte kuitwa muenzaniso vekutsauka kwevana vaMwari (1 Vakorinte 10:1-12) - uko vaidzidza zvidzidzo zvakakosha asi vakasvika mukurasika - zvidzidzo zvakakosha zvinokwanisa kudzidzwa nhasi, mukubva mukutaridzwa kwezvakaitwa nekereke yepaKorinte, izvo zvinokwanisa kubetsira, nokuda kwemanyadzo akaitwa uye kana mukutsungirira kweMakritsu. Tsamba yavaKorinte Vekutanga inotaridza zvitadzo zvizhinji izvo Makristu aya anokwanisa kurasika mazviri kana akasatendeuka. Nokudaro, Vakorinte Vekutanga yaive tsamba yekupa mhosva uye nekuraira pamusoro pekutongwa kwaizotevera. Muchimiro ichi, kereke yepaKorinte yainge isingatarisirwe kurasika. Sezvo, moyo yavanhu vaive paKorinte yaive yakatendeseka uye mifungo yavo yaive pachena mukuda kugadziriswa nevaapostora. Vakorinte Vechipiri, inotaura kuti vakatendeuka - mumhosva dzavo uye nokuda kwe chikonzero ichi, pakarepo vakave muenzaniso vezvakanaka.

Chivi chekutanga chinotsanangurwa naPauro chinove chivi chekupesana mukusvika kwekupatsanurana kuita zvipoka izvo zvisina kubvira zvatenderwa muEvangeri (1:12-13); Vakorinte vaive nemhosva yakaipa yekuzvisarudzira vaparidzi vavo (1:12), zvisinei, vaparidzi vavaipatsanurirana vaisafarira kana kukurudzira chinhu ichi chekuita kwakaipa uku (Pauro zvakasimba akatsiura chinhu ichi). Magumo ekuita uku kwakakonzeresa kushaikwa kwekubatana kweMakritsu panguva iyi (1:10), uye kukakavadzana pakati pehama (1:11) chinova chinhu chinonyangadza kuna Mwari (Zvirevo 6:16-19). Kereke inofanirwa kurega kufambidzana nevataadzi vakadaro pakati pehama kana vachinge varamba kutendeuka (Tito 3:10, ASV).

Chitsauko Chekutanga zvakare chinotaura kuti Vakorinte zvisinei neEvangeri raKristu raigara mavari (1:18-27) mukubatsira “nezviratidzo” uye “nehuchengeri” vepanyika (1:23). Evhangeri raKristu rinoonekwa sekunge risina basa zvakananyanya nhasi

munyika kuvanhu vasingatyi Mwari uye hama dzinonyengera, asi hatifanirwe kunyara nokuda kweEvangeri iri, sezvo ririro nzira bedzi inokwanisa kuponesa nayo munhu (VaRoma 1:26; Mabasa 4:12). Upenyu hwedu, mharidzo, uye urongwa vepawairesi nepachidzangaradzimu kutaura kwedu kwakafanirwa kuzadzwa naKristu zvinova zvinofadza Mwari.

Vakorinte vakaenderera mberi mukuratidza kusakura pamweya (3:1-4). Zvinosururvarisa, zvikuru, ndezvekuti vanavacheche pamweya havana kuvanikwa bedzi paKorinte mumakore ekekutanga ezana (VaHeberu 5:12-14) uye kana kuti kereke dzemazuva edu dzisina nhengo dzadzo vanononoka kubva muucheche, vasingakuri. Kukura pamweya kwakakosha mukukwanisa kusiyanisa chokwadi nenhema (VaHeberu 5:14) uye kunozadziwa kubudikidza nekudya kwakakwana kweShoko raMwari (1 Petro 2:2).

Muchitsauko Chechishanu (vss 1-13), muapostora Pauro anotsuura Vakorinte nokuda kwekutendera chivi kuti chirame chisingatsuurwe mukereke. Sangano iri rakasvika mukutadza nokuda kwekusatsuura hama yainge ichiita hupombwe pachena. Zvimwe, pada, Vakorinte vaizvikurudzira pachezvavo mukuzviratidza pachena, mutongo vekutadza kwavo vaive mukuru: (1) Kutadza kwavo kwechivi cheupombwe kwaive kurasika kwavo, (2) Kereke yaiva mumhosca yechivi nokuda kwekusatsuura hupombwe, (3) Zvivi izvi zvaizvidza Kristu pamberi pevanhu vemunharaunda vaisatenda, uye (4) Kuregererwa kwechivi paKorinte zvakanurudzira mamwe Makristu kuti vaite chivi (ndima 6). Ndeapi matambudzika arikusanganikwa navo nekereke nhasi “arikupunyikidza dzimwe hama” kereke inoita sekutaurwa kwezvinyorwa murango unogaro uchipihwa pakafanira (2 VaThesaronika 3:6, 14:15; VaRoma 16:17-18; Tito 3:10-11).

Muchitsauko Chechitanhatu (ndima 1-8), muapostora anosimbisa mukutsuura Vakorinte pamusoro pekusasiya zvakaipa zvinosvika mukupesana pakati pechidzivirirwa ichi chinokwanisa kudzivirirwa kubudikidza nekutsvaka rubatsiro kune dzimwe hama (Mateo 18:15-17). Muchimiro chechiitiko ichi, kana mukuita kwemumwe kunobatsira, zvirinani kutambudzika pachezvako pane kuzvidza kereke panyika.

Chitsauko Chechinomwe chinotsigira vanano kuve chinhu chakanaka kudzivirirwa mukudzivirirwa kweruchiva uye upfeve. Mukutaura, kwaPauro kubudikidza nekufurudzirwa kuti vakaroorana havafanirwe kurambana uye kuti vanenge varambana vanofanirwa kusava vanoroorazve kana kuroorwa kana kuti vanofanirwa kudzokere-rana nemukadzi kana murume vake (ndima 10-11); izvi zvinofanirwa kuitika nokuda kwemurairo vaIshe vedu pamusoro pekuroorana (Matteo 5:32; 19:9).

Basa reMakristu akakura pamweya maererano nenhengo dzisina kusimba anoratidzwa muChitsauko Chechisere. Makristu Asinesimba, zvirokwazvo, sepakuona kwepakutanga vakafanirwa kushingaira kukura pamweya. Chitsauko chinotevera chinotsanangura pamusoro pasangano mubasa rekukotsvera muparidzi neEvangeri nem-

huri yake. Muchitsauko Chegumi chinoratidza nhoroondo yechiJudha mukutsuura pamusoro pekutsauka uye mukuraira Vakorinte kuti vaive vakatendeka.

Hakuna zvizhinji zvinonetsa mukuda kubva mukutenda zvakanyorwa muchitsauko Chegumineimwe. Chirariro chaIshe chainge chichiitwa zvakatsveyama, icho chirangaridzo muapostora Pauro akakurudzira Vakorinte kuti vadzoreredze mukuitwa kwakafanira. Chinangwa chaPauro chekugadzirisa chakaita kuti Vakorinte vapatsanure mukubvisa kuipa kubva mukuita kwekuvadzana kutsvene. Munekumwe kutaure, Chirariro chaIshe kudya kwemweya - kwete kudya kwemafaro. Kereke yepaKorinte yainge yaane Kutsauka kwakaita sekuitwa kwemakereke emaPentakotsi mukereke nhasi maererano nekushandiswa kwezvipa zvezvishamiso. Mapentakotsi anokundikana kunzwisisa kushaikwa kwechokwadi, kwezvishamiso zveBhaibheri munguva yedu - uye vachizvipunyikidza! Zvitsauko zvitatu mutsamba iyi akanyorerwa mukugadzirisa kwekumbunyikidzwa uku (12-14). Kunesu, pfupiso inovanikwa muna 1 Vakorinte Vekutanga 13:8-13 - zvishamiso zvakasopera! Kana kuti kungave nekumuka kubva kuvakafa kwakakanganisa kuhama dzakati vande dzekutanga kunze kweVakorinte (1 Vakorinte 15; 1 VaThesaronika 4:14-17).

Chitsauko chegumineshanu chinotaurwa unyanzvi (Johane 5:28-29) mukuita kunovirirana nezvapupu zvakaona rumuko rwaKristu. Muchimiro chaicho icho, kana pasina rumuko runogoneka, zvoreva kuti Kritsu haana kumuka uye hakuna hwaro yeChikristu. Kana Kristu akamuka (izvo zvinova kuti akamuka), zvoreva kuti rumuko kubva kuvakafa haringogoneke bedzi asi kuti rwakavimbiswa. Muponesi vakamuka bedzi ndiye anokwanisa kubvisa zvivi. Vakorinte Vekutanga inopedzisira nekudzidzisa pamusoro perubetsero rwekereke uye mabasa akanaka ekubatana pakati pemasangano. Mumaitiro, (pavhiki) uye nehwaro (dzebudiriro) dzemukupa dzinoonekwa mukuvhura ndima mbiri dzepaChitsauko guminenhanhatu vagashiri vemari dzaiunganidzwa paKorinte muchiitiko ichi vaive vaiyamurwa nekubatana kwekushingairwa kwaiitwa mukuunganidza kwezingabatsira pakati pemasangano akatiwande nokuda kwenzara yainge yakavira vanhu muJudhiya. Pauro aichengetera zvekubatsira izvi kuJerusalem. Sezvo Makristu aifanirwa kugamuchira mukuita kwekugoverwa kwekubat-sira uku, vaive veimba yekutenda, Makristu ndivo vainge vari vabatsiriki waitangwa mukugamuchidzwa rubatsiro urwu rwekugoverwa kweMakritsu apo pose zvikwanisiro kana mukana uchinge vaivanikwa (VaGaratia 6:10). Zvizhinji zvemuTetsamente Itsva zvinoubwa mukugadzirwa kwekuraira mukupindura mukutungira kwekutsauka (somuenzaniso, VaGaratia, Judha, makereke mashanu epaAsia akaratidzwa, nevamwe zvichidaro). Vakorinte Vekutanga ndicho chikamu chikuru chekurudziro muzvinyorwa izvo zvinokurudzira nekutsungirira kusimbisa nhengo kuti dzisabve mudzidziso dzakristu. Hatifanirwe kuzvikudza mukutedzera Kutsauka pakutenda kwekereke yemu-

Vakorinte Vekutanga pachizvimbo chekutevedzera kereke yemunaVakorinte Vechipiri, yakabvisa kuzvikudza vakatendeuka mukutadza kwayo. Anove magumo anonyaradza anoita seakanaka seVakorinte asi achitsauka pakutenda sezvo zvose zvichaenda mumagumo ekuraswa mukutongwa kwekupedzisira. Zvakangoita sekutora mufaro mukuita sekuve vakanaka sekusungwa kunonyengera kwegehena - anova magumo asingafadze kwandiri kunyangwe kunemumwe munhu zvake.

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura kuti Bhaibheri rinoshandiswa sei mukudzidza kubva mukukanganisa kwevamwe.
2. Muzvinhu dzipi sangano kana munhu anemuganhu vaanoshandiswa somuenzaniso mukubatsira vana vaMwari kuti vave Makristu arinani?
3. Ndezvipi zvakaipa zvinoparadzanisa mukereke yamunopindira? Ndedzipi dzedzimwe dzenyaya idzi, somuenzaniso. Pamusoro pehama dzipi dzinokonzera kuparadzani-sa?
4. Nderipi donzvo rinofanirwa kutsigirwa mukushanda kweMakristu nemukurarama kwavo? Nyora mamwe emadingindira ayo kereke neMakristu vanodeedzwa kuti vatevere dzimwe dzenguva.
5. Ndeapi magumisiro eMakristu anotadza kutora mukana venguva yekusimudzira mabasa ekufambiswa kwekereke uye zvakare kutadza kuzvigudza neShoko raMwari munedzimwe nguva, Zvakare? Ko kusakura kwepamweya kunozviratidza sei mukereke?
6. Sokuti zvakaipa sei kuti sangano rinotadza kutsuurana pacharo kana zvichinge zvakakodzera? Chave chinhu chazara sei cheunhu vanhasi vekusiya izvo Testamente Itsva inodzidzisa maererano nekurangwa kwekereke?
7. Enzanisa dzidziso dzaJesu nedzidziso dzemuapostora Pauro maererano nekurorana nekurambana.
8. Pane here hurongwa hwekunamata (kuyanana) izvo vaapostora vaida kuti kereke yepaKorinte iite? Kana zviripo kana pasina hwaro muchitendero, ko Vakorinte ingadai vakakanganisa here maererano mukuita kwavo kwekuteedzera Tafura yaIshe?
9. Enzanisa kukanganiswa kwaiitwa zvishamiso neVakorinte nemaPentakotsi venguva iyi muchinangwa chekugoverwa kwezvishamiso mukereke yekutanga.
10. Ndezvipi zvakakosha murumuko rwaJesu Kristu?
11. Tsanangura maitiro eTestamente Itsva mukutsvakwa kwemari mukereke yaMwari.

Chitsauko 15: Chivi CheSodoma, I

Kwatiri, kudzidza pamusoro pechivi cheSodoma chinhu chinoda kubatwa zvakanaka. Zvisinei, chidzidzo ichi chidzidzo chinodzidziswa mhuri dzedu kuzvikoro, muzvidzangaradzimu, nevanhu vanemikurumbira, mumatongerwo enyika, muvatungamiri vezvitendero uye kunyangwe mumabhuku evana. Nokudaro chivi cheSodoma (ungochani) chakafanirwa kutaurya mukuparidza nemuzvidzidzo.

Ungochani ndeumwe veupi uyu Mwari akataura nezvavo muBhaibheri - muTestamente dzose dzirimbi. Mwari vanotsanangura kuita uku kusingori chivi bedzi, asi zvakare chinova chimwe chikamu chechivi chinodanwa kuti “chinonyangadza” nokudaro zvakanakosha kwatiri kucherechedza kuti Mwari vakati kudii pamusoro penyaya iyi.

Ungochani unofanirwa kudziviswa! Unosvika mukukanganisa nyika yedu uyezve unokonzera chivi cherufu. Rinova rufu rwepamweya kumunhu usingatendeuke. Ungochani unokanganisa vose varume, vakadzi uye vana. Kunyangwe Makristu dzimweni dzenguva vanozviisa muchivi cheSodoma.

Genesisi 19:1-29, inotsanangura chivi cheSodoma uye nokutevera kuparadzwa kwayo nemaguta ainge akapoterredza nokuda kwechinhu ichi naMwari. Genesisi 13:13, vanoratidza varume veSodoma kuve vainge vakaipa kwazvo. Genesisi 18:20 inotaura kuti chivi cheSodoma chaive “chainge chakaipa kwazvo.” Genesisi 18:23 inoenderera mberi mukuratidza vagari vemuSodoma kuve “vakaipa.” Genesisi 18:24-33 inoratidza kuti Mwari haana kukwanisa kuwana kana mweya yevanhu gumi zvavo yainge yakarurama muSodoma. Genesisi 19:5 (kunyanzira mukutsanangura kweNKJV) inoratidza chivi chaicho icho guts reSodoma rakazvisvibisa. Chivi chemando iyi chinonyanyo ziikanwa kwatiri kuti chingochani kana kuti upombwe. Saka pasi peMadzibaba, Mwari anopa maitiro anoda kuti aitwe muchitendero kuvanhu. Mwari unovenga kuitwa kwechingochani.

Zvakare, pasi pechiJudha, Mwari zvakanakare unovenga ngochani. Revhitiko 18:22 inoverenga, “Usavata nomurume sezvinovatwa nomukadzi: zvinonyangadza.” Kukomba kwechivi ichi kunaMwari kunobudiswa pachena kubva kuna Revhitiko 20:13. “Kana munhu akavata nomurume sezvinoitwa nomukadzi, zvirokwazvo vose vari vaviri vakaita zvinonyangadza: vose vanofanira kuurawa; mhosva yeropa ravo ichava pamusoro pavo.”

Mwari akaraira mutongo kuti upihwe kungochani panguva yairaramwa pasi peMadzibaba nechiJudha. Kunyangwe Mwari akapa chenjedzo kunyanzira kuvarume nevakadzi vemuIsraeri pamusoro pechivi ichi (Dhuteronomi 23:17), chivi cheSodoma ndechimwe chezivi maIsraeri vakadzidza kubva kunyika dzainge dzakavapoterredza (1

Madzimambo 14:24; 15:12; 22:46; 2 Madzimambo 22:7).

Zvimwechetezvo Testament Itsva inopamhosva kungochani. Ndimba tatu dzinoratidza kuzvinyorwa zvebhaibheri zvechivi cheSodoma zvinovanikwa muna Genesisi 19. “Akashandura maguta eSodoma neGomora akaaita madota, akaatongera kuti aparadzwe, akaaita chive chiratidzo kunaivo vachagara vasingadi Mwari” (2 Petro 2:6). Judha anovedzera zvakare kuti chivi cheSodoma zvakare chinokonzeresa mutongo “ve-moto usingapere.” “SeSodoma neGomora, namaguta akapoteredza, akazvipa kwazvo saivo kuvupombwe nokutevera imwe nyama, akaitwa chiratidzo, akarobwa nomoto usingaperi.” Takatarisa zvakare muna Ruka 17:29.

Uyezve, chingochani chakarambidzwa muTestamente Itsva. VaRoma 1:26-32 inotaura chivi ichi.

“Mwari wakavaisa pakuchiva kunonyadzisa: nokuti vanhukadzi vavo vakashandura basa ravakasikirwa, rive basa ravasina kusikirwa: Saizvozvo vanhurumevo vakasiya basa rakasikirwa munhukadzi, vakakundwa nokuchiva pakati pavo, vanhurume vachii-ta zvinonyadza navanhurume, vakapiwa mukati mavo mubairo wakafanira wokurashikakwavo” (VaRoma 1:26-27).

Zvakare, zvakaiva muzvivi zviviri zvaizoenderera mberi mukupa chenjedzo pamusoro pechingochani. Muna 1 Vakorinte 6:9-11 (NKJV) inzwi “ngochani” uye “upombwe” unoratidzwa munezvimwe zvivi zvakanyorwa. Muapostora Paulo kubudikidza nekufurudzirwa unotumidza “vaiti veupombwe” sevataadzi, pakati nevamwe, muna 1 Timotio 1:9-11 (NKJV).

Chingochani neupombwe chiratidzo “cheupfeve.” Ndimba zhinji dzinopa mhosva “upfeve” zvisinei nechimiro chavo, (Judha 7; Mateo 5:32, 19:9, 1 Vakorinte 5:9; VaGaratia 5:19-21).

Nyika inotaura kuti majini anova ndivo vanokonzeresa “kukambirwa nekudzidza zvepabonde.” Vanhu vazhinji vezvitendero vanozviti vanoita ungochani nokuda kwekutendera kwaMwari. Vanhu ava vanotaridzika kusava nehanya nendima dziri muTestamente Itsva neYekare idzo pachena dzinopa mhosva mukuitwa kwechingochani. Maererano naMwari, chivi pachezvacho, chinonganisira “upfeve,” chinokwanisa kubuda pachena kana chichinenge chatakurwa pamuviri nemumifungo yemoyo yakaipa (Mateo 15:19). Kusachenjererwa “kweruchiva” kunosvitsa mukutadza nekufa kwemweya (Jakobho 1:14-15). Kunyangwe kutsigira kwekunyengera kwekunze kuchisvitsa mumiedzo, chivi chinokwanisika kunzvengwa (Jakobho 4:7). Zvakare Mwari haatendere munhu kuti asvike mukuedzwa mumiedzo iyo asingakwanise kukunda (1 Vakorinte 10:13).

Mumufaro mukuru, kunyangwe ngochani dzinokwanisa kutendeuka kana kushanduka. Muapostora Paulo anobvuma kuti vamwe veVakorinte vaimbove ngochani (1

Vakorinte 6:9-11). Mwari anoregerera chivi chosezvacho kana mutadzi vachinge asvika mukutendeuka kubva machiri (1 Johane 1:5-10). Mwari zvakare anokanganwira zvivi zvaanenge aregerera (VaHeberu 8:12; 10:17).

Kunyangwe zvakaipa kuvana vaMwari, Makristu vakafanirwa kudzidza izvo Mwari anotaura pamusoro pehungochani neupombwe. Vabereki vanotya Mwari vakafanirwa kuchengetedza vana vavo muShoko raMwari munyaya iyi nemunezvimwe zvingada kuchenjererwa. Mugari vose vanofanirwa kupa kunzwisisa pamusoro pezematongerwo enyika uye, hurongwa hwemuzvikoro, muzvinyorwa nemuzviringwa zvekutepfenyura, sezvo zvinhu izvi zvirizvo zvifambiso zvirikukurudzira kufambiswa kwemashoko echingochani. Makristu vanofanirwa kumira nenzwiravo mumaonero avo pamusoro pechingochani. Munedzimwe nguva izvi zvinoitwa kubudikidza nekuitwa kwesarudzo, kufonerana kana kunyora tsamba. Mhuri dzedu nenyika yedu iripanjodzi!

Pindura Mibvunzo:

1. Nyora zvimwe zvezvivi izvo Mwari anoenderera mberi kutaura muShoko kuve “zvinonyangadza.”
2. Kwenguva yakadii chingochani chichiitwa? Mwari akatanga kupa mhosva chivi ichi rini?
3. Ko ngatitarisei pamusoro pemutongo vaipihwa kungochani pasi pechiJudha, uye nematambudziko achinokonzeresa kuvanhu vaMwari?
4. Zvinoita kuteedzera Testamente Itsva asi tichiramba kuti kuitwa kwechingochani chivi?
5. Chii chinoita kuti munhu ataure kuti “Mwari akatendeka kuitwa kwechingochani”?
6. Zvinoita here kuti munhu kubudikidza nekuedzwa akwanise kuita chingochani, nekuzvidzora kubva mudzidziso dzeupombwe idzi?
7. Zvinoitika here, kana kukwanisika kuti muiti vechingochani atendeuka kubva mu-chivi ichi?
8. Ndiani anebasa rekunzvenga chivi chehungochani? Ndezvipi zvimwe zvezvinhu izvo Makristu nekereke vangaita mukurwisa kuipa uku?

Chitsauko 16: Chivi cheSodoma, II

Zvinopesana, nemukurumbira, Bhaibheri rinopa mhosva vaiti vechingochani (Genesisi 19:1-29; Revhitiko 18:22; 30:13; Dhuteronomi 23:17; 1 Madzimambo 14:24; 15:12; 22:46; 2 Madzimambo 23:7; Ruka 17:29; 2 Petro 2:6; Judha 7; VaRoma 1:26-32; 1 Vakorinte 6:9-11, NKJV; 1 Timotio 1:9-11, NKJV). Chikamu chinokwanisa kusvika nechepakati chenyika zvakare chinemitemi inopikisa ngochani uye nekuvapo pamwe

kwevarume muupombwe. Nokudaro, kutsamwa uye nemukurwisana nekuitwa kwechingochani zvakabuda pachena mukusvoora mutemo naMwari uye nevanhu. Ngochani nevatsigiri vadzo vanozama kupinza vanhu mukuita kwavo “muchivande.”

Vaiti vengochani nevamwe vemaboka esainzi vakati 10% yevagari vemuAmerica dzinova ngochani. Maererano neuwandu uyu, muimba yekuvhoterwa kwezvinhu izvi, vaiti vezvematongerwo enyika vakatendera kuitwa kwechingochani. University of Chicago muna 1994, kwakaitwa sarudzo, yechibhubhubu, zvinonzi zvakaonekwa kuti chikamu chemapesendi matatu muAmerica dzinova ngochani. Zvoreva kuti vakuru vazvematongerwo enyika vanotsigira kuitwa uku. Kunyangwe zvakadaro Mwari vanongorambidza kuitwa kwechingochani Zvisinei neuwandu vevanhu kana kutsigirwa kwazvo nevanoita zvematongerwo enyika.

Zvakadaro, ngochani dzakamira dzakasimba mukuzama kushandura America kuiita nyika yengochani. Munhu anofunga kuti chingochani kuita kusinamaturu kusingakanganise asingaiti, asi kufunga uku handiko. Kutaure kunotevera kutaure kwaMichael Swift kubva kuNhau Dzechingochani Dzemunharaunda, Kukadzi 1987 dzichabvisa maonero nekushandura mararamiro enyu, Tichaita vanakomana venyu ngochani, tichavanyengera kuzvikoro zvenyu, mumadhomitari enyu, mumitambo yenyu, mumakamuri enyu ekuchengetera zvinhu, munhandare dzenyu dzekutandarira, munhandare dzenyu dzevechidiki, munzvimbo dzekugezera nedzamunoonera mafirimu, munzvimbo dzemauto, mumagaraji emagonyeti, nemunzvimbo dzinotandarirwa nevarume, nepose panosangana varume pamwechete.

Vanakomana venyu vachave varanda vedu nekuitwa zvido zvedu. Vachashanduka mukuita zvimiro zvedu. Vachauya mukutidetembera, uye nekutirumbidza. ... Makenke vose anosvika mukutipikisa achavharwa. Vanamwari vedu vachave vanakomana vechidiki vanerunako. ... Zvinhu zvetsika nemagariro zvichange zvichitungamirwa nekurairidzwa nekuita kwechingochani. Chimwe chechinhu chinenge chakukosheswa kuti munhu akwanise kuvana chinzvimbo chemasimba epamusoro munguva yekurarama kutsva uku kwechingochani kuchave kurararama kwekusazvidzora mukuita chido chechiGiriki. Murume vese anenge achinge abatwa neutachivana veruchiva rwekuve pamwe nemurume aisvika mukudzingwa kubva pachinzvimbo chesimba. Vanhu rume vose vanosvika mukuramba vachipikisa kuitwa kwechingochani vachasvika mukusungwa mumatare emhosva dzeupombwe uye vanobva vasvika mukuita vanhu vasina basa vasingaonekwe kana kuverengwa. ... Vakafanirwa kuve vakundi nokuda kwekuitwa kwatakaitwa nako kunochisa nevadzvanyiriri, avo vanoita sekunge vane zvavasina zvavakaita mukurasika kwako, chingochani chinoratidza kubva mukutanga. Iwe neni tinebasa rekumisa kuitwa uku.

Zvakare,vaiti vehupombwe, vapikisi vakuru varikuzama kuita kuti zvidzidzo zva-

vo zvechingochani zviitwe kuzvikoro zvose muAmerica mukudzidzisa kodzero dzavo. Chikumbiro nevavariro yavo ndeyekuti vatenderwe kudzidzisa vana zvechingochani kutangira pamakore mashanhu. Kunyangwe inzwi rekuti “kurega” rakasvika mukupihwa mumwe muonero muchinangwa chekupa mubereki mafungiro asivo pamusoro pekuchengetedzwa kwevana asi izvo vachisimbisa mukusimudzira kuitwa kwechipfeve. Mukuenderera mberi vanotaura nekupa mimwe mitemo iyo inosimbisa mukukurudzi-ra madzitare kuti vape kodzero dzevana mutsika nekodzero dzevanano (dzimwe dzen-guva dzinodanwa kuti “kubatana kwemumba”), kodzero yekutotera tsika dzekumwe, kubvisa kwekubhadharwa kwemutero kunevaiti vechingochani, nekusimbisa mapoka avo, nezvimwevo zvakadaro. Bhoka reFCC rakatotanga kare kufambidzana kubudiswa kwezvinhu zvinezvekuita nekupikisa ngochani, uye nekuraira kuti boka rinenge raita izvozvo rairipwa nemari yekufonesa kuti vakwanise kutumira mukuratidzira zvinyor-wa zvekushambadzira kwavo. Imwe njodzi ndeyekuda kudzoreredza mutemo veko-dzero dzevanhu vaiveko mugore ra1964 mukupindza kodzero dzechingochani. Kana izvi zvikakwanisika kuitika, zvoreva kuti ngochani dzinenge dzakuonekwa kuve kodze-ro muupenyu hweraramo yevanhu muAmerica (somuenzaniso, mukunyoresa dzimba kana mukupinda mabasa, nezvimwe zvakadaro.).

Chinangwa chechingochani chirikuratidzika kusadzikiswa nokuti parizvino chine rutsigiro munharaunda yedu. Magavhuna emumaguta emuU.S. arikusvika mukuten-dera kuitwa kwekusimudzira “kuzvikudza kwengochani” mavhiki oga oga ngochani dzevakadzi nevarume dzikuvedzera mukupinda “mukuzvikudza kwengochani” mu-ungano dzavo. Mhuri dzemuAmerica dziripanadzombe nokuda kwezvinyorwa ne-mashoko engochani anotaura nguva venguva muurongwa hwemuzvidzangaradzimu zvine mukurumbira zvichishambadza zvinyorwa nemabhuku “engochani” evana va-diki anovanikwa mumaraibhurari avo. Kunyangwe makambani anozviratidza pachena paruzhinji kuti ishamwari kana kuti vapikisi vechingochani. Kune zvitendero zvechin-gochani zvinodarika 300 mumaguta vanosvika 47 tisingaverenge huvandu hwenhengo dzechingochani mumakereke echinyakare.

Mamwe ematambudziko anovedzera kuvhiringika kweAmerica anokwanisa ku-sanangurwa. Kuratidza uku, kunyangwe, zvakakwana zvinokwanisa kusvitsa mhuri dz-edu mukuurava kana nyika yedu. Kunyangwe zvakadaro Mwari anokwanisa kuvana “mweya gumi yakarurama” (Genesisi 18:24-33). Nokudaro, kunze kwekunge tatsanan-gura pamusoro pekuipa kwechinhw chikuru ichi patinoparidza, muzvidzidzo, muzvin-yorwa zvedu, mudzimba dzedu, uye pamberi pehama dzedu, nemhuri dzedu uye nyika inosvika mukuzvisvibisa pachezvayo nechivi cheSodoma.

Pindura Mibvunzo:

1. Enzanisa uwandu vengochani munyika yedu nerutsigiro rwavo muruzhinji nemumatongerwo enyika.
2. Tsanangura kurwisa kwengochani nekuipa kwadzinounza munyika yedu, kudzimhuri dzedu nekukereke.
3. Ngochani dzirikukanganisa sei chitendero muAmerica?
4. Ndiani anebasa rekutsigira kubviswa kwechingochani muAmerica? Zvingaitwa sei? Kuitwa uku kungatangira kupi?

Chitsauko 17: Mudumbu Rehove

“Jehovha akatuma hove huru kundomedza Jona, Jona akava mudumbu rehove mazuva matatu nousiku hutatu. Ipapo Jona akanyengetera kuna Jehovha Mwari wake ari mudumbu rehove” (Jona 1:17-2:1).

Makadzika dzika mukati medumbu rehove hurusa, Jona akamonererwa nezvikafu zvemugungwa, mukupererwa unonamata mukunetseka chaizvo unonamata kunaMwari. Sezvainge zvakangoita vamwe vana vaMwari kare kana zvino, muchiitiko ichi semuenzaniso Jona haana kunamata kunaMwari kusvikira paakasangana nedambudziko.

“Mweya wangu wakati uchiziya mukati mangu, ndikarangarira Jehovha; Munyengetero wangu ukapinda kwamuri muTemberi yenyu tsvene” (Jona 2:7).

Jona vaive muporofita vaMwari uye chizvarwa chekuchamhembe kweumambo veIsraeri. Zvakare ainge akapikira kunaMwari mukuremekedza basa rake reuporifita (Jona 2:9). Jona semuporofita, ainge akazvipira kuparidza Shoko raMwari kuhamadzake dzechJudha. Zvisei, ainge asingade kuparidza Shoko raMwari kumaGiriki - kunyanya vagari vekuNinivha. Apo bedzi Jona akatadza kutiza pamberi paMwari, uye nebasa raainge atumwa kuita, mukusada kuparidzira kuNinivha.

Mukuenderera mberi, Jona akatsamwa apo: (1) VaNinivha vakasvika mukutendeuka, uye (2) Mwari akasvika mukuvaregereea ndokurega kuvaparadza.

Kuitika uku kwakapusa kwekuparidzira kunogona kuvanikwa. Apo kuita kwehunu usina kufanira vakaitwa naJona kuvaNinivha kunokwanisa kuvanikwa kuchiitwa mumakereke nhasi.

Dzimwe nguva tinoita sekunge tiri mudumbu rehove hurusa? Tinokwanisa kutiza here kubva kubasa ratakatumwa kukereke? Variko here avo vatirikuramba kundoparidzira Evhangeri? Pachokwadi tine mweya yatisingadi kuti iponeswe - tisina zvatinoita zvakakwana mukuita kwedu mukuvabatsira muchimiro chavo chekurasika? SaJona, seMakristu takapikira kuparidza Shoko raMwari.

SaJona basa redu nderekuenda tondoparidza kune mamwe Makristu (Marko 16:15-16). Dziyo dzatinoimba neEvangeri rinochisa kuti tikwanise kuendanaro nekuriita mukuparidzira Chikristu. Ngativei takachenjera kuita izvo tinoimba (somuenzaniso, (“Evangeri Ndeyemunhu Vose”) uye nekurarana izvo tinoparidza.

Tinemienzaniso mizhinji iri muzvinyorwa zvebhaibheri yekuparidzira nayo Evangeri. Andrea akaunza Petro kuna Kristu (Johane 1:40-42) uye Firipi Akaunza Nathaneri kuna Ishe (Johane 1:43-49). Muevangri Firipi akaenda kuSamaria ndokusvika kutendeutsa mweya mizhinji neEvangeri (Mabasa 8:5-13). VaThesaronika vakatakura Evangeri kuendanaro kunyika dzirikure pasina kuri paridza munharaunda mavo bedzi (1 VaThesaronika 1:6-8). Muenzaniso mukuru verudo rwezvokwadi pamusoro pamweya yakarasika ndiJesu Kristu, akasiya kubwinya kwekudenga uye ndokuisa parutivi kukudzwa kwekuva Mwari ndokuuya panyika kuzove chibayiro nokuda kwedu (Va-Firipi 2:5-8). Muenzaniso yese iyi inofanirwa kutisimbisa kuti titore Evhangeri kunyika dzose.

Kuparidza Evangeri haisi sarudzo asi kuti mutemo! Kubudikidza nekudzidzisa Evangeri kunevamwe, kunyanya kune avo vanokwanisa kudzidzisa vamwe, Chikristu chechokwadi chinofanirwa kuzadzwa muzvizvarwa zvedu - uye kubva kunerudzi zvi-chienda kunemamwe marudzi nemarudzi (2 Timoti 2:2).

Hakuna nzvimbo yatingati iyi yakaoma kuparidza Evangeri. Kutambudzwa uye kunyangwe rufu Zvakare zvimwe zvezvinhu zvakabatsira kushambadzwa kweEvangeri mumakristu emumakore ekutanga emazana (Mabasa 8:1-5, 7). Muapostora Pauro akatambudzika zvikuru kwazvo uye nokuda kwake nokuti vakazvipira sezvo vaishingaira kuponesa mweya (2 Vakorinte 11:23-28). Kunyangwe takave nezvisi zvakashinanga zvinotambudzika nokuda kwekuparidza Ishe vedu anotitarisira kuti tiite kutenda kwedu kwakatendeka kunyangwe tikasvika mukurasikirwa nehupenyu hwedu mubasa redu (Zvakazarurwa 2:10).

Mukana vekuparidza Shoko nhasi muzhinji. Pasirose, Russia, Africa, India nedzimwe nzvimbo dzinoratidzika kuve dzaibva kuti dzikwanise kukohweva. Uye kunyangwe Mukristu sedungamunhu kana sesangano takafanira kubatsira mukushanda kubudikidza neurongwa hwekereke (somuenzaniso, Truth for the World mumaterevhizheni, muwairesi, muchinyorwa, neushumiri vekambani). Mukana vakakosha vekugovererana Evangeri neimwe mweya yakasungwavo zvakare. Kutumira zvinyorwa mumaonero nekuisa zvinyorwa munzvimbo dzeruzhinji (somuenzaniso, munzvimbo dzekutandarira, mumabhazi, nekuvaenzi) nedzimwe dzenzira mbiri dzinovanyore idzo munhu vose anokwanisa kuendesa Evangeri munyika.

Muverengi, vavo cherechedza here (kana muchechi yauri nhengo yayo) uripakadzama dzama, mukati mudumbu rehove hurusa? Kereke yaIshe ine basa munyika.

Time zvipo zvinodikanwa. Ruzivo rwemazuvaano rwekufambiswa kwemashoko ru-
zere pakati pedu. Chinongodiva ndechekuti tizvipire kuparidzira nyika - uye nekuitwa
sokudaro munguva dzakapfuura. Kunyangwe kubudikidza nemamishinari mashoma
atiinavo mazuva ano, zvizhinji zvinova zvirikuitwa mukuparidzira nyika. Nokudaro,
takafanirwa kuve takashinga nekushingaira mukutanga tichigadzira mabasa akanaka
aya - zvakare nekushanda mukutsvaka zvingadikanwa mukubatsira mukuparidzirwa
kwenyika.

Pindura Mubvumbi:

1. Tsanangura kusarurama kwakaitwa naJona kurudzi rwisiri rwechiJudha uye zvatoita
nhasi sei vana vaMwari.
2. Makristu anonzwisisa kukosha kwekereke nedzimwe dzenguva ndivo vanosvika
mukuita kumwechete uku kumweya yakarasika? Kana zvirizvo munzira dzipi zvazvi-
noratidzwa?
3. Nderipi basa, kana riripo, iro kereke neMakristu vanofanirwa kuita pamusoro pam-
weya vakarasika?
4. Nyora imwe yemienzaniso inovanikwa muBhaibheri yakaitwa pamusoro pekukoshe-
sa mweya yakarasika.
5. Mukuita kwakadii Makristu vanofanirwa kuita mukugadzirira kuparidzwa kweevan-
geri munyika.
6. Tsanangura nzira dzingashandiswa nekereke kana dungamunhu mukuparidzira
mweya yakarasika Evangeri.
7. Ndechipi chipingaidzo chikuru icho kereke ingaita kuti tikwanise kukunda muk-
uparidzira nyika neEvangeri raKristu?

Chitsauko 18: Pasina Ndegerero

Nokuda kwekufuridzira kwaMwari, muapostora Pauro anodzidzisa kuti munhu
akwanisa kuziva pamusoro paMwari kubudikidza nekuona unyanzvi vekusikwa kwen-
yika. Zvakare hapangave nendegerero yekutadza kuziva kuti Musika ndiye muridzi
venyika. Nokudaro, Mwari zvakare anopa mutongo vakaomarara kune avo vanoshora
mukuramba ukuru hwaMwari mukusika.

“Nokuti kutsamwa kwaMwari kunoratidzwa, kuchibva kudenga, pamusoro poku-
sada.

Mwari kwose nokusarurama kwavanhu, vanodzivisa zvokwadi nokusarurama;
nokuti izvo zvingazikanwa zvaMwari zvinovonekwa mukati mavo; nokuti Mwari waka-
zviratidza izvo kwavari. Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika, izvo zvake zvisingavone-

kwi, iro simba rake risingaperi novuMwari bwake, zvinovonekwa kwazvo, zvichizikanwa pazvinhu zvakaitwa; kuti varege kuva nepembedzo” (Roman 1:18-20).

“Kudenga-denga kunoparidzira kubwinya kwaMwari; Uye denga rinoratidza basa ramaoko ake” (Mapisarema 19:1).

Ndima idzi dzinotsigira zvitauro zvitatu zvakatauro. Asi, kuti nyika haingatizivise zvinhu pamusoro penyika zvakanangana naMwari vedu Musiki. Nyika mukusikwa kwayo inoratidza kuti kune Musiki uye vanhuvo vanofanirwa kutanga kubvisa kukanganiswa kunoitwa. Kubva muZvinyorwa tinodzidziswa mukuudzwa kuti simba rekusika nderaMwari.

Mukomendari rake rinonzi Commentary on Romans, Moses E. mushanduro yaLard VaRoma 1:20, “Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika, izvo zvake zvisingavonekwi, iro simba rake risingaperi novuMwari bwake, zvinovonekwa kwazvo, zvichizikanwa pazvinhu zvakaitwa; kuti varege kuva nepembedzo.” Uye zvakare akacherechedza: inzwi “kunzwisiswa” zvinoreva rakavanikwa nekufunga kana mupfungwa. ... Unhu hwaMwari usingaonekwe. ...zvinova zvaitariswa kubva mukusikwa kwenyika, zvichiratidzwa nezvinhu zvakagadzirwa. ... Kubva mukusikwa kwenyika uye munhu avepo, zvainge zvichiitika nokuda kwekusikwa, mukuzvika munguva yekuonekwa kweunhu Vemasimba. Asi zvaisaonekwa navo. Kuita uku kwaidanwa kuti zvisingaonekwi, nekuti zvaive zvakaoma uye zvakaoma kuti ziso rekunze rizvione. Nyika mukusikwa kwayo inoratidza unyanzwi vemhando yepamusoro nekurongeka kweMusiki zvose nemasimba ose ekusikwa nekuraramisa nyika yose nezvose zviripo mairi.

Zvisinei, nyika mukusikwa kwayo haikwanise kuzivisa munhu Mwari kana huringwa hwake kumunhu. Munhu unotofanirwa kuenda kunaMwari mukutsvaka Kuda kwaMwari chaakararidza (kwatiri, inova Testamente Itsva) kuti tizive Mwari nechido chake kwatiri. Hama Lard vakapachenjedzo pamusoro pekufungira zvizhinji pamusoro pekusikwa.

Uye pano tinofanirwa kuve vakachenjera. Vaapostora havana kupa kohomedzo kuti kubudikidza kwezvinhu zvakadikwa tinokwanisa kuziva Mwari. Pauro muchimiro chaMwari nezano raMwari raifungidzirwa. Mwari haaziikanwe nokuda kwezvisikwa. Kubva mukusikwa tinoona kuita kwaMwari kwete Iye.

Maererano “neumbirimi usingagume” vechimiro chaMwari uye simba “neutsvene” sekuratidzwa kwazvinoitwa munaVaRoma 1:20, Lard haana kuzviratidza Sokuti zvakararatidzwa zvakare munyika. Kushanduka kwa kunoratidza unyanzwi vekusika kweMusiki uye simba nekuchengeta. Kunyorwa kwaakaitwa bhuku rakanzi, kupfuma imhuri, VaRoma 1:18-20, inoratidza chimiro “chisingaperi” mukuita kwesimba uye nekuratidza Mwari seMusiki.

Kubva mukusikwa tinoziviswa simba raMwari anova vakagadzira. Asi tinoziviswa

simba bedzi, asi kwete pfungwa dzechisingaperi. Mairi, uye semafungiro, nokudaro simba iri ririko nokusingaperi, uye izvi zvinova zvinozivikanwa naPauro, nakudaro akaritudza. (Lard)

Nyika mukusikwa kwayo inoratidza Musiki akatanga nekuratidza nguva peMadzibaba paaiziikanwa saMwari. Nokudaro kuti tienderere mberi neruzivo rwekusikwa, kuruzivo rwesimba rwekusikwa, kuruzivo rweMusiki, kuenda kuruzivo rwaMwari Musiki zvedu (pamusoro pekuziviswa zvakaritudzwa) zvinoda kupandanisa kwepfungwa kwe-munhu.

Mwari anotarisa kuti mweya yose ikwanise kupandanisa pfungwa uye nokusingaperi unotirangarira. Lard anonyora pamusoro “pekupandanisa”:

Kubva mumabasa ekusikwa, pfungwa nehurongwa, unofamba kubudikidza nehunhu. Hurongwa uyu ndinoutora kuve umwe vekupandanisa. Unopa kugutsikana pamusoro paMwari uye kubva kumabasa ekusikwa pfungwa dzinozivisa zvinhu zveruzivo, zvimwe zvezvinhu izvi zvakaipa sesimba, nezvimwe zvakadaro. (Mukohomedzo dzangu.)

Kubudikidza nezvinyorwa izvo VaRoma 1:18-20 inoratidzwa, Muapostora Pauro vakakomekedza mugakava mukuratidza, kuti kubudikidza nekucherechedza kwenyika yakasikwa zvakabatanidzwa mukugashirwa kwechiratidzo, vanhu (pachinyanyotariswa rudzi rwechiGiriki) “vaininge vasina ndegerero” nokuda kwekuramba kwavo Mwari. Zvinyorwa zvakare zvinokohomedza uye mukuratidza kuti Mwari unoda vanhu kuti vapandanise mukutora ruzivo.

Mumazuva edu, kuenzanisira, kupandanisa nekupa pfungwa, kazhinji ndizvo zvinhu zvinotarisirwa, zvinoonekwa kwekupedzisira nevamwe vanoratidza mamiriro ezvemasimba muzvitendero, uko vanotarisa kuti munhu unofanirwa kuzvibvumira. VaRoma 1:18-20, inopedzisa mukutaridza kuti kuenzanisira kunodiwa kazhinji, kupa pfungwa kunyanya uye kupandanisa pfungwa zvikurusei kunotarisirwa uye kunofanirwa kuitwa mukuraramwa kweChikristu. Maererano nechidzidzo chiripo chaVaRoma 1:18-20, nekutarisa muBhaibheri, Mwari anoreva chokwadi icho munhu vanofanirwa kuzivisa chokwadi ichi. Chirevo cheutsvene nekuitawo basa mukupedzisira zvinounza kupedzeredzwa kweruzivo. Chirevo cheutsvene (uye neruzibo rekuziviswa uku) zvinofananidzwa mumabasa emunhu. Isu “hatifanirwe kuve nendegerero.”

Mwari ndiMwari venjere, vakasika munhu chiri chisikwa chekufunga. Chidanho chekufunga nekukwanisa kupandanisa chinova chinhu chekutanga chinotisiyanisa vanhu nezvimwe zvisikwa zvose. Kukundikana kuita kufunga mukuratidza kusarurirwa Kutsvene kwatiri uye nekunevamwe kunoratidza kutaura kwatiinako kubva kuna Mwari.

Kubudikidza nekufuridzirwa Kutsvene uye kubudikidza nekuzarurirwa Kutsvene muapostora Pauro muRoma vanoratidza zvinhu zviviri zvaifanirwa kufungisiswa

nemaJudha. Kuitwa kwekufuridzirwa kuzarurirwa uye kupikisana kunofanirwa kumira mukutsigirwa nechinzvimbo nokuda kwemunhu mukufunge pamwe mukupandanisa nemazvo. Kuramba zvinhu izvi zvakafanana nekupikisana naMwari nevanhu nokuda kwekuramba kwakadaro: (1) Zvichida Mwari haade kana kuti haataura nevanhu munzira idzo vasingadzinzwisise, kana (2) Kana kuti vanhu havakwanise kana kuti havade kunzwisisa kutaura kwaMwari akaunza (rinova Bhaibheri), kana (3) kuti zvose ndezvezvokwadi (Mwari nemunhu vose vakakwaniswa mungave mumabasa kana mukushinga). Muchimiro chekuti Mwari akapa zvinyorwa zvisingaperi, zvisingashanduke zvekuiti vanhu vazhinji vanokwanisa kunzwisisa. Inyaya yekuti munhu anokwanisa asi anosvika mukusasarudza kunzwisisa Shoko raMwari (mweya isingaverengeke inotarisirwa).

Cherechedza VaRoma 2:1-4:

“Saka haunepembedzo iwe munhu, upi noupi, unotonga vamwe; nokuti pachinhu icho chaunotonga mumwe nacho, unozvipa mhosva iwe, nokuti iwe, unotonga unoita zvinhu izvozvo. Tinoziva kuti kutonga kwaMwari ndokwazvokwadi kunavanoita zvinhu zvakadai. Iwe munhu, unotonga vamwe vanoita zvinhu zvakadai, iwe uchizviita vo, ko unoti ungatiza kutonga kwaMwari here? Unozvidza kanhi fuma yovunyororo bwake, nomoyo wake munyororo, nomoyo wake murefu, usingazivi here kuti vunyororo bwaMwari bwunokuisa pakutendevuka?”

VaJudha vakazviisa muzviito, zvinekutonga kwakanaka apo vakanzwisisa kuti vaGiriki vaive nemhosva nezvivi zvimwechete izvo zvaifananidzwa nevaapostora kumaGiriki. Mwari akatsigira kuti vaJudha vainge vakaipa kuitwa kwekuipa kumaGiriki. Nokudaro sezvo vaJudha vaivevo nemhosva yechivi chimwechete ichocho icho vaipa mhosva kumaGiriki, nokuda kwechirevo chavo vaJudha vaitozvipavo mhosva.

Kupupurira kwemaJudha nekupupurira kwaMwari pamwechete zvinopa mhedziso yemhando yechivi chirimudariro (VaRoma 1:28-32). Ndima yechitatu neyechina inoratidza pfungwa yaive nemaJudha yainge yakaipa kwazvo yekuti Mwari ainge akavasarudza. Nokudaro vaipinda muupombwe nokuti vaive nekufunga kuti Mwari anovaregerera zvivi zvavo nokuti vaive maJudha.

VaJudha vakange vakadanwa kuti vazvinatsurudze kutadza kwavo - kubudikidza nekupanganisa kwezvokwadi - ndokuti; (1) sechivi chinounza kurashwa, (2) hakuna rusaruro kuna Mwari, nokudaro (3) vaJudha vainge vakangofanana nemaGiriki nokuda kwezvivi zvimwechete.

Nokudaro, vaJudha zvakare vanenge vasina ndegererowo. Nyaya yemaJudha inovasvitsa mukunyadziswa kwavo nokuti vainge vaine ruzivo rwemweya rwurinani kudarika vaGiriki; vaJudha vaive vanhu vakapihwa mutemo yaMozisi. vaJudha vaitizivei uye apo Pauro anopedza tsananguro dzake. VaJudha havana kukwanisa kuramba ruzivo rwavo pamusoro peShoko raMwari sezvo vairiziva.

Zvimwechetezvo, nevamwe vedu “vatsananguri vatswa” “havana urongwa” vanhu venguva yake vaivepo mukupa chenjedzo kumaJudha, vaJudha vakaipa Pau-ro chikonzero chisina kukwana. “Mutemo vaMozisi yaingove tsamba yerudo kubva kunaMwari.” “Dzaingove kohomedzo dzaive nemasimba.” Kupa chikonzero kubudikidza nehumbo vakaratidzwa muna VaRoma 2:1-4 kunova kupomera mhosva kunaMwari, kumunhu kana vose. VaJudha vanofanirwa kusava nendegerero uye vakazviziva mushure mekutsanangura kwaPauro. Zvino chinhu chakaoma kuzvipa kumasimba aMwari, nekubvuma zvitadzo zvedu uye nekuzvipira kutendeuka mukukuvandudzwa.

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura kuti chii chinoratidzwa nenyika yakasikwa pamusoro peMusiki uye uye kuti anokwanisa kuita sei?
2. Tsananguro musiyano uripo pakati pekutsanangura chireva chechimwe chinhu. Maererano neZvinyorwa, vanhu vanotarisirwa kuita sei?
3. Zvakaoma sei kuti mweya vose ikwanise kukanganisa muchitendero?
4. Ruzivo rwezvinyirwa rinovanikwa sei?
5. Chii chakakosha paurongwa vekunzwisisa kuda kwaMwari kuvanhu?
6. Kuramba kwemunhu kushandisa kufunga kazhinji zvinoratidze kunaMwari nevanhu?
7. Kubudikidza neurongwa (kufunga) Ndeipi pfungwa yamuapostora Pauro mumuono vake munaVaRoma muChitsauko Chechipiri? Chii chakakosha paurongwa hwepfungwa dzaPauro pamusoro perumuko muna 1 Vakorinte 15?
8. Chii chinova chakaoma kwatiri mukuita izvo Mwari anoda kuti tiite? Ko kukanganisa kwazvokwadi kunei nechekuita nemasimba muchitendero?

Chitsauko 19: Takaponeswa Nei?

Kuponeswa kunouya nokutenda here? Hongu! “Naizvozvo zvatinoruramiswa nokutenda ngative norugare kunaMwari naShe wedu, Jesu Kristu” (VaRoma 5:1). Ko ruponeso runouya nokutenda bedzi here? Kwete! “Munovona kuti munhu unoruramiswa namabasa, haaruramiswi nokutenda bedzi” (Jakobho 3:24).

Ko ruponeso runouya nokutendeuka here? Hongu! “Kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendevuka nokukangamwirwa zvivi, vachitanga paJerusarema” (Ruka 24:47). Ko rubhabhatidzo runouya nokutendeuka bedzi here? Kwete! “Petro akati kwavari: Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu abhabhatidzwe nezita raJesu, kuti mukanganwirwe zvivi ...” (Mabasa 2:38).

Ko ruponeso rwunouya nekupupura Kristu here? Hongu! Ko ruponeso runo-

pihwa kubudikidza nekupupura Kritsu bedzi here? Kwete! “Kuti, kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa; nokuti munhu unotenda nomoyo, ndokururamiswa; unopupura nomuromo, ndokuponeswa” (VaRoma 10:9-10).

Ruponeso rinopihwa norubhabhatidzo here? Hongu! “Naiwo mufananidzo worubhabhatidzo, runokuponesai zvino ...” (1 Petro 3:21). Ko ruponeso runopihwa nerubhabhatidzo bedzi here? Kwete! “Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa ...” (Marko 16:16).

Ruponeso runopihwa kubudikidza nekudana zita raIshe here? Hongu! “nokuti aninani unodana kuzita raShe, uchaponeswa” (VaRoma 10:13). Ruponeso rwunovanikwa kubudikidza nekudana zita raIshe bedzi here? Kwete! “Zvino uchanonokereiko? Simuka, ubhabhatidzwe, usukwe zvivi zvako, udane zita raShe” (Mabasa 22:16). Ruponeso runounzwa nenyasha here? Hongu! “Vanongoruramiswa nenyasha dzake nokudzikinura kuri munaKristu Jesu” (VaRoma 3:24). Ruponeso rwunovanikwa nenyasha bedzi here? Kwete! “Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari” (VaEfeso 2:8).

Ruponeso rwunovanikwa nekuita tsitsi here? Hongu! Ruponeso rwunovanikwa nokutenda bedzi here? Kwete! “Wakatiponesa, asingazviiti nokuda kwamabasa akarurama, atakanga taita isu, asi nokuda kwenyasha dzake ... kuti isu, taruramiswa nenyasha dzake ...” (Tito 3:5-7).

Ruponeso rwuripo nokuda kweropa raKristu here? Hongu! “Uye kubva noku-na Jesu Kristu ... akatisuka, pazvivi zvedu neropa rake (Zvakazarurwa 1:5). Ruponeso rwunovanikwa neropa raJesu Kristu bedzi here? Kwete! “Iye wakagadzwa naMwari, kuti ave muyananiso nokutenda muropa rake, kuti kururama kwake kuratidzwe, nokuti zvivi zvakaitwa kare zvakaregerwa ...” (VaRoma 3:25).

Ruponeso rwunovanikwa nokuteerera here? Hongu! “Akati akwaniswa, akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kunavose vanomuterera” (VaHeberu 5:9). Ruponeso runouya nokuteerera bedzi here? Kwete! “Nokutenda Abhurahamu, wakati adanwa, akaterera, akabuda, akaenda kunzvimbo yaakanzi uchaipiwa ive nhaka yake; akabuda akaenda ...” (VaHeberu 11:8).

Ruponeso rwunovanikwa netariro here? Hongu! “Nokuti takaponeswa netariro ...?” (VaRoma 8:24). Ruponeso runouya netariro bedzi here? Kwete! “Kana muchingorambira pakutenda, makateyiwa, mumire makasimba, musingabviswi patariro yeEvhangeri ...” (Vakorose 1:33).

Ruponeso rwuripo nokuda kwekufa kwaKristu here? Hongu! “Nokuti pakutanga ndakakupai izvo zvandakagamuchira vo, kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa paMagwaro” (1 Vakorinte 15:3). Ruponeso rwunovanikwa nokuda kwaKristu bedzi

here? Kwete! “Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa muna Kristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu: kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesu vo tifambe novupenyu bwutsa” (VaRoma 6:3-4).

Mukupedzisira tinongoona kuti haaponeswe nechinhu chimwe bedzi, asi kuti kusanganisira zvimwe zvinova zvakare zvinoratidza zvinopa simba rekuponesa. Hatingoponeswe nechero chinhu, kana pachedu. Nokudaro, zvinhu zvose izvo evangeri inotaura kuvanhu simba rekuponesa zvinoshandidzana pamwechete muruponeso rwemweya. Kuita uku kunotaurwa neZvinyorwa hazvipikisane mukuitwa kwazvo (somuenzaniso, kutenda bedzi, Nyasha bedzi). Zvinofambidzana pamwechete mukubatirana mukuunza ruponeso.

Nokudaro, ndezvipi chaizvo zvakanyanyokosha muurongwa hwerudzikinuro? Ruponeso runouya naJesu Kritsu? Hongu! “Nokuti Mwanakomana womunhu waka-vuya kuzotsvaka nokuponesa chakarashika” (Ruka 19:10) “Nokuti hakuna kuponeswa kunomumwe: nokuti hakunerimwe zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pavanhu, ratingaponeswa naro” (Mabasa 4:12). Pasina Jesu panenge pasina ruponeso!

Ruponeso runovanikwa kubudikidza naJesu bedzi here? Kwete! Baba vekumusoro kudenga neMweya Mutsvene vakabata basa muruponeso rwevanhu. “Isu takavona, vuye tinopupura kuti Baba vakatuma Mwanakomana, kuti ave Muponesi wenyika” (1 Johane 4:14). “Nokuti hakunovuporofita hwakatongovuya nokuda kwomunhu, asi vanhu vatswene vaMwari vakataura, vachimutswa noMweya Mutsvene” (2 Petro 1:21). “Nokuti muMweya mumwe isu tose takabhabhatidzirwa mumuviri mumwe...” (Vakorinte 12:13). Tinechikwereti cheruponeso rwedu, mukushanda kwakaita umunhu veukuru hwaMwari.

Ruponeso runovanikwa muukuru hwaMwari bedzi here? Kwete! Ruponeso rwunofambidzana nemukutsvaka uye kazhinji rinomira nemukushanda kwevakaponeswa. “Akapupura kwazvo namamwe mashoko mazhinji, [Petro] akavaraira, achi-ti: Muzviponese parudzi uru rwakakombama” (Mabasa 2:40). “Naizvozvo, vadikanwa vangu [Pauro] sezvamakaterera nguva dzose, ndisati ndiripo, pedzisai kuponeswa kwenyu nokutya nokudedera” (vaFiripi 2:12).

Kuita kwemunhu muzvinhu zveruponeso, mukuzvipfupikisa kunongova kuteera here?. “Akati akwaniswa, iye [Jesu Kristu] akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kunavose vanomuterera” (VaHeberu 5:9). Sezvinei, kunyangwe kuzama kuteerera nemoyo vose kunonyengera. “Nokuti vose vakatadza vakasavika pakubwinya kwaMwari” (VaRoma 3:23). Sezvinei, kusateerera kwevanhu kwaivedzerwa netsitsi nenyasha dzaMwari (Tito 3:5) ; VaEfeso 3:8). Kubudikidza netsitsi, Mwari haana kutipa izvo tinofanirwa kuve nazvo - ndiye Upenyu usina magumo. Nokuda kwenyasha, Mwari haana

kutipa zvatinofanirwa kuve nazvo - Upenyu mufaro usingaperi (pakupedzisira). Ruponeso, zvisinei, rinemauiro pamusoro pevakaponeswa mukubvumirana mukushenaira kuteedzera murairidzo vaMwari. “Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari pachiedza, tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose” (1 Johane 1:17).

Kuteerera kana kufamba muchiedza zvinoiswa mumapoka muBhaibheri sezinotevera “Naizvozvo kutenda kunovuya nokunzwa, nokunzwa kunovuya neshoko raMwari” (VaRoma 10:17).

Zvakasikwa mukuvambwa uye zvakaronge mumufambiro vavo: (1) Shoko raMwari Kunzwa, (3) Kuenda. “Naizvozvo Mwari wakarega hake kurangarira nguva dzokusaziva; asi zvino unoraira vanhu vose kwose-kwose kuti vatendevuke” (mabasa 17:30). “Kuti, kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa; nokuti munhu unotenda nomoyo, ndokururamiswa; unopupura nomuromo, ndokuponeswa (VaRoma 10:9-10). “Petro akati kwavari: Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu abhabhatidzwe nezita raJesu, kuti mukanganwirwe zvivi ...” (Mabasa 2:38). Muurongwa, kuenda kwakateedzwa ipapo, kubudikidza, (4) kutendeuka, (5) kupupura Kristu uye (6) kubhabhatidzwa.

Kunamata kwose kweMakritsu, vainogara (7) kutendeka. “Uve wakatendeka kusvikira parufu, ndigokupa korona yovupenyu” (Zvakazarurwa 2:10). Mukupedzisira, nokuti tiri zvisikwa zvinotadza, dzimweni dzenguva tinotadza sezvakaitwa naSimoni munaMabasa 8. Nomufaro, Mwari akatiwanisa mukana vechipiri vekuponeswa kune Mukristu anenge vatadza, (8) tendeuka mukuita kwako unamate. “Naizvozvo tendevuka pakuipa kwako, ukumbire kunaShe, kuti zvimwe ukanganwirwe murangariro womwoyo wako” (Mabasa 8:22).

Munhu haangaponeswe kana asina kubata kutsvene mukugadzirira ruponeso rwake. Hukuru hwaMwari hauperuponeso munhu pasina kuita kweutsvene mukugadzirira kweruponeso. Muverengi, vakaponeswa muzvokwadi here (maringe nekutaura kweTestamente Itsva pamusoro pekudzikinurwa)?

Pindura Mibvunzo:

1. Nyora zvinhu zvezvinhu zvakataurwa zvinoponesa muTestamente Itsva. Zvinhu izvi zvakazvimirira pachezvavo zvinoponesa mweya here?
2. Tsanangura kuti zvinhu izvo zvakataurwa kuti zvinesimba rekuponesa, zvinoshanda sei mukudzikinura.
3. Nyora vabati vakavepo mukudzikinurwa kwemweya, kuita kwani kunobviswa tisingabvisi rudzikinuro?

4. Tsanangura, basa rakakosha remunhu umwe noumwe anechekuita nerudzikinuro rwemweya.
5. Tsanangura, kuitwa kwakanaka kwe kuonekwa kwerudzikiniro.
6. Tsanangura kuita kuneurongwa mukuitwa kwekuvaniswa rudzikinuro.

Chitsauko 20: Kurarama KweMakritsu: Kuzvidzora, Kururama Nekunamata Mwari

“Dzichitidzidzisa isu kuti tirambe kusanamata Mwari nokuchiva zvenyika, tirame nokungwara, nokururama, nokunamata Mwari panguva ino” (Tito 2:12).

Tito 2:12 nebhuku rose raTito rakanyorerwa kuMakritsu (kukereke, vakaponeswa). Haritsananguri zvonodikanwa kuti munhu akwanise kuve mwana vaMwari, asi rinotaura kuti mwana vaMwari anokwanisa kufambiswa sei neShoko mukururama Muchikritsu. Zvakare Tito 2:12 chidimbu chenotsanangura kuonekwa kweChikritsu chezvokwadi muupenyu vechikritsu uye mukereke yaIshe. Zvakanaka kumunhu kana kumakereke vazviratidzi sekuratidza kwaTito, apo kana vachinge vavira nekusatendeseka nokuda kwechivi, Makristu kana makereke haagashirwe kuna Mwari kana pachinge pasina kuratidza zvirikutaurwa munaTito 2:12.

Kuratidzwa kwaTito 2:12 kunosanganisira kupera kwezvimwe zvinhu muupenyu hwemunhu (“kusanamata Mwari nekuchiva kwenyika”) uye mukutsiva kubvisa kwezvinhu izvi nekuitwa tsikadzakanaka mukutya Mwari. (‘Mukuzvidzora, mukururama, nokumunamata Mwari’). Zvinoratidzwa munaTito 2:12, nziyo yekuti “Ndopira Zvose,” inouya mupfungwa: Kuna Jesu Ndopira ... Ndichazogara naye ... Kuna Jesu ndozvipira Ishe pamberi penyu; Zvinhu zvenyika ndosiya Ndigamuchirei Jesu ...`She ndinokuzvipira ...”

Panekafungiro kekuti bhuku raTito rinobata zvarinoreva zvikuru pana Tito 2:13. Zvikuru sei tikacherechedza ndima imwe neimwe yemukati munekudyidzana kwezvinyorwa. Cherechedza kuratidzwa kunotevera kubva muChitsauko cheKutanga.

Shoko remundima (2:12) rinogara mumasimba remuvaapostora (1:1). Kungwarira zvokwadi mukunamata Mwari ndiyo hwaro yetariro (1:2). Shoko raMwari ndiro nzira iyo chokwadi chinoratidzwa kuvanhu (1:3). Kugadzwa kwevatariri kunobatsira Mukristu nesangano ‘mukuzvidzora, mukururama nomukunamata Mwari’ (1:4-9). Kuratidzwa ‘kwekusazvidzora, kusarurama, uye kusanamata Mwari’ umboo pamusoro pekusadzoreka vatauri vezvisina maturo nevanyengeri (1:10). Mhosvo dzemaJudha nekumbunyikidzwa kweEvangeri zvinoshora ‘Kuzvidzora, kururama nekunamata Mwari’ (1:15). Zvakare kuitwa kwemabasa akaipa huMwari (1:16).

Cheredza zvakare uone Chitsauko Chechipiri chinechekuita naTito 2:12. Dzidzi-

so dzamazvirokwazvo (dzezvokwadi) zvinokonzero ‘kuzvidzora, kururama kana huMwari’ (2:1). Varume vagwegura (2:2), vakadzi vakwegura (2:3), vakadzi vechidiki (2:4, 5) varume vechidiki (3:6-8), nevaranda (2:9-10) vakakurudzirwa kuve sepatani (muenzaniso) ‘vekuzvidzora, vekururama, nekuratidza huMwari.’ Vanhu vose vakabatsirwa muruponeso - dzimwe dzenzira dzacho ‘kuzvidzora, kururama, nehuMwari’ (2:11). Kupfeka nekupfekenura ZVINO ndiyo have kiya yetariro yekusingaperi (2:12-14). Masimba evaapostota ayo yambiro yaipihwa zvakafanana sekukomekedzwa nekutenderwa kunoitwa nhasi (2:15; 2 Timotio 2:2); hakuna chikonzero chekushora mutumwa - haasi mashoko ake haamaiti nesimba rake.

Chitsauko Chechitatu chinoenderera mberi mukuverenga nzira idzo Tito 2:12 inozadzisa muhupenyu hweMakristu vezvokwadi muhupenyu hweMakristu. Kuzviisa pasi pehurumende (3:1), unyoro (3:2) uye nekubvisa kana kusiya nzira dzekare (3:3) zvakakosha mukuzadzisa Tito 2:12. Nzira dzekare dzakaipa dzakafanirwa kubviswa pachiswa pachiswa nzira dzakanaka; chakaipa hachifanirwa kusara kana tichinge tabvisa nzira dzakare (3:4). Uyezve, Chitsauko Chechitatu chinoreva kuti munhu haangagone kuwaniswa rutsigiro rechinzvimbo naMwari, asi kuti kana achinge achiita chikamu chake, Mwari vanoita chikamu chaivo chikuru [nyasha] (3:5-8) uye kutsauka hakufanirwe kunge kuchivanikwa (3:9-1) zvachose.

Panguva dzakakodzera dzezvidzidzo zvanhasi zvizhinji munaTito, uye kana zvikaitwa muupenyu hwedu, zvinosvika mukubatsira nekusimudzira mararamiro eMakristu - uye mukuzadziwa kwaTito 2:12. Rangarira: (1) Kutevedza ‘kuzvidzora, kururama uye nehutsvena munaMwari’, zvakafanotaurwa pamusoro peHUTSVENE HWEMASIMBA AMWARI (1:1; 2:15). (2) MURAIRIDZO HWEUTSVENE HWAMWARI iyo Tito 2:12 anopa iShoko raMwari (chokwadi) kana kuti dzidziso yazvokwadi (1:1, 3, 9; 2:1). (3) Kukosha kweMukristu kunoonekwa neTARISIRO sekutaura kwaTito 2:12 (1:2; 2:11-13). (4) Tito 2:12 yakapera kubudikidza NEKUCHENGETEDZWA KWEMUTEMO MUTSVENE “mukutenda kwose” (1:3, 4) mukuenzanisa NEKUCHENGETWA KWEMITEMO YEVANHU (1:14) (5) Mukuita (Tito 2:12) mukufananidza mukuva “neruzivo mukutenda” (1:13; 2:2) (6) Pasina “kururarama my mukuzvidzora, mukururama nemuutsvene hwaMwari” chimiro cheMukristu chakavibiswa uye nebasa rake reChikristu rakave pasina (1:15-16).

(7) Vatariri, varume vakwegura, vakadzi vakwegura, varume vechidiki, vakadzi vechidiki, mushandi (varanda, vashandi - nevose, varipasi pecherumunhu zvake) vakapihwa murayiridzo munaTito umo umo vakafanirwa kuita Tito 2:12 (1:6-2:10).

(8) Kururama “mukuzvidzora, mukururama nemuutsvene hwaMwari munyika ino” zvinosanganisira kuva: kushaya chavanopomerwa, vasingaiye nhasi mukuzvikudza pasina kuti idzo kutsamwa, vasingabatwe nezvinodhakwa, vasingauraye, vasingakwezve

neruchiva rwekupfuma (vasingaite ruchiva) vanemudza, vanozvidzora, vakavimbika, vatsvene, vakasvinura, munhu anomira akasimba pashoko akatendeka, anemufungo vakanaka, anotaura dzidziso dzezvokwadi, anekutenda kwezvokwadi, anoyamura, anemoyo murefu, asingapomere vamwe nhema, vadzidzisi vazvinhu zvakanaka, anetsitsi, asingapomere vamwe nhema, mudzidzisi vezvinhu zvakanaka, anonzwira ngo-ni, vakangwara, vakachena, muenzaniso vezvinhu zvakanaka, usina huori, anorevesa, anekutaura kwakarurama, anokwanisa kuzviisa pasi, asingaite mhirizhonga, munyoro, akapfava, asina upenzi, kwete asingateereri, asinganyengere, asina ruchiva, asingafarire mafaro, asingararamu muutsinye, asingashuvire zvakaipa, asina ruvengo, vashandi vezvinhu zvakanaka, uye kwete pasina mufambiro vakanaka.

(9) Kana Makristu vakaita zvavanogona, vanosvika pakudonha mukururama kwaMwari asi vanoramba vachiuya pamberi paMwari. Zvisinei, nokuda kwetsitsi nenyasha dzaMwari vakaita musiyano - mumamiriro (2:11, 3:5-7). (10) Tsitsi nenyasha chimiro chemabasa akanaka (2:7, 1, 8,14). Kune kohomedzo munaTito pamusoro “pedzidziso dzezvokwadi” (1:9; 2:1) uye kuve neruzivo mukutenda” (1:13; 2:2).

Mukupapfungwa dzake mukomendari rake rakanzi Gospel Advocate Commentaries, David Lipscomb anoita muono uyu maererano naTito 2:12.

Kururama mukuzvidzora kubudikidza nemabasa munhu anoratidza. ... Kururama mukutenda kubudikidza nemabasa edu atinoita muhama mukururama. ... Kururama muutsvene kubudikidza nemabasa edu kunaMwari. Basa nemabasa atinemungava navo mukudyidzana uku nemukubatirana pamwe. Vanovimbana pachavo, apo vakasiyana uye achiita mabasa nevanhu vose.

Mukubvunza kubudikidza neZvinyorwa cheGiriki kumanzwi kasiyana siyana anovanikwa munaTito 2:12 zvakare inobatsira kupa mararamiro akafanira kuMakristu - kunze kwemafungiro, zvinorevei kuve Mukristu anoita zvaanotaura nekutaurirwa. “Mukuzvidzora” rakatorwa kubva kumanzwi maviri echiGiriki anoreva ‘kudzivirirwa’ uye ‘kuchenjererwa’, mukubva mukuzvidzora, “mukuzvidzora” zvakafanana nokushandura kufunga kusinakunaka kuvanemufungo vakanaka, wakasvinura, kuve neruzivo uye nechimiro chinoita kuti munhu akwanise kunzwisisa Kuda kwaKristu.

“Mukururama” rakashandurwa zvakare kuva ‘zvakarurama’ uye chimiro chekuve pachokwadi kana kuratidza kuitwa kwezvinhu zvakarurama. Muchirungu chekare inzwi ‘kururama’ raidudzira kuti ‘muzvinazivo’ zvichiratidza munhu akachenjera pazvinhu zvinotarisirawa kuve chokwadi. “Kunamata Mwari” zvinoreva sevatsvene, zvechitendero, kuzvipira uye nekuratidza rukudzo kunaMwari mukuita. Inzwi “kusanamataMwari” rinova rinopikisana nenzwi “Kunamata Mwari” (kupikiswa kwemunhu rinoratidza inzwi rechiGiriki ‘Kunamata Mwari’).

“Zvenyika” rinotaura pamusoro pekufarira zvinhu zvenyika - mukupikisa zvin-

hu zvekudenga. “Ruchiva” rakabva kuinzwi rechiGiriki rinoreva chido kana nhomba uye inzwi rinobata richishandiswa muzvido kana mukuchiva - mazhinji mukuita zvakaipa. Inzwi “kurairidza” inzwi rinokosha muchiGiriki, rinoreva kudzidzisa, kurayira, kurayiridza, kugadzirisa, kutuka, kuranga - kangave kakawanda uye pamuviri kana zvichibvira. Zvinoratidzika kunge umbirimi dzemurairidzo zvinemuyanzvi pamusoro pekugamuchira pemunhu ainge achidzidziswa, uye kana dziri nyaya dzemumhuri murango vekurohwa neshamhu.

“Kusatendera” zvakafanana nekurambana, kuramwa kana kurasa. “Zvino” zvinoreva kuti parizvino -pamakore ano. Inzwi rekuti “nyika” mundima iyi harisi ‘kosmos’, asi kuti nderimwe inzwi rinoreva makore kana nguva.

Mukupedzisira, munekutarisa kwose mukururama kwose kweMakritsu kubva kuna Tito 2:12, zvibodzwa izvi zviviri zvinobudiswa pachena: (1) Hazvina kukwana kuti titeerere Evangeri kana zvivi zveemunhu zvekutanga zvisina kuregererwa uye (2) Tarisiro yehupenyu usingagume inovanikwa kubudikidza nekuzadzisa Shoko raMwari muupenyu vemunhu mukubudisa kururama kwakakonzera kweMukritsu. Zvinosuvisa kuti Makristu mazhinji uye makereke vanosvika mukukundikana mukuita uku uye hazvifanirwe kuita sokudaro pasina kukanganisa tarisiro dzavo dzekundopedza hupenyu usinamagumo kudenga naMwari.

“Zviidzei imi mumene, muvone kana muri pakutenda; muzvinzverei imi mumene, Hamuzivi here imi mumene kuti Jesu Kristu uri mukati menyu? Kana zvimwe mava vakarashwa henyu” (2 Vakorinte 13:5).

Pindura Mibvunzo:

1. Kukosha kwakadii kwekuitwa kwemusimbotti vezvinyorwa muna Tito 2:12 mukurarama kweMukritsu uye muchimiro chesangano?
2. Nziyo dzatinoimba patinonamata dzinosimbisa zvakadii mukurarama kweMukritsu uye nemabasa? Tinonongoimba manzwi here kana kuti tinoisa pfungwa mukuzvininipisa mukuzvitsaurura nguva imwe neimwe yatinodziimba?
3. Munzira dzipi Tito 2:12 inoratidza kuve mongo veBhuku raTito?
4. Tsanangura upenzi vekushoora mutumwa vaMwari?
5. Chii chinoita kuti Mwari aite Nyasha netsitsi kumunhu?
6. Tito 2:12 yakabatanidzwa sei mubasa remunhu, kana nevamwe uye Mwari?

Tsanangura, musiyano uye ukosha pakati pekuregerera kwezvivi zvekare nekurarama kweMakritsu.

Chitsauko 21: Kubhabhatidzwa Kunova: Kusaswa, Kudirwa Kana Kunyika Here?

Kune Mhando dzerubhabhatidzo dzizhinji dzakatsanangura muTestamente Itsva. Kubhabhatidzwa kwaMozisi kwakave kwerubhabhatidzo rwekufananidzira muchiratidzo. Rwaive nechokuita neboka remaIsraeri mukuyambuka kwavo gungwa dzvuku (1 Vakorinte 10:2). Jesu Kritsu vakasangana nerubhabhatidzo rwekutambudzwa apo vairovererwa (Marko 10:38:39). Kutambudzika kwaive kwechokwadi, kunyangwehazvo rubhabhatidzo rwakave rwekufananidzira. Rubhabhatidzo rwaJesu murwizi rweJoridhani rwaive rwekufananidzira uye “kuzadzisa kururama kwose” (Mateo 3:13-17). Rubhabhatidzo rwemoto ndereramangwana uye rakachengeterwa vakasarurama vasingadi Mwari mukuguma kwenguva (Mateo 3:11). Unova mufananidzo vegehena. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwainge rwakavimbiswa bedzi kuvaapostora (Johane 14: 16; Mabasa 1:5; 1:26; -2:4). Rubhabhatidzo rwaJohane rwaive nzira yokufananidzira uye rwaigadzirira kuuya kweumambo vaIshe (Mabasa 19:3). Zvakare kune rubhabhatidzo rwekundoparidzira zvisikwa zvose, rinova rwefananidziro rwakasviktora chinzvimbwa chaJohane mushure mekuvambwa kweumambo kana kereke (Mateo 28:18-20; Marko 16:15:16).

Chidzidzo chechidzidzo cheBhaibheri chinoratidzwa muchinyorwa chino chinechokuita nerubhabhatidzo rwekundoparidzira zvisikwa zvose. Ndiro rubhabhatidzo rimwe runotaurwa muna VaEfeso 4:5. Apo muapostora Pauro anonyorera kukereke yaive muEfeso, rubhabhatidzo rumwechete bedzi (uye zvino) ndiro ririkushanda. Rubhabhatidzo iri nderwe kunyika mumvura (1 Petro 3:20-21). Zvakare rubhabhatidzo rwekutumwa rweKundoparidza Evangeri, nderwekukanganirwa zvivi (Mabasa 2:38; 22:16). Nokudaro, rubhabhatidzo urwu rwungaitwa zvekusaswa Mvura here, kudirwa here, kana kuti kunyudzwa kwemuviri? Zvinebasa here kuitwa kwekuita sekutaura kwerubhabhatidzo rwuri maringe nezvinyorwa?

Kuenda kuduramanzwi hazvigutse kana tichinge tichitsvaka chirevo chenzwi remuBhaibheri. Maturamanzwi anoratidza kushandiswa kwemanzwi akajairika. Saka, duramanzwi rinovedzeredza chirevo cheinzwi muchido chemunyori. Chirevo cheduramanzwi cherubhabhatidzo chinokwanisa kutsanangura rubhabhatidzo mukutendera kusaswa kwemvura, kudirwa kana kunyudzwa kwemuviri, zvakasiyana nezvinotsanangurwa nenzwi reBhaibheri munguva dzeTestamente Itsva. Manzwi aripazasi matautu itsanangudzo dzinobva muduramanzwi ra:

Webster’s New World Dictionary (Home Library Second Concise Edition)perubhabhatidzo, “1. itsika kana sakaramende yekubvuma inopikirwa mukubvuma kwemunhu kumupinda mukereke kuitwa Mukristu kubudikidza nekumunyudza mumvura kana

Kudirwa Mvura paari.” Mukudzikanaro, rinotsanangura zvakare kuti rubhabhatidzo runobva kuinzwi rechiGiriki rinoreva “kunyudza.”

Webster’s Seventh New Collegiate Dictionary rinoverenga, “1. Sakaramende yemuChikristu inomirira kuzvarwa patsva kwemweya uye nekubvuma kugashirika mumhuri yeMakristu kubudikidza netsika yekushandisa mvura.”

Webster’s Talking Dictionary kwemhemberero yekunyudzwa mvura kana kushandiswa kwemvura, setsika kana sakaramende yekereke yeMakristu.”

Tsananguro yekutanga uye yechitatu pamusoro penzwi rekuti rubhabhatidzo inzwi rimwe nerime rinoritaridza kureva kunyudza mumvura. Mutsananguro dzose dziri dzitatu, zvisinei, dzinopa kumwe kushandiswa kwemvura murubhabhatidzo. Nokudaro, Vine’s Expository Dictionary of New Testament Words rinotsanangura muZvinyorwa rubhabhatidzo kuve kunyudzwa mvura. Inzwi rechiGiriki kubva uko inzwi redu rekuti rubhabhatidzo rinobva painzwi rinonzi baptisma uye rinoreva, “... inosanganisira kuitwa urongwa vekunyudzwa mumvura, kuvharwa nemvura nekusimudzwa kubudiswa (kubva kubapto, mukunyura ...)”

Mamwe manzwi echiGiriki, vakasiyana chose kubva kubaptisma, anoshandiswa muTestamente Itsva yeGiriki mumanzwi “kudira” uye “kusasa.” Inzwi rechiGiriki rhantismos rinoreva “kusasa” uye harina kushandiswa muTestamente Itsva mukureva rubhabhatidzo. Manzwi akasiyana siyana echiGiriki (ballo, katacheo, ekcheo, ekchuno uye epicheo) akashandurwa se”kudira” muTestamente Itsva. Hapana kana rimwe pakati pavo akashandiswa kereva rubhabhatidzo muTestamente Itsva.

Inzwi rimwechete bedzi ndiro rakashandiswa muTestamente Itsva yeGiriki mukureva rubhabhatidzo. Inzwi iri nderekuti baptisma. Bhaibheri, nokudaro rinodzidzisa kuti rubhabhatidzo kunyudzwa mumvura. Mudzidziso dzedu nokuita kwedu kunofanirwa kuenderana neizvo Bhaibheri rinodzidzisa pazvose - kusanganisira rubhabhatidzo.

Zvakare mukutarisa muneduramanzwi reGiriki - neChirungu, ndima dzemuTestamente Itsva muchirungu unoona dzichiratidza chinova chokwadi, rubhabhatidzo remuBhaibheri kunyudzwa mumvura. Ndimba mbiri dzinotsanangura rubhabhatidzo kuve kuvigwa - chinova chiratidzo chekunyudzwa.

“Makavigwa pamwe chete naye pakubhabhatidzwa, pamakamutswa vo pamwe chete naye nokutenda kwenyu simba raMwari wakamumutsa kuvakafa” (Vakorose 2:12).

“Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa muna Kristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu; kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesu vo tifambe novupenyu bwutsa” (VaRoma 6:3-4).

Imwe ndima inoratidza rubhabhatidzo sekudyara - zvakare zvichitaridza kunyudza.

“Nokuti kana takava vamwe naye pakufanana naye mukuvigwa, parufu rwake, tichadaro vo pakumuka kwake” (VaRoma 6:5).

Kune dzimwendima dzinotsigira ndima idzi. Umboo hwadzo haushanduki shanduki mukutsigira kuti rubhabhatidzo rwemuzvinyorwa kunova kunyudzwa.

“NaJohane wakanga achibhabhatidza vo paAinoni, pedo neSarimi, nokuti kwaiva nemvura zhinji ipapo; vakavuya, vakabhabhatidzwa” (Johane 3:23).

Mvura zhinji inodikanwa mukunyudzwa mumvura, asi, mvura shoma inodikanwa mukudira kana kusasa.

“Akaraira kuti ngoro imire; vakaburukira vose mumvura, iye Firipo nomuranda; akamubhabhatidza. Zvino vakati vachibuda mumvura, ...” (Mabasa 8:38-39).

Varume vaviri ava vakaburukira mumvura uye ndokubuda kubva mumvura zvinotaridza kuti rubhabhatidzo kunyudzwa. Kungave kudirwa kana kusaswa hakudiwe mvura zhinji kana kuti munhu apinde mumvura. Zvakare mukunyudzwa munhu vanofanirwa kuenda kumvura, asi mukudirwa kana kusaswa mvura inounzwa kumubhabhatidzwi.

“Naiwo mufananidzo worubhabhatidzo, runokuponesai zvino, (rusingarevi kubviswa kwetsvina yenyama, asi kutsvaka hana yakanaka kunaMwari) nokumuka kwaJesu Kristu” (1 Petro 3:21).

Kunyangwe rubhabhatidzo rwuchionekwa sekushamba tsvina yekucheneswa kwemuviri, asi chinangwa ndechekuchenesa mukuisa hana yakanaka. Saka kunyudzwa kunogona kuonekwa mukukanganiswa sokugeza asi kusaswa kana kudirwa hakukwanise kuonekwa sekugeza. Nokudaro, 1 Petro 3:21 inotaura kunyudzwa kuve rubhabhatidzo.

Mukupedzisira, Rubhabhatidzo Rwukuru rwakarairwa kuzvisikwa zvose nder ekunyudzwa mumvura mukukanganirwa kwezvivi. Muverengi, vakabhabhatidzwa rubhabhatidzo rwekunywika mumvura here mukukanganirwa zvivi? Kana usina vakagadzirira here kugamuchira rubhabhatidzo rwezvokwadi zvino?

Pindura Mibvunzo:

1. Nyora rubhabhatidzo rinotaurwa neBhaibheri nekutsanangura kuti nderipi rwaifananidzirwa, uye nderipi rwaive chairo.
2. Nderipi rubhabhatidzo kana kubhabhatidza kunotarisirwa kushandiswa nhasi? Titaridze.
3. Tsanangura zvinosiirirwa nemaduramanzwi echirungu kana tichitsvaka tsanangudzo dzemanzwi emuBhaibheri. Kuita uku kwakaratidzei mukutaura maererano ekudanwa kuti mhando dzerubhabhatidzo?
4. Ndeapi mamwe manzwi echiGiriki ayo Mwari akasarudza kushandisa kutsanangura

mhando iyo yekunyudzwa murubhabhatidzo rweMakritsu?

5. Tsanangura kuti ruzivo rweTestamente Itsva rechiGiriki harina kukosha mukunzwisa basa rekuti Mwari akapamasimba kurubhabhatidzo rweMakritsu.

Chitsauko 22: Michinjikwa Mitatu

Jesu Kristu akaroverwa kunze kweguta reJerusarema paGorogotha kana kuti pagomo repaKauvhari (Mateo 27:33; Ruka 23:33). Vamwe varume vaviri vakandourayiva vo pamwe chete naJesu (Ruka 23:32). Vose vari vatatu vakarovererwa, mbavha dzakaiswa kumativi aIshe vedu (Ruka 23:33).

Imwe yembavha nemuchinjikwa vayo yaimirira murasiki nemuzvitutumadzi uye nekuratidza munhu asingatendeuki anemoyo vakaoma, mukukutu, akarasa unhu. Akaseka Jesu: “Kana uri Kristu tiponese nekuzviponesa.” Zvinoshamisa, kuti mbavha iyi yakaseka Kristu yaive ichifira mhoswa yayainge yakapara asi yainge ichitya kurwadziva nekutya rufu. Asi uyu Jesu ainge asina chakaipa chainge apara kunze kwekupomerwa yainge isiyake

Mbavha iyi yakasanganiswa naIshe pamuchinjiko asi mukurarama kwayo isati yaiswa mukusungwa yainge isingagadzirire kusangana naMwari kubudikidza nabasa ayaibata mukurarama kwayo. Asi chinoshamisa ndechekuti yaitarisira kuti ivaniswe ruponeso naKristu. Zvimwechete nemweya unotarisa kuzovaniswa hupenyu usingaperi kumagumo, asi nhasi vasina hanya pamusoro pamweya yavo. Nokudaro vanenge vasingadzirire mweya yavo kunogara hupenyu husingapere kudenga! Vazhinji mweya yavo inorarama kunze kwekururama muzvinhu zvakagadzirirwa nevanhu. Vanosvika kunyangwe mukupandukira hutungamiri hwevanhu vasingavhundike kana kunyara mukusatya mutongo. Vamwe vatadzi vanoti havadi kuenda kudenga, zvekuiti vanenge vasinganodi kudyidzana nekuzvibvisa kuva vanhu vaMwari paupenyu uno.

Zvimwechete nembavha iyi yekusatenda, tinevanhu vanemufungo vakadaro. Kana vaachinge vachitsvaka ruponeso, anorutsvaka mumutsvakiro vake, uye nekuda kuedza Kristi, sekuedza kwaakaitwa nembavha iyi - mukumuti aite zviratidzo zvezvishamiso. Tine Hama neshamwari dzinekuita sembavha iyi nhasi.

Mbavha yechipiri nemuchinjiko vayo yakaratidza kuzvininipisa kwekuve nemhoswa kana kuve mutadzi, uye nekuve nehunhu unotungamira mweya mukundoponeswa. Yakatenda Jesu kuve Kristu (Ruka 23:40-43) naMwari. Kunyangwe mbavha iyi yakaratidza kuve neruzivo rwekuparidzwa kwaitwa naIshe vedu. Zvakare yakaratidza Rutendo rwayo kuti Jesu aive Messiya naMuponesi. Nokudaro mbavha yakaratidza kuzvininipisa kuna Jesu (Luka 23:40). Yakazvika mukupa mweya vayo kumurume aive pamuchinjikwa vepakati.

Mbavha imwechete yechipiri iyi yakaratidza kusangove yaitenda bedzi, asi Yakasvika mukutendeuka zvakare. Yakabvuma zvivi zvayo mukuenzanisa nekusatadza kwaKristu (Ruka 23:40-41) uye nekukumbira ruponeso kuchitsiko chaMuponesi uyo nyika isinakuziva (Ruka 23:42). Kritsu animuregerera pasi pemutemo vechitendero chavairarama machiri - mukuvimba nemukufa, kuvigwa nekumuka kwaIshe vedu. Kunyangwe nhasi, varume nevakadzi vanokwanisa kuponeswa bedzi maringe nemurayiro nechitendero icho vanorarama machiri zvino, (rinova Evangeri) - mukuvimba nokufa, kuvigwa nekumuka kwaKristu. Zvisinei, kuregerera iriyo nyaya, mbavha yekusatendeuka ichiri yakamirira kutambuidzwa kwechivi chayo (muchiitiko ichi rinova - rufu).

Mbavha yekutendeuka zvakare yakabvuma kutadzakwayo ikatanga kutsigira Jesu mukushora kwaaitwa neimwe mbavha. Vateveri vaIshe nhasi vanoshooora kusarurama zvakare, (1 Petro 5:8-9; Jakobho 4:7). Zvakare tinofanirwa kurwira Evangeri (VaFiripi 1:17; Judha 3). Kuita kwake kwakaratidza kuti zvakakosha kumweya vakatadza kuti utendeuka kubva muzvivi uye mukutadza kwavaiita mukudyidzana nezvinhu zvakaipa. “Regai kuyanana namabasa erima asine zvibereko, asi zvirinani kuti muraire” (VaEfeso 5:11).

Muchinjiko vepakati unoonekwa mukuitwa kwekuratidzwa kwemusiyano. Mbavha yekusatendeuka yaiona munhu, anematadzo kufanana nayo uye asiri Muponesi asi somunyengeri. Asi mbavha yekutendeuka yaiona muchinjiko vepakati uine Mwanakomana vaMwari - Muponesi (Messiya).

Muchinjiko vepakati unova vakakosha zvikuru nokuti Jesu Kritsu akatambudzika zvakanyanya (pachinzvimbo chedu nokuda kwedu). Mbavha dzakaroverwa nokuda kwezvitadzo zvazvo, asi Jesu akafa nokuda kwezvitadzo zvisizvake asi zvevamwe (2 Vakorinte 5:21; 1 Petro 2:21-24; 3:18).

Uyo muchinjiko vepakati vaive muchinjiko vekuzadzisa chiporofita cheTestamende Yekare (Isaya 53:4-12). Ropa rakakosha, risina raringaenzaniswa mukuponesa mweya yavanhu (1 Petro 18-20; VaEfeso 1:17). (Ropa ratinobatanidzwa naro kana munhu achinge abhabhatidzwa murufu rwaKristu, VaRoma 6:3-5; Vakorose 2:12). Kudzikinurwa kwemuviri ndicho chinangwa icho Kristu akaburukira panyika kubva kudenga (Ruka 19:10; Mateo 1:21-23).

Chidimbu chemunhu cheruponeso (VaFiripi 2:12) chinonganisa kuve nekutenda (Johane 8:24; Marko 16:16), kutendeuka (Ruka 13:3), kupupura Kristu kuve Ishe (VaRoma 10:9-10), nekuteerera (VaHeberu 5:8-9; Ruka 6:46), izvo zvinoda rubhabhatidzo rwekunyudzwa mumvura (1 Petro 3:21). Pakerepo vakadaro vanosvika mukuvedzerwa mukereke (Mabasa 2:47).

Muchidimbu, mutadzi asina kutendeuka akarasika kusvikira atendeuka. Mutadzi vakatendeuka vanofanirwa kuteerera urongwa veEvangeri reruponeso - muinzwi rerudzikinuro iro ratinorarama matiri zvino. Nzira yeruponeso inotanga nemutauro ve-

kuti “Ndakatadza” (Nehemiah 1:6). Ropa raJesu Kristu rakave mudzikinuri vechivi icho Mwari akaponesa vanhu kubudikidza nenyasha (VaRoma 3:23-25).

“Nokuti vose vakatadza vakasavika pakubwinya kwaMwari. Vanongoruramiswa nenyasha dzake nokudzikinura kuri munaKristu Jesu. Iye wakagadzwa naMwari, kuti ave muyanano nokutenda muropa rake, kuti kururama kwake kuratidzwe, nokuti zvivi zvakaitwa kare zvakaregerwa, Mwari achivaitira moyo murefu.”

Pindura Mibvunzo:

1. Ipa vamwe vevanhu nhasi vanoratidza chimiro chimwechete chekurambira muzvivi sembavha yekusatenda pamuchinjikwa.
2. Tsanangura mhando yeruponeso yaitarisirwa nembavha yekusatenda yaitarisira. Ndiani nhasi unoda kuponeswa, mumufungo vakaita seuyu nhasi?
3. Makristu anokwanisa kuita here sembavha yekutendeuka pamuchinjiko?
4. Rudzikinuro rwedu rwakamirasei uye rwakaita here serwembavha yekutenda yakaponeswa?
5. Enzanisa kuregererwa kwezvivi nematambudziko ezvivi.
6. Mbavha yakakumbira ruregerero pamwe nekutenda yakaratidzei mukumira naKristu kunyangwe mukutambudzwa uye mumukana muduku?
7. Maonero anehekuita here nemaonero emunhu pamuchinjiko vepakati - naMuponesi pamusoro pavo?
8. Tsanangura zvaizoitika kumunhu dai painge pasina muchinjiko vepakati uyo Ishe vedu vakafa pauri.
9. Muchinjiko vaKristu unishandei kwatiri kana tichinje tatadza kushanda murudzikinuro rwedu?

Chitsauko 23: Ndiri Kufa!

Ndiri kufa! Asi handisi kushamisika. Ndinoziva hupenyu hwangu kuti mukupedzisira ndopauchasvika. Kuratidza kwekuzvarwa, upenyu uye kufa kwevanhu kwakandikomberedza, kunondidzidzisa kuti kufa kunovanikwa kuriko kuvanhu. Zvakare, Bhaibheri rinondidzidzisa chokwadi pamusoro perufu - uye mutongo.

“Munhu akazvarwa nomukadzi anamazuva mashoma, azere nokutambudzika. Anobuda seruva, ndokusvava; Anotizawo somumvuri, haagari” (Jobho 14:1-2).

“Vuye vanhu zvavakatemerwa kuti vafe kamwe chete, kutongeswa kugotevera” (VaHeberu 9:27).

Kwete, mukuziva kwandinoita, handizi anotambudzika nezvirwere zvinopfuura. Handina kubvira ndamborwara murwariro uyu vekufunga kuti ndave panjodzi yekufa.

Ndakanhunurwa muronda runouraya. Handina kubvira ndatambudzika nedambudzo randisina kutarisira kuti ringatadze kupora.

Zvisinei ndinokohomedzazve kuti Ndirikufa. Zvakare newe uchafawo zvakare. Zvinhu zvose zvinorararama zviri muurongwa hwekufa. Kubva panguva iyo vana vanozvarwa uye pavanotanga kukura, vaofamba hupenyu vakananga muchivavarirwa cherufu (mukuparidzira kana nguva isatiyakwana kana kuregera kushanda mukupedzisira kwemakore, Mapisarema 90:10).

Sezvo tichiramba kubvuma kusavanesimba kwedu, tinosvika mukurarama sekunge tisingazofe. Chiremba anokwanisa here kuti tasarirwa nemazuva matatu ekurarama bedzi, tinosvika mukuita zvinhu zvedu muungwari zvinhu izvo zvinova zvakanyanyo kukosha kwatiri. Kana tichinge tichine mazuva anodarika makumimafumbamwe mukurarama zvakare tinoita zvose zvatinogona mukugadzirira kufa.

Chokwadi ndechekuti tinokwanisa kurarama nguvarefu - kana kuti unokwanisa kufa usati vapedza ndima iyi. Sezvatinoziva tose kuti Jesu anokwanisa kudzoka kweawa rimwechete tisati tadya kudya kwedu kwemanheru.

“Nhai imi, munoti: Nhasi, kana mangwana tichaenda kuguta rokuti, tigogara ko gore, tichishambadzira, tifume imi musingazivi zvamangwana. Vupenyu bwenyu chinyiko? Nokuti muri mhute, inovonekwa nguva duku, ndokunyangarika” (Jakobho 4:13-14).

“Asi kana riri zuva iro nenguva iyo hakuna unozviziva, kunyangwe vatumwa vokudenga kunyangwe Mwanakomana asi Baba voga” (Mateo 4:26).

“Asi zuva raShe richavuya sembavha; vusiku naro dena richapfuvura nokutinhira kukuru, nezvedenga zvichaparadzwa zvichipiswa, nenyika namabasa ari mairi achapiswa” (2 Petro 3:10).

Vanhu vose vakafanirwa kushandisa, mukushandisa kwakanaka mazuva atasarirwa navo pakati pevapenyu panyika ino. Mushure merufu (Ruka 16:19-31) kana kuti Jesu vachinge adzoka zvakare, hakuna kumwe kugadzirira kwekusingaperi kungazoitwa. Mushure mekufa (kana kudzoka kwaIshe vedu) hatikwanise zvakare kutungamirira shamwari dzedu, vavakidzani, vatinoshanda navo kana mhuri dzedu kuenda kudenga (Ruka 16:27-31).

Ndiyo nguva ino yatinofanirwa kushandira ruponeso rwedu mukutya nekudedera (VaFiripi 2:12). Ndiyo nguva zvino yatikufanirwa kuenderera mberi mukushandira ruponeso rwedu (Zvakazarurwa 2:10). Ndiyo nguva zvino yatiri kufanirwa kuita basa rose rakanaka ratinetarisiro yekuriita.

“Zvose zvinowana ruoko rwako, kuti ruzviite, uzviite nesimba rako rose; nokuti hakune basa, kana zano, kana zivo, kana uchenjeri paSheori kwaunoenda” (Muparidzi 9:10).

“... kuti vave vanhu vakazvigadzira kubata mabasa ose akanaka” (Tito 3:2). Ndiyo nguva zvino yakafanira yekuti tinondoudza mweya yakarasika (vasiri Makristu

neMakritsu acho arikutadza) pamusoro peMuponesi akafa kuvaponesa kubva kuzvivi (Johane 11:51; VaRoma 5:6-10). Takafanirwa kuudza nyika zvino pamusoro peMuponesi akagadzirira denga kune vakaponeswa (Johane 14:1-3; 2 Petro 3:13). Ndiyo nguva zvino yatirikufanirwa kuudza mweya yakarasika pamusoro paJesu uyo uchaisa vanhu vasingatereri kumutongo usingagume vegehena (2 VaThesaronika 1:7-9; 2 Vakorinte 5:10-11; Zvakazarurwa 20:12-15).

Ndofunga kuti ndapinda muchikamu chinodzidzwa nemizera iri nechepakati. Asi, kuvana (sekumbodzidzisa kwandakambofunga). Ndakaona “vekare,” nevanhu vakwegura vakafanirwa kugadzirira kuve chimiro chekare. Kuzvinhu “Zvakare” izvi apo ndaive asi vechidiki. Nokudaro, ndinekuziva here kuti ndichapihwa hupenyu hwakareba here, ndarama makore akawanda kudarika ayo asara kumberikwangu kuti ndirame. Nokudaro, ndinepfungwa “dzekubhadhara nguva” (VaEfeso 5:16; Vakorose 4:5).

Hatikwanise kutenga ruponeso rwedu, asi kuti tinofanirwa kuve nechekuita chatinoita kuruponeso rwedu. Takafanirwa kugadzirira kusangana naMwari (Amosi 4:12). Tine basa rimwe rwekubatsira vamwe kuti vagadzirire kusangana naMwari (Marko 16:15-16; 2 Timotio 2:2). Muchidimbu chemabasa edu epanyika ndechekugadzirira, zvino muupenyu huno, kugadzirira magumo.

“Zvino shoko guru pazvose zvatanzwa, heri, Itya Mwari, uchengete mirairo yake; nokuti ndizvo zvakafanira vanhu vose. Nokuti Mwari achatonga basa rimwe nerimwe, pamwechete nezvose zvakananzika, kunyange zvakanaka, kunyange zvakaipa” (Muparidzi 12:13-14).

Pindura Mibvunzo:

1. Sezvinozoitika kana tichinge taramba kubvuma kuti rufu ruchazoitika kwatiri, tinorarama sei upenyu hwedu?
2. Zvinoda nguva yakadii kugadzira rwedo rwedu munzira yerufu mukuenda mukusingaperi?
3. Ndiani anokanganisika kana tichinge tisina kugadzira nhasi uno kwatinozopedzira upenyu usingaperi?
4. Chii chaurikuda kuzadzisa kuna Ishe pamazuva asara aungava navo ekurarama panyika?
5. Vakagadzirira here panguva ino kuenda kundogara naIshe nokusingaperi? Kana usina kugadzirira, urikufungei nezvazvo?

Chitsauko 24: Zvinhu Zvakaoma: Pamusoro paAmai naBaba?

Zuva rekutanga remwedzi vaKiubvumbi muna 1994 mudzimai aizvimhanyira

hake. Pakarepo, asingatarisire kana kufungidzira Shumba yemugomo yakawarukira kwaari. Mukukakaritsana Shumba iyi yakamurwisa kusvikira afa. Chinova chisuvisu nokuda kwemhuka yesango! Chiitiko chinosuvisa chaizvo chinorwadza kuupenyu vehama dzaakasiya!

Mukutarisa mudambudziko rechiitiko chinotyisa zvakadai, ndiani angafungidzira kuti nyakuuraiva uyu ungada here mwana kana murume vake kunge ari mumwe azotevera munzira iyi? Zvirokwazvo, hapana angada kuti zviitike saizvozvo, asi nzira munzira yakachengetedzeka. Zvirokwazvo, haangaendese mhuri yake pakaipa asi anosarudza nzira yakanaka. Mudzimai naamai vanotarisa nomoyo vose kuti mhuri yavo haisviki mukufamba kana kutambira kugomo reshumba iyi.

Bhaibheri rakanyora kunyora kwepfungwa dzenhaurirano idzi pakati pamweya yakafa.

“Mumwe mufumi wakanga aripo, waipfeka nguvo tsvuku nemicheka yakanaka, nokufarira zvakaisvonaka misi yose: Zvino mumwe murombo, wainzi Razaro, wakananga anamaronda mazhinji, akaiswa pasuvo rake, achida kuzvigutisa nezvaiwa patafura romufumi: kunyange nembwa dzaivuya dzichinanzwa maronda ake. Zvino murombo wakati afa, vatumwa vakamuisa pachifuva chaAbhurahamu: Mufumi akafa vo, akavigwa. Zvino ari muHadhesi, ari pakurwadziwa, akatarira kumusoro, akavona Abhurahamu ari kure, naRazaro, ari pachifuva chake. Akadanidzira, akati: Baba Abhurahamu, ndinzwirei ngoni; tumai Razaro, kuti anyike muromo womunwe wake mumvura, atonhodze rurimi rwangu, nokuti ndinorwadziwa nomurazvo uyu womoto. Abhurahamu akati: Mwana, funga kuti wakapiwa zvakanaka zvako pavupenyu bwako; naRazaro, saizvozvo wakapiwa zvakaipa; asi zvino iye unonyaradzwa pano, iwe unorwadziwa. Vuye pazvinhu izvi zvose, mukaha mukuru wakaiswa pakati pedu nemi: kuti vovuno vanoda kuenda mhiri kwamuri, vakoniwe, novo’ko varege kuyambukira kwatiri. Ipapo akati: Ndinokumbira kwamuri Baba, kuti mumutumire kumba kwababa vangu; nokuti ndina vanun’una vashanu; kuti andonatso-vapupurira, kuti varege kuvuya vo panzvimbobho ino yokurwadziwa. Abhurahamu akati: Mosesi navaporofita vanavo, ngavavanzwivo. Iye akati: Kwete, Baba Abhurahamu, asi kana mumwe akabva kuvakafa, akaenda kwavari, vangatendevuka. Akati kwaari: Kana vasinganzwi Mosesi navaporofita, havangatendiswi, kunyange mumwe akamuka kuvakafa” (Ruka 16:19-31).

Kutaura kwakajeka pazvinhu zvakaoma kuti tinofanirwa kufunga pamusoro pevadikana vedu vakafa. Kana amai vako kana baba vako, mukoma kana hanzwadzi yako, murume kana mukadzi vako kana vasina kugadzirira zvakanatsikwana magumo avo, unofunga here kuti vanoda kuti iwe nehamadzavo dziite chikanganiso chimwechete? Kana ukadzidza kubva kuBhaibheri kuti unozvigadzirira sei kuti usangane naMwari vako. Asi vadikanwa vako havana kukwanisa kuita sokudaro, kuti havana kurambwa

here pamwe nokuzvidzwa nokuda kwekusateerera chokwakuda.

Mwari Baba vakakosha muruponeso rwevanhu. Kubudikidza netsitsi dzake akachengetedza Makristu kubva kumutongo yaifanira kuvira mweya (Tito 3:5). Kubudikidza nenyasha dzaMwari akavedzera kuMakristu rudzikinuro rwainge rusina mweya vakakodzera (VaEfeso 2:8). Mukuita nyasha kuti tsitsi nenyasha dzitike, Mwari akatumira Jesu Kristu munyika (Johane 3:16) kuitira kuti akwevere mweya yavanhu Kwaari (Johane 14:6). Iyi ndiyo nzira mumwechete bedzi iyo vanhu vanotadza vanokwanisa kusimbisa hukama hwavo neusina chivi, Mwari Mutsvene (VaHeberu 4:16).

Jesu Kristu anebasa rakakosha muruponeso rwemunhu. Jesu akazvipira kuuya panyika kuzoita kuda kwaBaba (Johane 6:38). Akave chibayiro chakarurama kuzvitadzo zvemweya yavanhu (VaHeberu 9:26). Ropa raJesu rinobvisa zvivi (VaEfeso 1:7).

Mweya Mutsvene unebasa rakakosha muruponeso rwemweya yevanhu. Mweya Mutsvene vakatumira mushoko kubva kuna Baba kuunza kuvanhu (2 Petro 1:20-21). Mweya Mutsvene umwari unobata parubhabhatidzo (1 Vakorinte 12:13).

Munhu zvakare anebasa rakakosha muruponeso rwake (VaFiripi 2:12). Vakafanirwa kunzwa Shoko raMwari rinova Bhaibheri umo kutenda kunokudzwa (VaRoma 10:17). Mwari anoda isu kuti tisvike mukuratidza pamberi nevanhu kuti Jesu ndiJesu Kristu (VaRoma 10:9-10). Vanhu musi vePendakositi vakaudzwa nemuapostora Petro kuti vatendeuke nekubhabhatidzwa kuti vakanganirwe zvivi zvavo (mabasa 2:38).

Nokudaro ropa raJesu runoshanda kumweya vemunhu vose unenge vabhabhatidzwa murufu rwaKristu (VaRoma 6:3-5). Makristu vatadzi vanopihwa ropa rekuchenesa raKristu kubudikidza nekutendeuka neminyengetero (Mabasa 8:22, 24; 1 Johane 1:7). Tevera nzira dzakafambwa naJesu inovanzira yekuenda nayo kudenga. Ndizvo chaizvo vabereki vako kana hama dzako dzakafambwa dzakatungamira dzinoda kuti uite.

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura maitiro evanhu vanoda vana, mhuri dzavo kana vachinge vafunga matambudziko mukuru vakaita kuti apatsanurwe.
2. Ndiipi mhando yemhuri yaishuvirwa nemupfumi muna Ruka 16 kuti isazoteedzera tsoka dzake?
3. Kana chitendero chaamai nababa vako kana chainge chisina kutendeuka chakata-dza kuvapinza muparadiso chikavaisa kune rumwe rutivi rwemusovo verufu, unofunga here kuti Amai nababa vako vanvade kuti unyure (nekurorana) mukuipa. ‘Ndipeivo zvakandinakira,’ chakapindwa nababa naamai vangu, chingava chakandinakira inivo here?”
4. Tsanangura mabasa akakosha muukuru hwaMwari uye murudzikinuro rwemunhu.
5. Tsanangura zvinhu zviviri zvinoshanda ropa raJesu kumweya vemunhu.

Chitsauko 25: Kubatana Kwevanhu VaMwari

Kuti vanhu vaMwari vanovana sei kubatana mumibvunzo uuu cunzu unobvunzwa zvakananyanya mukusiyana nemukusavirirana mhinduro dzichipihwa dzakasiyana. Asi, sarudzo, nehurukuro dzisinei nezvinyorwa mukugadzirisa kubatana dzirikutoreredzwa kakawanda kunyangwe nenhengo dzekereke yaIshe. Zvakare, kwete mumakore guminepfumbamwe emazana uye makumimaviri emazana, asi nemumakire ekutanga ezana, kereke yaIshe dzimwedzenguva inosangana nematambudziko pamusoro pekubatana.

Matambudziko ekubatana, anoenderana muchidimbu chekukundikana mukuita kwekunyangera nekutadza kutsanangura chirevo semanyorerwe achakaitwa muBhaibheri. Inzwi rekuti “kubatana” haritengeswe muzvitoro; harivanikwe richihodheswa kwete. Zvakare, “kubatana” hakuna kuita sechinangwa sezvo ari magumisiro echinhu. “Muzvinyorwa kubatana” magumisiro ekuvaka nekuumbiridza hukama naMwari pamwechete nekudyidzaba neavo varimukudyidzana naMwari. Kudyidzana uku, pamwe nekubatana, kunovepo nokuda kwekuumbiridza upenyu hwedu neShoko raMwari bedzi.

Inzwi rechirungu rinoreva “kubatana” rinoratidzwa matatu muKing James Version (Mapisarema 133:1; VaEfeso 4:3,13). Inzwi rechiGiriki rinoreva kubatana (henostas) rinobudiswa bedzi munavaEfeso uye rinoreva: humwe, kubatana, kutenderana, chibvumirano, chikwata. Mavambo enzwi “kubatana” rinouya mukushandiswa naJesu muna Mateo 19:5-6 maererano nekuroorana, kudzidzisa humwe kumurume nemukadzi vakakuroorana.

“Kubatananidzwa kweMweya” (VaEfeso 4:3) inotaura zviripachena kusanganisira vanomwe “avo” vanotevera munaVaEfeso 4:4-6, uye vakatanga kuzadziiswa nekuitwa kwezvishamiso vabati vebasa uye kutsigira zviratidzo (VaEfeso 4:11; 1 Vakorinte 13:8-13). Mukupedzisira, uye zvino zvinozadziiswa kubudikidza nekuratidzwa kwekudyarwa, nekuchengetedzwa kweShoko raMwari (VaEfeso 4:13; 1 Vakorinte 13:8-13; Jakobho 1:25; 2 Timotio 3:16:17). “Kubatana kweMweya” uye “kubatana pakutenda” zvinopa kukwaniswa kwevatsvene, basa reushumiri, pakusimbiswa kwekereke, uye nekuchengetedzwa kwekereke kubva kudzidziso dzenhema (VaEfeso 4:12, 14). Mumazuva edu, “kubatana kwepamweya” kunozadziiswa mukubva “mukubatana kwekutenda,” rinova Shoko raMwari. Bhaibheri rakabata mukubatana kwezvinyorwa nekudyidzana.

Kubatana pakati pehama chinhu chaitarisirwa munguva yeTestamente Yekare zvakare (Mapisarema 133:1; Zvirevo 6:16-19). Mukuenderera mberi kubatana kwakaporofitwa mukereke mukuuya kwake: “Chinzwa inzwi renharirire dzako! Dzinodana namanzwi, dzinoimba pamwechete nokuti dzichaonana zviso zvakatarisana, kana Jehovha achidzokera Ziyoni” (Isaya 52:8).

Jesu akanyengeterera kubatana kwemweya nekubatana pakati pevateveri vake (Johane 17:20-21). Zvakare, kereke yekutanga yairaira nguva nenguva kuti vave nemufungo mumwe maererano (VaRoma 12:16; 2 Vakorinte 13:11; VaFiripi 1:27; 2:2; 4:2; 1 Petro 3:8). Sekuve nemufungo mumwechete zvinoita kuti vanhu vaMwari vavaniswe "...mufungo mumwechete nekutaura mumwechete mukukudza Mwari (VaRoma 15:5-6). Kubatana uku kunodzivirira kupesana kuvana vaMwari, zvakare. "Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raShe wedu, Jesu Kristu, kuti imi mose mutaure chinhu chimwe, kuti pakati penyu kurege kuva nokupesana; asi kuti musonganiswe zvakanaka pamurangariro mumwe nokufunga kumwe (1 Vakorinte 1:10).

Kubatana kunofadza kune avo vari mukereke yaIshe, nokuti vose vana vaMwari vakaitwa vamwechete muna Kritisu, mumuviri vaKristu (VaRoma 12:5; 1 Vakorinte 10:17). "Nokuti somuviri uri mumwe, unemitezo mizhinji, nemitezo yose yomuviri, kunyange iri mizhinji, muviri ndomumwe chete; wakadaro vo Kristu" (1 Vakorinte 12:12). "Hakuchina muJudha kana muGiriki, hakuchina wakasungwa kana wakasunguka, hakuchina munhurume kana munhukadzi; nokuti imi mose muri vamwe munaKristu Jesu" (VaGaratia 3:28). Mukutaura paukama vemaJudha nemaGiriki munaKritisu, muapostora Pauro vakanyora pamusoro paIshe vedu, "Nokuti ndiye rugare rwedu, iye wakaita zvinhu zviviri kuti chive chinhu chimwe, akaputsa rusvingo rwapakati rwokuparadzanisa (VaEfeso 2:14).

Kereke yekutanga yayita nemoyo mumwe (Mabasa 1:14; 2:1; 5:12). "Zvino vazhinji vose vavaitenda vaiva nomoyo mumwe nomweya mumwe: kwakanga kusinomumwe waiti chimwe chaaiva nacho ndechake, asi zvinhu zvose vakati ndezvavose" (Mabasa 4:32). Dzose Testamente Itsva neYekare dzinotaura kubatana kuve "kubatanidzwa pamwe" (Vatongi 20:11; Vakorose 2:2). Makereke munguva dzino arikuda humwechete hwemoyo uye kubatanidzwa pamwechete semukutanga kwekereke mumakore enguva yekare.

Kereke yekutanga dzimweni dzenguva yaisangana nematambudziko mukuitwa kwekubatana. Panechimwe chiitiko kereke yekutanga yakanyeverwa kuti ibvise kupesana, (1 Vakorinte 1:10-13).

Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raShe wedu, Jesu Kristu, kuti imi mose mutaure chinhu chimwe, kuti pakati penyu kurege kuva nokupesana; asi kuti musonganiswe zvakanaka pamurangariro mumwe nokufunga kumwe. Nokuti ndakavudzwa pamusoro penyu, hama dzangu, navari vokwaKroe, kuti kunegakava pakati penyu. Zvandinoreva ndizvo, kuti mumwe nomumwe wenyu unoti: Ini ndiri waPauro, ini waAporo, ini waKefasi, ini waKristu. Ko Pauro wakaroverwa pamuchinjikwa nokuda kwenyu here? Ko makabhabhatidzwa muzita raPauro here? Munedzimwe nguva kereke yekutanga yakanyeverwa kuti isaita humwechete kana kubatana (1) nevadzidzisi venhema (VaRoma 16:17-18; 1 Johane 4:1), (2) vanhu vaneun-

zenza (1 Vakorinte 5:9) uye (3) vasiri Makristu, (2 Vakorinte 6:14-17). Kuwadzana nekubatana zvinofambidzana zvipachena nedzidziso (2 Johane 9-11).

Mumwe nomumwe, unotungamirira vamwe, asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu, haanaMwari; asi uyo, unorambira mukudzidzisa ndiye unaBaba noMwanakomana. Kana mumwe achivuya kwamuri, asingavuyi nokudzidzisa uku, musamugamuchira mumba, kana kuti kwaari, Kwaziwa: Nokuti unoti kwaari kwaziwai unofambidzana naye pamabasa ake akaipa.

Kukanganisa kubatana pakati pevanhu vaMwari mumakore ekutanga yaive mhosva yerufu. Deothrefasi akamira akasimba neZvinyorwa mumusatendera kuparwa kwemhosva iyi (3 Johane 9-10). Zvakare, zvikodzerwa zvevatariri kuvanhu vanokwanisa kuyanana kurwisana pakereke, nokukurumidza kana zvichinje zvichikodzera (Tito 1:9-11). Kubatana pakati pakereke yekutanga zvakare kwaisvika mukukanganiswa noku-da kwedzidziso dzenhema (VaGaratia 1:6-9; Judha 3; VaFiripi 1:17) uye nekushaikwa kweruzivo rweShoko raMwari (Hosea 4:6; VaHeberu 5:12-14; 2 Timotio 2:15; 1 Petro 2:2). Zvirokwazvo, chirwere ichi hachina kukanganisa kwakanyana mukereke yenguva ino sekukanganisa kwachakaita kuhamu dzedu dzekutanga.

Kereke yemumakore guminepfumbamwe yemazana nemakumimaviri emazana, nguva zhinji aisangana nematambudziko mukuzama mukuzama kubatana, zvakare. Chikamu chekupedzisira, kereke yaKristu yakapatsanurana neyakatanga kuzvidana kuti Kereke yeMakristu mukusavirirana pamusoro pemasimba eBhaibheri, ikaratidzwa kuitwa kwekuridza mukunamata nechikamu cheboka remamishinari. Rimwe rusununguko rwakatorwa nemasimba emuBhaibheri akavasvitsa: (1) mukudzidzisa dzidziso dzenhema, (2) kuvadzana kwakaputsika uye (3) kupesana pachinzvimbo chekubatana kwevanhu vaMwari.

Kereke zhinji dzaKristu mazuvano dzakuita zvakazvisunungukira munekumwe kutaura munekumwe kuita (somuenzaniso, Nyasha bedzi, kunamata kwemadzimai, kudzidzisa, kutungamirira munziyo, uye kuparidza pamburi pamberi nevarume, kurairidza kwemadzimadzimai, nhema pamusoro pekurambana nekuroranzve, kukanganisa masimba evatariri, kukanganisa mukushandurwa kweBhaibheri, mukubatanidza nekereke yeMakristu vemasekete, nezvimwevo).

Zvakare makereke aKristu nhasi vanotaridzika Chikristu chekuita nemiromo. Zvinova zvakasiyana munhorondo nemukereke yaIshe. Kutsuurana nekutsurwa pakereke hakisina kana kuitwa kwekuparidzira hakuchina. Kukanganisa neuyimbi hwenyika vakuvanikwa uzere mumakereke zvinosananisira (vatungamiri) mukereke. Zvinhu zvenyika zvavekuiswa mukereke nhasi. Kubatana kwekereke hakugadzirwe nemaminiti zvinotoda nguva. Zvakare kuzama kudya kuteedzera mabatiro anoita masekete hakuzi kubatana kwechokwadi mumeso aMwari.

Pamusoro pezvose, Mwari kuona kwaanoita nyaya iyi yose (muonero vekusingaperi) kwatichatongwa nako. Zvisinei, kuti nyika inozvitora sei nhasi, chokwadi ndechekuti dzidziso, kuwakidzana nekubatana zvinodyidzana uye hazvifanirwekupatsanurwa. Kubatana sekutaurwa kwakunoiwa munaMwari hakurarama panenge pasingararame masimba eBhaibheri.

“Kubatana kweBhaibheri” zvinounza kumira nekusimba kwekuwadzana naMwari uye nekudyidzana neavo vanodyidzana munaMwari. Kuwadzana uku kunongoreva kubatana, kunounzwa neShoko raMwari muupenyu hwedu. Shoko raMwari bedzi iro rinotipa ruzivo rwatinofanirwa kushandisa pachedu mukubatana, vanhu vamwe, nhengo zhinji mumuviri, dziine kufunga kumwe. Takaudzwa muZvinyorwa kuti umambo unopesana haumire, uye kuti hatikwanisa kufamba mumwechete kunze kwekunge tatenderana (Marko 3:24-25; Amos 3:3). Tinofanirwa kuvana nekuchimbidza uye nekugadzirisa nguavadzose, “kutenda kwakakosha” (2 Petro 1:1).

Pindura Mibvunzo:

1. Matambudziko anokanganisa kubatana kunotaurwa neZvinyorwa, anoenderana nenguva inoraramwa kana kuti matambudziko aya anogara nokusingaperi?
2. Tsanangura kuwirirana pakati pekuwadzana nekubatana kwezvinyorwa?
3. Tsanangura inzwi rekuti kubatana? Kubatana kunopinda papi paukama pamwechete nekuwadzana kwepamweya?
4. Zviratidzo zvakapihwa naMwari zvakakosha sei mukuchengetedzwa kwekubatana nekuwadzana?
5. Mukuita kwakadii kubatana mukuitwa kwevana vaMwari mukuitwa chinhu chimwe?
6. Ipa apo kubatana kweavo vakabatana muzvinyorwa vanovonekwa? Ko humwe vekubatana kwezvinyorwa zvose zvino sangano Zita here kana kusasanganizira? Tsanangura.
7. Nderipi mhando yekubatana uye nani uko kubatana kwakarambidzwa muBhaibheri?
8. Tikacherechedza kuti kubatana dzimwe nguva kwakaoma, kuvana nekunatsurudza, idambudziko rakakura sei kuvepo nekusavirirana pakati pevana vaMwari?
9. Tsanangura zvinoratidza kusabatana mukereke. Kupesana padzidziso Kune basa here?
10. Kusavirirana nekupesana pakati peMakritsu nemasangano zvinokanganisa sei kubatana kwekereke yaIshe?
11. Tsanangura kuipa kwechivi chenyika kupinda kwachikuita mukereke.
12. Kune here zvingaitwa mukugadzirisa njodzi yekusavirirana kwadai kugaramidzi mumiviri vaKristu? Kana zviripo, ndezvipi?

Chitsauko 26: Muzuva Rakaita Seiri

Izuva rakanaka zvikuru sei! Kubva mumaonero angu, kunze kwakashongedzwa nemiti yakasvibira muchimiro chakanaka, denga rakarurama rweruvara rwebhuruu kumusoro kudenga. Makore akaumbika zvakanaka pachena achiratidza kutenderana kudenga mukushamwaridzana achipa nyevero yekubwinya kwezuva kwaizotevera. Muunyororo kamhepo kaifefetera kaifadza munzvimbo iyi yose. Zvakare, mukuvedzera mukukoshesa zuva iri, mazuva aya ainge asina zvainyanyokachamadza. Kunyangwe mazuva epakarenda achiratidza kupfuura kwemwaka, nguva yechando yakapfuura yakadarika zvakasindimara, uye zvikuratidzika zvakare kuti chirimo chirikuuya nezvimwechete negodo. Apo mukupedzisira tichingoverengera takapinda muchando (upper Ohio River valley)

Zuva ranhasi, kunyangwe, zvose zvangove ndangariro. Mushure mezvo, Nyamavhuvhu arikutarisirwa kuve anopisa nekuvhuvhuta kwemhepo.

Zvisinei, kwechinguva, zuva ranhasi kana mamwe achatevera achave akakwana. Zvirokwazvo, kunyangwe zuva rakanaka rakaita seiri rinogona kubuda risina kuvimbisa zvakanaka kana tichinge tichiverenga zviitiko zveruvengo, izvo zvandainge ndisiri. Ndainge ndisina nzara, (asi makandigutsa zvakanaka). Ndaisatambudika. Ndisina kusuva kufunganya (kunyangwe hazvo tose riine nguva yekumbifunganya munedzimwe nguva). Ndine nzvimbo yekugara nembatya dzekupfeka. Mhuri yangu ineutano. Vose vekumhuri kwangu vanoita Chikristu . Ndinechinangwa muupenyu hwangu kusvika kumagumo. Ndaifara, chinova chain he chisiri chinhu chakaipa kubudikidza nemuono venyika.

Chaive chokwadi, kunyangwe asiri munhu vese akava nekushinga muzuva ire-ro. Somuenzaniso, ndakaona mudungwe vevanhu parufu rwandakadarika nepo. Nda-kanzwa tsaona dzinochisa nekunzwisa tsitsi. Vanhu vachirasikirwa noupenyu zvinova zvinhu zvisingafadze.

Vamwe zuva iroro vakapinda mabasa. Muneimwe nzvimbo, mudzimai anozvara mwana. Panguva imwechete iyoyo kumwekunhu vanhu varikuchata. Panguva imwechete iyoyo kumwekunhu mwana anopembererwa zuva rekuzvarwa.

Mazuva rakaita serinori, vanhu vanoita zvinhu izvo vanovanzoita nguvadzose. Muzuva rakaita serinori, Ishe vedu vachadzoka samuponesi uchadzoka sokuenda kwaakaita kuzotora vatsvene vake.(1 VaThesaronika 4:13-18). Uye kunevamwe uchauya semutongi unekutsamwa kuzotonga vasina kutenda nekusateerera (2 VaThesaronika 1:7-9). Kunyave kuchinaya, kutonhora kana kupisa Jesu uchauya vanhu vasingatarisire:

“ Asi kana riri zuva iro nenguva iyo hakuna unozviziva, kunyangwe vatumwa vokudenga kunyangwe Mwanakomana asi Baba voga. Sapamazuva aNoa ndizvo zvichaita

kuvuya kwoMwanakomana womunhu. Nokuti sepamazuva iwayo mvura zhinji isati yasvika, vaidya nokunwa, nokuwana, nokuwaniswa kusvikira zuva Noah raakapinda naro muareka. Vasingazivi kusvikira. Mvura zhinji ikavabvisa vose, ndozvichaita kuvuya kwoMwanakomana womunhu. Nenguva iyo; vaviri vachava mumunda mumwe uchatorwa mumwe akasiyiwa. Vakadzi vaviri vachakuya paguyo rimwe mumwe uchatorwa mumwe akasiyiwa. Asi zivai izvi kuti mwene weimba dai aiziva nguva yokusvika kwembavha ungadai airinda akasatendera kuti imba yake ipazwe. Naizvozvo nemivo garai makazvigadzirira nokuti Mwanakomana womunhu uchavuya nenguva yamusin-gamutariri. Ndianiko muranda wakatendeka, wakangwara, wakagadzwa nashe wake kuti ave mutariri weimba yake kuti avape zvokudya nenguva yakafanira? Wakaropa-fadzwa muranda uyo unoti kana She wake achisvika akamuwana achiita saizvozvo. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri uchamugadza ave mutariri wezvose zvaanazvo. Asi kana muranda uyo wakaipa akataura mumoyo make achiti Ishe wangu wanonoka kuvuya. Akatanga kurova vamwe varanda vanobata pamwe chete naye, akadya, akanwa pamwe chete navakabatwa. Ishe womuranda uyo uchasvika nezuva raasingamutariri nenguva yasingazivi. Akamurovesa kwazvo, akamupa mugove wake pamwe chete navanyengeri apo pachava nokuchema nokugeda-geda kwameno” (Mateo 24:36-51).

Kana Kuti muzuva rakaita sezvizvi, tinokwanisa kufema kekupedzisira, kana kuve kekupedzisira kuonekwa mumhuri yenyu nekumabasa enyu (Ruka 12:16-24).

“Nhai imi, munoti: Nhasi, kana mangwana tichaenda kuguta rokuti, tigogara ko gore, tichishambadzira, tifume imi musingazivi zvamangwana. Vupenyu bwenyu chin-yiko? Nokuti muri mhute, inovonekwa nguva duku, ndokunyangarika. Mungadai mu-chiti: Kana Ishe achida, tichararama tiite zvokuti nezvokuti. Asi zvino munozvirumbidza pakuzvikudza kwenyu; kuzvirumbidza kwose kwakadai kwakaipa” (Jakobho 4:13-16).

Mubvunzo mukuru, zvirokwazvo, ndevekusi: “Makagadzirira here?”

“Kana uchiyevudzira hama zvinhu izvi, uchava mushumiri wakanaka waKristu Jesu, wakarerwa namashoko okutenda needzidziso yakanaka, yawakatevera nomoyo wose. Asi urambe ngano dzisine hanya naMwari nedzechembere. Uzvirovedze kuna-mata Mwari. Nokuti kurovedza muviri kunobatsira zvisvishoma hako, asi kunamata Mwari kunobatsira pazvinhu zvose, zvakune chipikirwa chovupenyu bwazvino nobwunovuya” (1 Timotio 4:6-8).

Pindura Mibvunzo:

1. Tsanangura mamiriro ezvinhu muupenyu anokwanisa kukwanisa kuita zuva rakak-wana kuve risakakwaniswa.
2. Vanhu vachadii muzuva iro Jesu achadzoka? Takafanirwa kuita zvakadii mukugad-zirira kudzoka kwake kechipiri?

3. Kana kuti Ishe akanonoka kudzoka, kovanhu vanoitei, musi uyo unofa nhengo yesan-gano? Uchange uchiitei zuva iro uchafa? Kangani zvakafanopihwa chenjedzo pamuso-ro pekufa Kwako?

4. Ndezvipi zvinhu munhu unotarisa kunogara nokudingaperi achiita kudenga ndizvo here unoonekwa uchiita muhupenyu hwake vose Panyika? Pane here zvinhu zvaisati vazadzisa muupenyu hwako usati vafa kana kuti Ishe asati adzoka?

Hurongwa hwaMwari Verudzikinuro:

CHIKAMU CHAMWARI

Rudo (John 3:16)

Nyasha (Eph. 2:8)

Tsitsi (Titus 3:5)

Evangeri (Rom. 1:16)

CHIKAMU CHAKRITSU

Ropa raKristu (Rev. 1:5)

Murevereri VeduOur Mediator (1 Tim. 2:5)

CHIKAMU CHEMWEYA MUTSVENE

Zvakazarurwa (2 Pet. 1:20-21)

CHIKAMU CHEMUNHU

Rutendo RweBhaibheri (John 8:24)

Kutendeuka (Acts 17:30)

Rubhabhatidzo (1 Pet. 3:21)

Kuteerera (Heb. 5:8, 9)

Kuchena (Rev. 22:14)

Kutendeka (Rev. 2:10)

Rudo (1 John 2:10)

Tariro (Rom. 8:24)

Mabasa (Jam. 2:24)

Kutsungirira (Matt. 10:22)

Kupupura Kristi (Rom. 10:9-10)

Kuve Unozvarwa Patsva (John 3:3-5)

Siyai Zvakaipa (Jam. 1:21)

Kuparidza (1 Cor. 1:18, 21)

Kudana kuzita raIshe (Rom. 10:14)

Ruzivo RweZvinyorwa (2 Tim. 3:15)